# МАХ ДУГ

2
2021

*Нæ, нæ хæзна нæу не ‘взаг, хæзна ницы у æвзаджы цур. Хæзна – цыфæнды хæзна фестæд – йæ бон у, ахауа, фесæфа, æмæ, кæмæй ахæуд, уый йæ царды кой кæна, стæй та йæ бон у, æмæ ссара ахæм хæзна, чи зоны, хуыздæр хæзна дæр. Æвзагæн афтæтæ гæнæн нæй! Æвзаг куы фæцуда, мæнæ мах æвзаг куыд фæцудыдта, афтæ, уæд адæмæн йæ цæсты рухс мынæг кæны, хъусæй хорз нал фæхъусы, йе ‘взаг комы нал фæцарæхсы, йæ зæрдæйы хъустæ хорз æмæ æвзæр нал фембарынц, йæ уд тæхынхъом нал вæййы. Цыбыр ныхасæй, йе ‘взаг кæмæн фæцуды, уыцы адæм фæцудынц сæхæдæг дæр æмæ сæ фæндагыл раст цæуынхъом нал ваййынц.*

*Уæдæ æвзаг хæзна нæу, æвзаг йæ уд æмæ йæ цæст у адæмæн!*

***ХУЫГАТЫ Сергей***



***Тæгайы мæсыг. ГАССИТЫ Михал***



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2021

# МАХ ДУГ

2

2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2021

# НОМЫРЫ ИС:

**КАДГÆНÆНТÆ**

**ХОЗИТЫ ЯКОВ: 105 АЗЫ**

ХОЗИТЫ Яков. Цинæй æфсæст. *Æмдзæвгæтæ* .................................. 6

БАГАТЫ Лади. Йæ сонты бонты царды авдæнæй фæцух. *Мысинæгтæ* ........................................................................................ 11

ХУЫГАТЫ Мырзабег. Яковы фыд Ясонимæ фембæлд. *Уац* ........... 17

ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр. Терчы уылæнтæ. *Æмдзæвгæ* ................. 19

**МАМЫКЪАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 65 АЗЫ**

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег. Мæ рæзæнты хал. *Æмдзæвгæтæ* ............ 21

**ПРОЗÆ**

КЪОЗОНТЫ Махарбег. Ивгъуыды æнæрох бонтæ. *Мысинæгтæ* .... 29

БЫРНАЦТЫ Барон. Урс арты амæттаг. *Сатирикон радзырд* .......... 70

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ............................................................... 81

**АЛАНИЙЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**

УАРЗИАТЫ Вилен. Чырыстон тæваг ирон удварны. *Уац* ............. 104

**ПОЭЗИ**

ФИДАРАТЫ Руслан. Уыцы рухс. *Æмдзæвгæтæ* ............................. 124

РÆМОНТЫ Геор. Бæлвырд цы зонын, уый зæгъын, Хуыцауыстæн. *Æмдзæвгæтæ* ............................................................ 126

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**

ДЗГОЙТЫ Маринæ. Ацырухс æмæ мæлдзыг. *Аргъау* ................... 128

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**

ЗОЛОЙТЫ Аркади. Æфсæдтон барджыты поэзи ............................ 133

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**

КЦОЙТЫ Астемыр. Æфсымæрон ингæны лæппутæ ...................... 143

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**

Фидис ............................................................................................... 147

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. *Цыбыр уацмыстæ* ..................................... 150

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ..................................................... 159

## КАДГÆНÆНТÆ

# ХОЗИТЫ ЯКОВ: 105 АЗЫ



(1916-1938)

*ХОЗИТЫ Яков*

# ЦИНÆЙ ÆФСÆСТ

## АРÆНТЫЛ

Уæрæх Цæдисы арæнтæ
Æрбарухс кæны бон.
Фæтулы мæй йæ авдæнмæ,
Æрттивы Бонвæрнон.

Ыссæуы хур, мæ арæнтыл
Лыстæг хæссын мæ цæст.
Мæ къухы – топп, мæ астæуыл
Мæ хъатара – æлвæст.

Фыдыбæстæ, мæ гуырæн зæхх!
Дæуæн дæн æз нывонд.
Мæ ныфс – дæ цин, мæ саулох бæх,
Мæ карды ком, мæ зонд!

Уынын: хъæхъхъаг ызнæгты бал
Цæттæ кæны хæстмæ.
Цæттæ дæн æз! – æрбакæс-ма,
Мæ райгуырæн бæстæ!

Йæ маст фыдгулæн не ссыди,
Уый ног æндзары арт.
Дзæвгар рæстæг та не ’рцыди
Йæ бæрзæйыл нæ кард...

Ыссæуы хур, мæ арæнтыл
Лыстæг хæссын мæ цæст.
Мæ къухы – топп, мæ астæуыл
Мæ хъатара – æлвæст.

*1935 аз*

## МÆ ФЫНЫ ДÆР...

Æнайы чызг, цы боны уай,
Цы номæй дæм фыссын!
Ызнон та дæ, мæ хуры хай,
Мæнмæ æрхаста фын...

Æз бадтæн уаты иунæгæй.
Мæ хъуыдытæй мæ сæр
Уыд дзаг, – хъæлдзæг мæ фидæнæй.
Фæзындтæ мæм ды дæр.

Рæуæг, бæрæгбон дарæсты
Зæрдæрайгæ – дæ каст.
Дæ уындæй ме ’взонг къабæзтæм
Уæд цины хур æркаст...

(Лæппу, æрра кæм нæ вæййыс
Ды ахæмты уындæй!)
Ысдзырдтон дæм: цæмæн лæууыс?
Чызгай, æрбад-ма, цæй.

Æрбадтæ. Æз дæ хъарм къухмæ
Куыд февнæлдтон, мæ-гъа.
Дæ мидбылты мæм бахудтæ
Æмæ дзырдтай: – Æрра!

– Мæнау фæуай, о хъал чызгай, –
Дзырдтон дын æз, бæргæ, –
Кæд сау æрфгуыты бамбæхстай
Ды ме ’нхъæлцау зæрдæ.

Кæд уый æхсæвæй, бонæй дæр
Дæу фæмысы æрмæст,
Кæд сусæгæй, æргомæй дæр
Дæ цинæй у æфсæст.

# ÆМБИСÆХСÆВ

Рог дымгæ, бæлæсты уайсæст.
Уынгтæ – мидфынæй.
Мил, фæскъау бæмбæгау асæст.
Хъазгæ, худгæ мæй.

Арвы ирд гæбæзтæ култау,
Дидинæгæй – цагъд.
Хæхтæ – тинтычъийæ худтæ
Кауы михтыл сагъд.

Уым, дæлдæр сæ бынмæ, фæлмы –
Хъæды тар сыфтæр.
Гоби арф комы æфсæрмы.
Хъал доны уынæр.

Бæстыхæйттæ ам мæ разы –
Сохъхъыр кæфтау раст.
Иу, дыууæ, æртæ цырагъы –
Ацырдæм сæ каст.

Куыдз гуырысхойаг цæмæйдæр –
Иу ранæй кæмдæр.
Дугъон бæхау дард кæцæйдæр –
Машинæйы хъæр.

Рог дымгæ, бæлæсты уайсæст.
Уынгтæ – мидфынæй.
Мил, фæскъау бæмбæгау асæст.
Хъазгæ, худгæ мæй.

*1937 азы 30 май*

# ДЗУРАГ

Æмбал! Кæрон ыскæн дæ дзырдтæн,
Кæннод фæдисы хъæр кæнын:
Дæ докладмæ лæппуйæ 'рцыдтæн
Æмæ зæронд лæгæй цæуын.



**Хозиты Яков йе 'мбæлттимæ Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы. 1938 аз. Къам мыхуыргонд цæуы фыццаг хатт.**

# ХÆСНАГ

Иухатт дын сырдтæ ыскодтой хæснаг:
«Чи фендзæн хурыскаст махæй фыццаг?»

Се 'ппæт дæр загътой: «Æз фендзынæн раздæр!» –
Рувас дæр, тæрхъус дæр, бирæгъ дæр, арс дæр.

«Хорз, уæдæ!» – Сбадтысты хуры 'рдæм иу рæгъ
Рувас уа, тæрхъус уа, ноджы цъæх бирæгъ...

Бадынц. Ыскæсæнмæ иууыл – сæ каст.
Фæлæ дын, кæс, æмæ мæнæ нæ арс

Раздæхта йе 'ргом 'мæ фисынмæ сбадти,
Афтæмæй хæхты бæрзонддæрмæ касти.

Каст уæдæ, цы, æмæ иннæтæй алчи
Ууыл йæхинымæр худæгæй марди...

Цас рацыд, чи зоны, афтæ сæ бадтыл.
Уалынмæ хуры цæст сæмбæлди рагъыл.

Сæмбæлди, – хохæй нæма сзынд æппындæр.
Гъемæ ма иннæтæ бадынц гъеныр дæр.

Арс дын фæгæпп ласта: «Федтон фыццаг!» –
Йе 'мбæлттæм дзуры йæ хъæлæсыдзаг...

«Амбылдта!» – загътой æмхуызон сæ ныхас
Бирæгъ уа, тæрхъус уа, хинæйдзаг рувас...

Ууыл ма абон дæр аргъауы дзурæм:
«Арс дæр ма зоны йæ фæзынæн хурæн!..»

*1936 азы 13 июнь*

*БАГАТЫ Лади*

# ЙÆ СОНТЫ БОНТЫ ЦАРДЫ АВДÆНÆЙ ФÆЦУХ...

*Мысинæгтæ*

Хозиты Яковы æмдзæвгæтæ фыццаг хатт бакастæн ивгъуыд æнусы æртынæм азты дыккаг æмбисы райдианы газет «Рæстдзинад»-ы фæрстыл. Йæ рæстæджы уым тынг арæх мыхуыр кодтой нæ зындгонд поэтты уацмыстæ. Арæх-иу Хозийы-фырты ном фехъуыстон Калоты Зауырбеджы номыл ирон радиойæ дæр. Алыхуызон литературон бакастыты-иу чи архайдта, уыцы фысджытæ-иу Яковы поэтикон сфæлдыстад дæнцæгæн хастой райдайгæ автортæн. Лæгæй-лæгмæ та йæ фыццаг хатт федтон, 1936-æм азы Къостайыхъæуы астæуккаг скъолайы цы литературон фембæлд арæзт æрцыд, уым. Уыцы аз Хозийы-фырт каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институты литературон факультет. Йæхæдæг дæр Æрыдоны районæй кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ Фысджыты цæдис Хъазыбегты Хъазыбегимæ æрæрвыста мах скъоламæ, цæмæй сæ ног уацмыстимæ ахуырдзауты базонгæ кæной, уый тыххæй. Куыддæр скъолайы кæрты дуарæй æрбахызтысты, афтæ нæм фæсидтис нæ директор Саутæты Мурат. Æмæ сыл уайтагъддæр амбырд стæм, мидæмæ æнгомæй бахызтыстæм, нæ хъæр æмæ нæ цинæн кæрон нал уыдис, афтæмæй. Фембæлды уыдис тынг бирæ адæм.

Раздæр нын йе ‘мдзæвгæтæ бакасти Хъазыбегты Хъазыбег, уый фæстæ та нын балалайкæйы цагъдмæ азарыд йæхи ныхæстыл фыст зарæг «Зæринæ». Хистæр кæй уыд, уымæ гæсгæ йæхи дардта хъæлдзæгдæр æмæ уæндондæр йе ’мбал уазæгæй. Цæй фæдыл æрцыдысты, уый дæр бамбарын кодта йæхæдæг. Стæй йе ‘мдзæвгæтæ бакаст Хозиты Яков дæр. Фæстæдæр мыхуыры рацыдис институты литкъорды уæнгты чиныг «Ног талатæ».

Хъуыды ма кæнын, уыцы æмбырдгонд Яковы уацмыстæй кæй байгом ис, уый. Курдиатджын поэты ном иры дзыллæйыл парахат кодта бонгай нæ, фæлæ сахатгай. 1936-æм азы Хозийы-фыртыл 20 азы йеддæмæ нæ цыдис, фæлæ йын чиныгкæсджытæ йæ ном бæрнонæй æвæрдтой Нигер, Боциты Барон, Мамсыраты Дæбе,

Епхиты Тæтæри, Ардасенты Хадзыбатыр æмæ Хъамбердиаты Мысосты æмрæнхъ.

Уыцы аз ма мæ зæрдыл бадардтон иу хабар газет «Рæстдзинад»-ы æрмæджытæй. Пединститут каст чи фæцис, уыдон сæ рауагъды кадæн сарæзтой туристон балц æмæ схызтысты Хъазыбеджы хохы сæрмæ. Газеты уæрæх къамы цæхæртæ калдтой уæлахиздзауты рухс цæсгæмттæ. Уыдоны 'хсæн уыдис Яков дæр. Уыцы сæрдæй фæстæмæ Хозийы-фырты поэтикон хъæлæс хъуысын райдыдта уæлдай тыхджындæрæй. Йе сфæлдыстады æндæвдады фæрцы Ирыстоны хъæутæ æмæ горæтты бирæтæ фыссын райдыдтой æмдзæвгæтæ. Литературон къорд сарæзтæуыд мах скъолайы дæр. Йæ ном ын схуыдтам «Æвзонг талатæ». Разамынд ын лæвæрдта ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Гаджиты Маня (уый уыдис сомихаг чызг, фæлæ йын мадæлон æвзагау ссис ирон). Уыцы литкъорды уæнгтæй иу уыдис Калоты Хазби. Уый тынг бирæ уарзта Яковы æмдзæвгæтæ. Хуыдта йæ йæ ахуыргæнæг поэзийы.

1937-æм азы æз ахуыр кæнын райдыдтон педтехникумы. Æмæ мын уый фадат радта Яковимæ арæхдæр æмбæлынæн. Йæхæдæг дæр кæддæр ам ахуыр кодта æмæ нæм арæх хуыдта нæ фысджытæн сæ хуыздæрты. Поэты хъæппæрисæй-иу арæх кæрæдзиимæ фембæлдысты педтехникумы æмæ пединституты литературон къордты уæнгтæ. Махмæ йын сæрдариуæг кодта Мыртазты Барис, институты та – Хозиты Яков. Ме 'мкурсонтæй Фысджыты цæдисы уæнгтæ систы æртæйæ: Мыртазты Барис, Хацырты Сергей æмæ Тохты Иван. Не 'ппæты дæр тынг фæндыдис, цæмæй Яковимæ хæстæгдæр базонгæ уыдаиккам, уый. Фæлæ цасдæр рæстæджы уый нæ къухы не 'фтыдис: мах–техникумы ахуырдзаутæ, уый Наукон-иртасæн институты аспирант. Фæлæ нæ бæллиц сæххæст уалдзæджы. Уæд ахуырдзау фæсивæд æрæмбырд сты институты кæрты Хуытъинаты Цыппуйы тыххæй. Уый рæстæгмæ уыд ахст æмæ ныр суæгъд. Уыдис тынг фæлурс, мæрдтæйдзæуæгау. Ииуылдæр ыл æмбырдтæ кодтой, хъæбысты бын фæцис, алчидæр æй фарста йе 'нæниздзинадæй.

Хæстæгдæр æм чи лæууыд, уыцы лæппутæ æмæ чызджыты 'хсæн ауыдтон Яковы дæр. Дзæбæх мæм нæ хъуыст, рынчын поэтæн цытæ дзырдта, уый. Фæлæ иннæтау уый дæр уыд æнкъард, кæд ын ныфсытæ æвæрдта, уæддæр. Мах дæр цин кодтам Цыппуйыл, нæ бон куыд уыдис, афтæ йын дзырдтам зæрдæлæууæнтæ. Ахуырдзау фæсивæд

ын саразтой бæрæгбон. Æмæ дзы кæд мах хуымæтæг архайджытæ уыдыстæм, уæд Яков та - уыдис йæ «режиссер». Ийуылдæр æм нæ хъус дардтам, дæнцæгæн æй хастам, æфсымæрау, æй фæзмыдтам. Нæ зæрдæ нын тынг æлхæдта, Хозийы-фырт сфæлдыстады дæр æмæ царды дæр ныфсхаст æмæ уæндон кæй уыдис, уымæй. Хъыгагæн, æртынæм азты дæр уыдис, æрыгæтты размæ чи нæ уагъта, ахæм фысджытæ, фæлæ сæ «майы фаззон» мурмæ дæр нæ дардта. Къæрттæй цъула чи не 'ппæрста, уæндонæй фыста эпиграммæтæ, пародитæ, фельетонтæ. Уымæ гæсгæ махæн дæр уыдис нæ ныфс, нæ зæрдæдарæн, нæ хъахъхъæнæг.

Æддаг бакастæй Яков уыдис сабыруаг, искæмæ лæмбынæгæй хъусæг, удыскондæй хæларзæрдæ, фæлмæн æмæ уæздан. Стыр уынджы-иу куы сцæйцыд, уæд-иу ыл канд мах нæ, фæлæ æгас адæм дæр сæ цæст æрæвæрдтой. Йæ разæнгардхуыз никуы ивта: нæдæр дзургæйæ, нæдæр æмдзæвгæтæ кæсгæйæ, нæдæр мадзурайæ. Æдзухдæр æгæрон ныфс хъазыд йе уæнгты дæр æмæ йæ цæстæнгасы дæр. Арсен, Нигер, Дæбе стыр аргъ кодтой æхсарджын поэтæн, фæлæ йæм хæлæггæнджытæ дæр бирæ уыдис. Терчы ивылд æмæ знæт уылæнтыл йæ хъару бафæлварын дæр æй уыдонæй чидæр сразæнгард кодта.

Иннæ хатт та Хозиты Яковыл сæмбæлдтæн 1938 азы зымæджы мæйтæй иуы Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты агъуысты. Уырдæм хуынд уыдыстæм Дзанайты Иваны сфæлдыстадон изæрмæ. Хистæр кары фысджытæй дзы баййæфтам Коцойты Арсен, Хетæгкаты Дауыт, Боциты Барон, Дзанайты Сергей, Мамсыраты Дæбе, Епхиты Тæтæри, Ардасенты Хадзыбатыр æмæ Хъайтыхъты Георы. Литературон изæр амыдта æмæ дзы сæйраг доклад скодта, Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар Дæбе. Уымæй уæлдай ма дзы раныхас кодтой цалдæрæй, уыдон дæр стыр аргъ скодтой Нигеры сфæлдыстадæн. Иннæтæ дæр загътой сæ зæгъинæгтæ æмæ фæндиæгтæ. Уый фæстæ ныхасы бар райста Бигъуылайы-фырт æмæ сфæлдыстадон изæры уаг фехæлдта. Нигеры уацмысты æдзæлгъæд критикæйы бын фæкодта: «Цæй советон фыссæг у Иван! Бакæсут-ма йын йе 'мдзæвгæ «Хидыл»? Ам куыд фыссы, афтæмæй æрмæстдæр 1930 азы æрбахызт хидыл. Æмæ йын цы хуызы схонæн ис советон фыссæг?!».

Йе 'нæсæрфат ныхæстæм Яков æгасæй дæр рафыхт. Фыццаг хатт æй федтон ахæм мæстджынæй. Йæ дæндæгты къæс-къæс цыдис, афтæмæй бадт мæ фарсмæ. Нигеры афтæ тынг уарзта, æмæ йыл къæм абадын дæр нæ уагъта. Фæлæ æрмæст Хозийы-фырт нæ уыдис ахæм уавæры.



**Хозиты Яковы табæты уæлæхъус лæууынц галиуырдыгæй рахизырдæм: Плиты Грис, Бесаты Тазе, Нигер, Арсен, Тæтæри, Тотырбег, иннæтæ бæрæг не сты. Къам мыхуыргонд цæуы фыццаг хатт.**

Ахуырдзау фæсивæд иууылдæр Дзанайты Иванил æнувыд уыдысты, тынг бæрзонд аргъ ын кодтой. Уыцы дзæгъæлдзыхмæ Нигер йæхæдæг дæр рамæсты. Литературон изæр амонæгæй ныхасы бар дæр нал ракуырдта, афтæмæй ралæгæрста размæ æмæ ма дæ хъæуы æмæ нал: «Ды, – карзæй загъта мæстджын поэт,– мæн адæмы знаг схонынмæ хъавыс... Цæй знаг дæн æз... Кæд æмæ адæмы тыххæй мæ игæрæй æз сау зæхх иннæрдæм афæлдæхтон...»

Хуыздæр ма куыд загътаид, ахæм ныхасыуаг агуырдта Иван. Фæлæ уайтагъд йе ’муд æрцыд, æмæ йæ хахуыргæнæджы дзæбуг æмæ хъæсдарæджы ‘хсæнмæ батардта. Уый йæ уавæр куы бамбæрста, уæд трибунæйы разæй æрбатар. Литературон изæры бæрæгбоны уаг хæлд æрцыдис. Зал æмырхъус ныццис. Раст зæгъгæйæ, мах, фæсивæд дæр, фæкуыддæр стæм. Уымæн, æмæ хорз æмбæрстам, ахæм хахуыргæнджытæ ирон литературæйæн цы стыр зиантæ хастой, уый. Адæм цæстæнгасæй кæрæдзи цæсгæмттæ агуырдтой, рохсты уацары бахаудтой... Дарддæр сын сæхи куыд даргæ у, ууыл сагъæс кодтой.

Уыцы уавæрæй сæ фервæзын кодта Дæбе. Сабыр, фæлæ фидар ныхасы уагæй æмбырды ногæй раздæхта йæ раздæры уавæрмæ: «Нæ! Нигеры знæгты фæндиаг мах нæ бауадздзыстæм. Уымæн æмæ уый адæмы хъæбул у!» Абоны хуызæн ын бахъуыды кодтон йæ ныхæстæ. Уыдон уыдысты фæлмæн, фæлæ уыцы иу рæстæг ныфсдæттæг. Не 'ппæт дæр нæхимæ æрцыдыстæм. Æрсабыр Яков дæр. Æмæ йæ æнæнхъæлæджы афарстон:

– Чи уыд, чи, уыцы критик та?

– Чифæнды уæд! Уый ничи у! – загъта уый.

Литературон изæр фæцис Нигеры уацмыстæ кæсынæй. Яков дæр æнæ чиныгмæ кæсгæйæ бакаст æмдзæвгæ *«Хидыл»*:

*Хæхбæстæ. Сау мигътæ згъорынц гуылфгæнгæ.*
*Сурынц кæрæдзи, кæрæдзи ыссæндынц.*
*Иу уылæн иннæйы тигъыл ныццæвы,*
*Коммæ йæ фехсы, бæрзонд æй нылвасы.*
*Дымгæ сыл бафтыд, сæ царм сын рæдувы.*
*Тоны сæ фаркгай, фæйнæрдæм сæ тауы.*
*Зилынц мæ сæрты, мæ рæзты æртыхсынц.*
*Дымгæ йæ цæвыны скодта мæ размæ.*
*Цæстытæ сæрды, сулæфæн нал ис.*
*Тагъдгомау рауадтæн; уайын, ызгъорын:*
*Ахæм фыддуджы ма 'ндæр мæт кæй вæййы?!*
*Лидзын... Æрбафтыдтæн иу бæрзонд рындзмæ.*
*Иукъах хид рындзæй у иннæмæ арæзт.*
*Акатай кодтон, фæлæ йыл фæраст дæн.*
*Диссаг уæм ма кæсæд ме 'васт ми, диссаг!*
*Федтон, уым, хохы, æз ахæм æмбисонд:*
*Дагъы йæ сыкъатæй хъазыд йæхицæн*
*Иу гал-дзæбидыр, æдасæй, æнæмæт.*
*Сæр-иу хæрз бæрзонд куы сивæзта хатгай,*
*Гуыр-иу æрбалвæста размæ фыр буцæн.*
*Й' аив сыкъатæ-иу батылдта арвмæ,*
*Хурмæ куы 'вдыста йæ хъару, йæ сурæт,*
*Хур æй рæвдыдта, 'мæ хуримæ хъазыд, -*
*Чи йын цы зоны, цытæ уыд йæ зæрды?!*
*Иннæ йæ фарсмæ лæууыди æнкъардæй...*
*Уалынмæ иу гæрах... Кæмттæ ныццарыдтой...*

*Ӕнкъардхуыз дзæбидыр мидбынат атылд:*
*Ерæдзыпп бакодта хорзæй йæ кæнон.*
*Иннæ дзæбидыр, йæ сытимæ хъазæг,*
*Ратахти уырдыгæй, рындзыл фæлæууыд;*
*Уыцы иу зыввытт нылласта йæхицæн.*
*Комы ныххæррæгъ... Цу 'ма йæ бафæрс!..*

Мæ зæрдыл ма хорз лæууы Яковы ныхасыуаг: ныфсджын, уæндон æмæ уырнинаг... Поэтæн, цыма раст йæхи фыст æмдзæвгæ каст, уыйау азæлыд йæ хъæлæс. Тынг æй фæндыди, цæмæй йæ уарзон авторы зæрдæйыуаг фæрогдæр кæна, уый. Ӕмдзæвгæ каст куы фæцис, уæд зал тыхджын къухæмдзæгъды анығъуылдис. Ӕвæдза, йæхи хуызæн та æмдзæвгæтæ афтæ дæсны чи касти!

Иван тынг лæмбынæгæй фæхъуыста дзурæгмæ, стæй Хозийы-фырт æмбырды уæвджытæн йæ сæрæй куы акуывта, уæд йæ цæсгомыл разыйы мидбылхудт ахъазыд. Бæрæг уыд, йæ масты дзæкъул зынгæ кæй фæкъаддæр, уый. Ӕз сæ дыууæмæ дæр лæмбынæг фæхъуыстон, æмæ мæ зæрдæ куы иуырдæм къул кодта, куы –иннæрдæм. Адæм сæ бынæттæй куы сыстадысты, уæд Яков Нигермæ йæхи æввахс байста æмæ йын сабыр ныхасыуагæй цыдæртæ дзурын райдыдта. Тынг мæ фæндыд сæ ныхасмæ байхъусын, фæлæ сæм хæстæг цæуын чи уæндыд! Мæ бынаты лæугæйæ баззадтæн æмæ сæм дæрддзæфæй мæ цæстæнгас дардтон. Ныхас куы фесты, уæд Дзанайы-фырты цæсгом мæнырдæм разылд. Фæндараст зæгъыны размæ Яковы уæхскыл йæ рахиз арм æрæвæрдта æмæ йæ иуцасдæр рæстæг нæ айста. Иваны цæсгом та ногæй рухсхæссæг тынтæ уадзын райдыдта, мæнмæ та афтæ фæкаст, цыма нæ цытджын поэт уый зæгъынмæ хъавыд: «Дзæгъæлдзых дæлдзæхх фæуæд! Мæнæ мæ разы лæууы, мæ хъуыддаг мын дарддæр чи ахæццæ кæндзæн, уыцы поэттæй иу!»

Уыцы бонæй фæстæмæ Яковы йæ мæлæты онг никуыуал федтон, фæлæ-иу Нигерыл искуы куы амбæлдтæн, уæд-иу мæ зæрдыл æнæмæнгæй æрлæууыд йæ фæстаг фембæлд æрыгон поэтимæ.

*Дзæуджыхъæу, 2006 азы*
*æртхъирæны мæйы 15 бон*

*ХУЫГАТЫ Мырзабег*

# ЯКОВЫ ФЫД ЯСОНИМÆ ФЕМБÆЛД

*Уац*

Æз 1956-1966 азты куыстон Тарскæйы астæуккаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Иу хъарм бон дын фæскуыст цыдтæн горæты ‘рдæм. Мæ фæндаг уыд Ногирмæ. Октябрыхъæуы уæллаг кæронмæ куы ‘рхæццæ дæн, уæд фæндаджы был лæууыдысты иу ацæргæ лæг, къаннæг лæппу йын йæ къухыл хæцыдис, афтæмæй. Лæг, лæппуйы къухыл хæцгæйæ, автобусмæ схызтис. Кæстæртæ æмæ сылгоймæгтæ фестадысты, зæронд лæгæн бынат дæтгæйæ.

Асæй нæ ног æмбæлццон уыдис бæрзонд æмæ бæзæрхыг, йæ сæрыл – бурхуыз нымæтхуд, тымбылдзæсгом, йæ рихитæ – бæзджын, йе уæнгты конд – фидар, нуарджын. Йæ астæу ын æрбалхъывта афицеры фæтæн рон.

Ацæргæ лæг чысыл æнæдзургæйæ абадтис, стæй фæйнæрдæм кæсæгау акодта, чи цы дзырдта, уымæ байхъуыста, стæй мæн бафарста, чи æмæ кæмæй дæн, зæгъгæ... Куы йын загътон, ахуыргæнæгæй кусын, уый, уæд мын æнкъард хъæлæсæй афтæ бакодта: «Уæдæ кæд ахуыргæнæг дæ, уæд мын мæ фырты хъуамæ зонай. Æз Хозиты Яковы фыд дæн...»

Мæнæ диссаг! Тæккæ æрдæбон дæр ма ницы зыдтон Яковы фыды тыххæй, æмæ æнæнхъæлæджы йемæ фембæлдтæн!.. Тынг бацин кодтон мæхинымæры æмæ, цалынмæ горæтмæ хæццæ кодта нæ автобус, уæдмæ мын йемæ ныхас бацайдагъ! Растдæр зæгъгæйæ, хорзæй цы хъуыды кодтон æмæ зыдтон йæ диссаджы курдиатджын хъæбулы тыххæй, уыдон ын фæдзырдтон. Йе ’мдзæвгæтæй дæр ын скъолайы ахуыры рæстæг мæ зæрдыл кæй бадардтон, уыдон радзырдтон.

Кæд уæдæй нырмæ дыууиссæдз азæй къаддæр нæ рацыдис, уæддæр мæ абоны онг нæ рох кæны, Яковы фыд Ясонимæ куыд фембæлдтæн æмæ цæуыл дзырдтам, уый. Йæ цæсгомыл ын федтон ахæм циндзинад, уæды онг царды кæй нæма бавзæрстон. Афтæ мæм кастис (æмæ кæсы абоны онг), цыма Яковы æмдзæвгæтæй, зарджытæй мæ зæрдыл цы бадардтон, уыдон мын йæ фыды цæсгом дзурæгау кодта. Мæнмæ гæсгæ,

Ясоны цæсгом æрттывта цин æмæ сæрыстырдзинадæй, æнæзонгæ адæймаг ын æнæнхъæлæджы йæ фыртæн ахæм аргъ кæй скодта, уымæй. Мæ мысинæгты ма мæ зæгъын фæнды нодж иу хъуыды: Яковы хуызæн сыгъдæг удтæн æнæмæнг сæ удты курдиат фефсады. Сæ ном сын сбæрзонд кæны сæ уд курдиаты фæрцы, сæ курдиат та – сæ удтæй, æмæ сын сæ фыстытæ чи фæкæсы, уыдонæн цыма афтæ фæдзурынц: «Кæд дæ мæн хуызæн суæвын фæнды, кæд дæ зæрдæмæ цæуынц мæ сагъæстæ, мæ хъуыдытæ, мæнæн царды зынаргъ чи у, уæд иумæ аныхас кæнæм».

Чи зоны, раст гъе уымæн цæуынц мæ зæрдæмæ номдзыд уырыссаг фыссæг, критик æмæ æхсæнадон архайæг Н.Г. Чернышевскийы хъуыдытæ æцæг поэт æмæ æцæг поэзийы тыххæй: «Сущность чистой поэзии именно в том, чтобы возбуждать читающих к соперничеству с автором, делать их самих авторами».

* * *

Дзæгъойты Резойы фырт Гаврил, бирæ азты дæргъы фæкуыста ахуыргæнæгæй Тарскæ æмæ Ногиры, ныртæккæ у пенсиисæг æмæ мын уый дæр ракодта иу хабар Яковы фыды тыххæй: «Фæндзайæм азты, пединституты студент ма куы уыдтæн, уæд нын сарæзтой литературон изæр Хозиты Яковы юбилейы фæдыл. Æмæ йæм нæ ахуыргæнджытæ æрбахуыдтой поэты фыд Ясоны дæр. Ныхасы бар ын куы радтой, уæд йæ мысинæгтæй мæ зæрдæмæ бахъардта ахæм ныхас: «Бинонтæ, дам-иу, иумæ фынджы фарсмæ хæрынмæ куы ‘рбадтысты, уæд-иу, æрхатыдис хистæртæм:

- Сымах ахæрут, хистæртæ стут, æз нырма æрыгон дæн æмæ мын уый фæстæ фадат, рæстæг уыдзæнис...»

*Ногир, 2002 азы Комдарæны мæйы 20 бон*

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

# ТЕРЧЫ УЫЛÆНТÆ

*Хозиты Яковæн*

Мигъты уацары згъоргæ-лидзгæ мæй,
Згъоргæ-лидзгæ мæй уайтагъд бахауди.
Зæрдæ домд риуы никæд ницæмæй,
Никæд ницæмæй, цастæн, баради.

Хъæлдзæг, хъазæн дзырд уды не 'ндавы,
Уды не 'ндавы масты ахæсты.
Афтæ раздæрау хур нæ не 'ртавы,
Хур нæ не 'ртавы уарын-асæсты.

Хъусты нал зæлынц мæргъты зарджытæ,
Мæргъты зарджытæ тæрфы уалдзыгон.
Дымгæ раскъæры судзгæ хъарджытæ,
Судзгæ хъарджытæ махыл алы бон.

Айнæг къæдзæхты дудгæ рис-катай,
Дудгæ рис-катай схъизы арвы 'рдæм.
Тугдзых бирæгътæ тонынц мисхалæй,
Тонынц мисхалгай Иры алырдæм.

Ничи 'рбалæудзæн, ничи феххуысмæ,
Ничи феххуысмæ сахъ цæдисонтæй.
Терчы уылæнтæ уайынц денджызмæ,
Уайынц денджызмæ тарст-фæдисонæй.

*2.03.93*

# МАМЫКЪАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 65 АЗЫ



(1956)

*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег*

# МÆ РÆЗÆНТЫ ХАЛ

* * *

Цард дын, мæ Иры зæхх, фестон,
Раттон дæ сæрыл мæ сæр!..
Де знон æрвайдæны федтон,
Фидæн æрбаци цыдæр...

Сабухта уды бындзарæй
Фурды уылæнтимæ арт, –
Ме 'нæрцæф фынтæм уæларвæй
Уацилла фехста йæ фат.

Ратахти уалæ уæлхохæй
Стъалы – мæ уды æртау!..
Стъалы нызгъæлæнтæ, оххай,
Уд дæр тæгæлтæ фæхауд.

Стъалыйæн нал ис æруидзæн,
Уды тæгæлтæн дæр – нал...
Нæй, дам, ахæрæтæй лидзæн,
Нæй йын ыссарæн мадзал...

## МЕ СКЪОЛА

Мæ удæн нæй дæ уаз хъæбысæй рафтæн,
Дæуимæ дæн æнгом уидæгтæй баст, –
О ме скъола – мæ сабидуджы авдæн,
Мæ рухс къæсæр, мæ ныфс æмæ мæ уарзт!

Æвзонг лæппу – бæрзонд фæндтæ нывæндаг,
Æнæрцæф зæрдæ – сонт бæллицтæй дзаг,
Дæуæй райдыдта стыр цардмæ мæ фæндаг,
Мæ рифтаджы – дæ рард хæзна – дæ уаг.

Ныр ме ‘взонг адард, урс хилтæ мыл разад,
Æвæрын ныр дæ къæсæрыл мæ рус, –
Дæ цары бын мæ рæзæнты хал баззад,
Мæ уды та – дæ фарн æмæ дæ рухс.

Æрцыдтæн дæм: æндæр къултæ, æндæр цар,
Фæлæ уæддæр фыццагау дæ рæсугъд.
Ды дæ фыццагау ме скъола, мæ хæдзар,
Дæ нывонд уæд мыггагмæ дæр мæ уд!

*2018.11.01*

## КА НÆМА РАЙГУРДÆЙ, УОЙ ТАУÆРÆХЪ

Нæ фæззиндтæн нурма
Уæ дуйнемæ, æвæдзи –
Нæма кæнуй къурма
Мæ цъæхахст хъæрæу æрдзи.

Нæма уинун галеу, –
Цæстигон ку нæма дæн...
Нæма дæттуй æ реу
Æ бæдолæн мæ мадæ.

Нæма ходун нурма
Уорс тæрхъосмæ мæ фуни. –
Кæдмæ уоздзæй, цума,
Мæн æна æ губуни?..

Хуцау бал ниффинсæд
Æ китаппи мæ карнæ, –
Æрæрветæд изæд...
Æрфæдзæхсæд Æ Фарнæ.

Æз – дзенети нурма,
Æнаййепп, æнæкарæ.
Ци мæ хезуй, цума,
Æндегæй – гъезæмарæ?

Æви ес цидæр дес,
Ци æрхæссон мæ сæрмæ –
Æнидуйгæ ес-бес –
УАРЗТ, ÆУУÆНКÆ, ÆФСÆРМÆ?!.

## МÆ ГЪУДИ

Нæбал ес нифси цъита ме схудти,
Æй ме сдзурд æнæбари сун-сун, –
Ниннигъулдæй æ хъозги мæ гъуди,
Нæбал комуй æндæмæ лæсун…

Иссердта кæдимайди æнцойнæ,
Дзенетау истахта кæд æ раз, –
Æсдæруй æхецæн царди сойнæ,
Ниуазуй æхе хæццæ уæрас.

Нидæн зарти æхе нинниуæрдуй,
Уацæ дуйней цæруй æнæ халхъ, –
А дуйнемæ ‘й кæсун нæбал фæндуй,
Ницъцъумур, дан, уодзæй мæ золахъ…

* * *

Бауоддæр æй мæ цард,
Æвæццæгæн,
Æрминæг æй мæ й‘арт,
Æвæццæгæн,
Ратаус æй м’ асхъод,

Æвæццæгæн,
Ниррæдуфстæй мæ уод,
Æвæццæгæн,
Исбайлæгъ æй мæ рист,
Æвæццæгæн,
Фæссатар æй мæ нифс,
Æвæццæгæн,
Ехх, нинцъохæ синон,
Æвæццæгæн,
Куд некебал уинон,
Æвæццæгæн...

*2019.15.04*

## МА ФÆККЕУÆ

Фæццурддæр уй рæстæг зæруæрдæмæ,
Догъи ледзун нийдайуй иттæг,
Ма фæттæрсæ уомæй, ма ‘й бадæмæ,
Куд куййæн, ба ин гæлдзæ æстæг.

Ба ин федæ е ‘хæстæ, гъæуæгтæ,
Ниллæмарæ, нистауæ дæ уод,
А дуйней кæд цæрис, кæд æцæг дæ, –
Ма фæуустæд дæ къумизунд асхъод.

Ма фæккеуæ, мæ хор, ма фæттæрсæ,
Дæ дæлтъæрæ ма ‘йдуйæд дæ сог, –
Сæдæ анзи фæххæссæ дæ хæрсæ,
Цæрæнбонти ма ‘йсусæд дæ тог.

Ма дин фæуустæд мæ дзурд зундамонæн,
Мæхемæ ‘й æздахун мæхуæдæг.
Хуцауæй ци корæн, ци агорæн? –
Фиццагидæр, – нæ уоди сугъдæг!

## НÆ ХÆЗНА

Ци фæцайтæ, ме ‘зинæ, ме ‘сон,
Кæми дæн мæхуæдæг, ци рауæни?
Фæццудтæн сæумæсарæй цауæни –
Рагон дзурдти дзиндзитæ ‘ссерон.

Ци берæ ‘нцæ æма ци кадавар,
Ци бæрзонд æнцæ ‘ма ци хъазар?
Æнæ уонæй – мæгур гъæздуг авар,
Уони хæццæ – гъæздуг ниллæг цар.

Мæ сæнттæбæл ходæнтæ и хъалтæ,
Нæ фæууодзæн уонæмæ æнхæл, –
Иссердтон мæхецæн налхъут-налтæ,
Нæ хæзнати-   хæзнамæ – дæгъæл.

*2020 анз, 2 мартъи*

## УÆРÆСЕЙ ФУДКОЙГÆНГУТÆН

*А. С. Пушкинæй*

Уæ дзæфхъу цæбæл æй, дзиллити мæлгъæвзæгтæ?
Фауетæ Уæрæсей, иссайтæ ин æзнæгтæ.
Ци ‘й уæ булгъахъ? Литвай хæлхъой æма фæдес?
Ниууагътæ: йе ‘й буцæу славянтæн сæ медастæу,
Æнсувæрти æхсæн – рагбуцæу, нивикарстау, –
Не ‘суодзæнæй уæ бон рартасун æ медес.

Рагæй фæуунцæ сæ медастæу
Еци æзнæмтæ фудæнхæл;
Æрхауиуонцæ бæрзæйсастæй,
Кенæ ба цæф æруаидæ махбæл.
Ка ниббæлсдзæй зæхъæр буцæутæн:
Хъал лях æви урусæй æдзæф уод?
Уруси форди ‘й сæ фæййеу славянти дæнттæн?
Оххай, ма байсусæд и форд!

Нæ ‘нцæ лæдæрд уин нæ бæлæхтæ –
Аци тогигъæнст тауæрæхътæ,
Бийнонти æнхæл – æверхъау. –
Нихъхъутти уагътæ нæ фæлтау.
Æнцæ гобелбаст Кремль, Прагæ;
Оххай, сайуй уæ æ фæдбæл
Хъазауат тонхи уæйрау нагæ –
Мах ба фестадан уин уæнгæл...

Цæмæн, зæгъайтæ, ци хабар æй?
Миййаг, цæфсгæ Мæскуй пурхæнтæбæл æмир
Ке не ‘рлæудтан къæйнæхæн æ дæлбарæ,
Ке тасæй сумаха байдæдтайтæ зир-зир?
Миййаг, сæрсæфæнмæ гумерий
Ке нисхустан – дуйнетæбæл ка бафтудта буларæ,
Нæ тогæй ке балхæдтан иттæг берæ
Европæн ном, федуд æма сæрбарæ?..

Цъухæй айтæ усхъæз – бавзаретæ гъуддагæй!
Æви зæронд тулпар, хуссæни æрæнцайгæй,
Не ‘сесдзæнæй бæрзонд измаилаг гебох?
Æви уруси паддзахæн æрлæмæгъ æй æ къох?
Европи хæццæ тугъд махæн æй нæуæг ести?
Кенæ ба уруссаг бафсастæй уæлахезтæй?
Æви ан армидзаг? Пермæй уæд Тавридæмæ,
Финляндий цъететæй æхседгæ Колхидæмæ,
Нинкъусгæ Кремли бæрзонд сестæй
Æнæнкъусгæ Китайи фæтæн сесмæ,
Тæмæнтæ калгæ æндон гъестæй,
Урус фæдесмæ куд нæ фестдзæй?
Гъема, цъухгинтæ, æнгъæлмæ кæсæн, –
Рарвететæ гъиггаг сирдти – уæ фуртти:
Ес син бунат Уæрæсейи будурти
Сæ уæларттæгти циртити æхсæн.

*1831*

# ИРЫСТОН

*Гуырдзыбегты Иринæйæ*

Иу хатт дæ, Фыдыбæстæ, лæвæрд,
Уираг дур æнæ хохæй – нæ намыс.
Зарыс ды нæ уды арфы кæд,
Хъисфæндырыл ризгæ мыртæ уафыс.

Ирд бæрзæндтæм уадыстæм æргом,
Ронгæй-иу нæ тыппыртæ ысуагътам.
Тохы бон-иу хъамайы цыргъ ком
Знаджы риуы фистонмæ ныссагътам.

Фынг лæууы æртæ къахыл æрмæст,
Фынгыл та – æртæ æртæдзыхоны...
Рагон зæхх, нæ дыл æххæссы цæст,
Мах дæу фарн рæсугъд фидæнмæ хоны.

Рагфыдæлты цыртытæ кæсынц
Фидæнмæ пехуымпартау æдзынæг.
Таурæгътæ æнусты рухс хæссынц,
Ссудзынц арвыл авднывон æрдынæг.

Баззадис æрдхæрæны æвзаг
Мах æмæ фæстагæттæн, тæхудйаг.
Ма фестæд уый сау рындзыл цæф саг,
Судзæд артау, макуы суæд æртхутæг.

Ма фесæфæд рухс фыдæлты ном
Дун-дунеты, космосон тыгъдады...
Намыс æмæ кады кувæндон
Абон махмæ хаты.

## ФÆНДАРАСТ

Фыды къона, фыдыуæзæг, фыдызæхх…
Йæ хорзæхæй дæ сбуц кæнæд Хуыцау!
О Арвы фарн, Ирыстонмæ æрыздæх
Æмæ йын сис йæ судзгæ хъыгты сау!..

Дæ базыры бын ног дуджы дзæбæхæй
Уый араст кæн Дæхи фæндиаг ныр,
Хæрзмæ йыл ауд, бахиз æй фыдæхæй, –
Йæ фæндаг ын ныррухс кæнæд Дæ Дзырд!

Дæхæдæг ын фæндараст зæгъ, Хуыцау, –
Цы нæ йæм хъуызой сон æмæ фыдрынтæ!..
Цы нæ бабын уой рагфыдæлты бынтæ:
Ирон æвзаг, æфсарм æмæ æгъдау

# ПРОЗÆ

*КЪОЗОНТЫ Махарбег*

# ИВГЪУЫДЫ ÆНÆРОХ БОНТÆ

*Мысинæгтæ*

*Бирæ азты ацы æрмæг æфснайд кæд уыд, уæддæр цыдæр æгъдауæй йæ фыццаг сыф фесæфт. Фæлæ йæ уæддæр афтæмæй дæр джиппы рауадзыны аккагыл банымадтам...*

Фæцис мангойлæгты ныббырст. Алантæй æгæрон бирæ фæцагътой, сæхицæй дæр тынг бирæ кæй нал баззад, уый абоны онг дæр бæрæг у.

Хæхты, къæдзæхты астæу фæзты æмæ къулаив бынæтты фæзындысты алайнаг-ирон хъæутæ. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæугæ цард куыд амоны, афтæмæй ацы хъæуты æрцардысты хъæбатырдæр ирæттæ. Уыдон та ам дæр нæ фæтарстысты хæхты зынвадат уавæртæй. Раст æй куы зæгъæм, уæд хæсты хъæбатыр царды дæр хъæбатырдæр у. Тæппуд нæу, нæ тæрсы зынвадатæй дæр, мæлынæй тæрсын та йæ хъуыдыйы дæр нæ вæйййы. Алы ран дæр æнтыстытæ ахæм адæмæн сæ къухы æфты.

Зæнджиаты фæсивæд манголтимæ хæсты æппæты кæронмæ уыдысты æмæ, хæхтæм куы баирвæзтысты, уæд цыдысты Æрыдоны донвæдыл. Афтæмæй бахæццæ сты дæллаг Мызуры хъæумæ. Уым цæрджытæй йе 'мыдзаг уыдис. Иуцалдæр хæдзары дзы уыдис се 'рвадæлтæй дæр.

Ам æрлæууыдысты æмæ хъуыды кæнынц, цы фæуæм, зæгъгæ. Доны былты æрцæрæн кæм ис, уыдон байдзаг сты цæрджытæй, иннæ рæтты куы 'рцæрæм, уæд нæ дон кæнæ митзæйтæ фæласдзысты. Сæ катайаг уавæрмæ сын се 'рвадæлтæ куы бакастысты, уæд сæ куыннæ фефсæрмы сты, ома сæ нæ бон суазæг кæнын куыд нæ у, зæгъгæ, фæлæ куыд? Кæм? Кæм ис бынат,фезмæлæн?

Уæд сын Мызураг Зæнджиаты хистæр Садже, зæгъгæ, йæ ном, загъта:

– Æрæджыты бæрзонд хæхты цыдтæн цуаны. Дзæбидыр айнæджы тигъмæ фехстон фатæй, фæлæ нæ рахауд. Цæуын мæ бахъуыд йæ тугвæдыл уыцы къæдзæхты. Цы бон мæ уыд. Хауынæй тарстæн,

фæлæ куыд ныууагътаин мæ амæттаг сырды дæр. Уый худинаг у. Æфсатийæ мæнæн лæвæрд у æмæ мæн хъуамæ уа. Тугвæдыл цæугæйæ, бахаудтæн иу æдзæгвæз атагъама. Бынтон фæз нæу, къулаив у, фæлæ дзы хæдзæрттæ аразæн ис. Ис дзы хуымгæнæн дæр иуцасдæр. Акæстытæ йæм кодтон æмæ загътон: «Ам куы ничи æрцæрид, уæд дзы хъæбæрхоры хуымтæ скæниккам нæхицæн. Еу дзы тауиккам, хос кæрдынæн замманай бынат". Дарддæр цæуын тугвæдыл уæлæмæ, схаудтæн хæхты сæрмæ. Æмæ диссæгтæ федтон: кæмдæриддæр цæрæн бынат скæнæн ис, уым аразынц хъæутæ. Хъæутæ та цæй хъæутæ, аразынц дзы халагъудтæ, рæстæгмæ цæрæнуæттæ. Къухбакæнæн никуы ис. Хуыцау дæсны, кæм æрцардæуа, кæдæм уæ фервитæм.

Ахызтæн фæсхохмæ, уым дæр афтæ. Иу ран мæ амæттаджы баййæфтон йæ уд исгæ. Йæ хурх ын фæцагайдтон, цæмæй тагъддæр амæла, йæ туг æнæуи дæр фæцыд йæ цæфтæй. Мæ фат ын йæ тæнæй стыдтон. Фатдоны йæ нывæрдтон æмæ дзæбидыры мард ме ‘ккоймæ баппæрстон. Куыд цæуын, афтæ куыд нæ фæллайын æмæ та мæ улæфт суадзын æрхауд уыцы бынатмæ. Ам, ацы хъæуы бынаты, нæ хуымзæхх ис, нæ уыгæрдæн зæхх, фосхизæнтæ дæр рæстмæ нæй, уæхæдæг æй уынут. Къæвда рæстæджы дон ивылды нæ фосæн хъæуæй ахизæн нæй. Ацы тæккæ къулы сын тулынæй тас вæййы, доны атагъайы та сын донласынæй тæрсæм. Мæ зæрды æрæфтыд азилын, фенын.

Æрæвæрдтон мæ хæссинаг æмæ хæрзсындæггай зилын, фæлгæсын. Йæ зæхх хорз кæй у, дур дзы стæм кæй у, ууыл гуырысхо кæнæн нæй. Ссардтон дзы суадон дæр. Баныэтон дзы, тынг хæрзад хæххон суадон, раст аргъæутты æгасгæнæн доны хуызæн. Ме уæнгтæ дзы срæуæг сты, фесæфта мын мæ фæллад. Суг амалгæнæн дæр дзы ис артагæн. Æввахс у хæдзæрттæ аразынæн хъæд дæр. Æцæг зынвадат у, фæлæ... Нæй дзы куырой саразынæн фаг дон. Æппæты тыхстдæр та у фæндагæй. Фæцагуырдтон, зæгъын, чердыгæй йæм ис, фæлæ ницы ссардтон, никуыцæй йæм ис фæндаг дæр æмæ бацæуæн дæр. Æрмæст хохы сæрты баст у Фæсхохимæ æмæ уым азмæлæнтæ хуыздæр сты.

Ис æм æрмæстдæр цуанонты фæндаг, сырдвæдтæ. Фæндаг скæнын æм кæд уæ бон бауыдзæн, бæх, кæнæ хæрæгвæндаг, уæд дзы цæрæн ис. Куыройæн дæр хос уыдзæн. Галвæндагыл дзырд дæр нæй. Уырдæм дзоныгъвæндаг ничи скæндзæн.

Садже дзырд фæцис. Зæнджиаты сагсур фæсивæд кæрæдзимæ бакастысты æмæ загътой:



**Зæнджиаты Сослæнбег, йæ цардæмбал Закиан Вера, сæ цот Лидæ, Герман; бадынц сæ кæстæр зæнæг, хæсты фæстæ ма сын чи рантыст, уыдон: Саня, Катя æмæ Маня.**

– Фенæм уыцы цæрæн бынат. Стæй йæ, Садже, кæд дæхицæн æрцахсынвæнд скодтай, уæд мах дæ сæрты куыд ахизæм, ды хистæр дæ æмæ дын дæ фæндты ныхмæ куыд рацæуæм? Афтæ рæсугъд куынæ рауайа адæмы астæу. Куы ныл фæхуда дæ зæрдæ дæр æмæ стæй нæ алыварс цæрæг мыггæгты зæрдæ дæр.

– Садже уæ рынтæ бахæра, æмæ æз кæй хистæр дæн? Сымах мæ кæстæртæ не стут? Уый иуыл мæхи хуым куы уаид, уæддæр æй æз сымахæн снывонд кæнин. Саджемæ зæххытæ уа æмæ йæ мыггаджы кæстæртæ та зæххагур рахау-бахау кæной, уый та куыд?! – Садже йæ цуаны цæуæн дарæс æрбакодта. Йе 'рдын йе 'фцæджы бафтыдта, фатдон æд фаттæ æрбабаста йæ астæуыл æмæ бардзырд дæттæгау загъта:

– Цæугæ мæ фæстæ, фенæм уыцы зæхх.

Æмæ фæраст ис цуанонты фæндаджы ‘рдæм. Йæ фæстæ араст сты æрвадæлты дзырддзæугæдæртæ фарастæй.

Цасдæр рæстæджы фæстæ схызтысты уыцы уæлвæзгондмæ, æмæ йæ райдыдтой уырзгай рауын-бауын кæнын. Чи дзы уæрм къахы, ома бынæй сыджыт у æви дурджын, чи зоны, æмæ къæдзæх дæр у.

Хорз разынд. Хохаг саумæр у. Дуртæ дзы ис, фæлæ арæх нæ. Йæ иумæйаг æвæрд дæр сæ зæрдæмæ фæцыд. Æмæ райдыдтой агурын хъæуы бынат суадонмæ æввахс. Кæм уыдзæн хуымгæнд, уыгæрдæн зæххытæ, хизæнуæттæ фосæн. Кæм сын уыд хуыздæр ран, æмæ сæ зæрдæмæ фæцыд се ‘ппæтæн дæр.

Гъе, фæлæ-иу фæндаджы кой исчи куы скодта, уæд-иу сæ зæрдæтæ сæхи къултыл бахостой, ацы къæдзæхты астæу фæндаг чи саразздзæн, зæгъгæ.

Бахастой уымæ дæр сæ ныфс. Хорз æмбæрстой, лæджы бон алцы аразын дæр кæй у, уый. Зын у фæндаг скæнын, фæлæ йæ хъуамæ скæнæм, зæгъгæ, загътой æмæ рараст сты фæстæмæ Мызурмæ.

– Æгæр чысыл стæм, фæндаг аразынæн бирæ тых хъæуы, æмæ ма сема æрбамбал кодтой Хохты.

Сæ сомбоны хъæуы ном схуыдтой Уæллаг Мызур. Райдыдтой фæндаг аразын, сарæзтой дзы бæхвæндаг, стæй та æрæвнæлдтой цæрæнбынæттæ аразынмæ. Арæзтой, чи халагъуд, чи хæдзар, чи скъæт, чи куыд арæхстис, афтæ. Æмæ цæмæй арæхстаиккой хæстон гæвзыкк адæм? Цы ма сæм баззад?

Тыхст æмæ уырыдæй, чи цæмæй арæхст, уымæй йæ цард кодта æмæ арæзта йахицæн цæрæн бынæттæ, уæдæ куыд.

Гуырысхойаг нæу се 'ппæт лæгдыхæй æмхуызон арæзт кæй нæ уыдысты. Сæ сæйрагдæр аразæн æрмæг уыдис къæдзæхтæй рахаугæ, кæнæ та къæдзæхæй æфтаугæ дур сыджытимæ. Дур æфтауыны куыст кодтой, йæ тæккæ тыхыл чи уыди, ахæм нæлгоймæгтæ. Уымæй зынгуыстдæр ма цы уа, къæдзæхæй цурк æмæ мæцъисæй дуртæ æфтау!

Цы хæдзары бынæттæ скъахтой, уырдæм сæ къахвæндæгтыл æккойæ кæнæ лæггуыффæты хæсс. Тылдтой сæ мæцъистæй. Хæсты фæстæ нæлгоймаджы тых уыйбæрц нал вæййы, сбирæ вæййынц идæдз сылгоймæгтæ æмæ сидзæр сывæллæтты нымæц. Хæстхъом адæм райгуырæн бæстæйы сæрыл хæстмæ афæдис вæййынц æмæ дзы бирæтæ, сæ туджы мæцгæйæ, хæсты быдыры баззайынц. Иннæтæй ма чидæртæ æнæкъах, æнæ къухæй, кæнæ йæ цæфтæй хъæрзгæйæ, йæ хæдзар ссары, фæлæ уыдон дæр хæххон тых куыстыты нал сбæззынц, сæ хъару сæ нал фæхæссы.

Цыбыр дзырдæй, цæрæнбонты, еудодойаг фæвæййынц. Фæфæнды сæ кусын, змæлын, цард аразын, фæлæ сæ къухы нал фефты. Се ‘нæниздзинад сын сæ базыртæ акъуыры. Сæ авналæнтæ нал вæййынц сæ бар.

Афтæ баззадис адæмы æхсæн: «Хæст зæрæдты æвзонггæнæг у». Æмæ уый раст у. Цардаразæг сагсуг фæсивæд хæсты быдыры сæ адæмы сæрыл тохы сæ цард куы ауæлдай кæнынц, мæлæтæй нæ тæрсгæйæ, се знæгты ныхмæ удуæлдайæ куы тох кæнынц, уæд зæрæдтæ та афтæ фæзæгъынц: «Нæ хæстон кæстæрты æрыздæхынмæ нæ цард ам фæцудын ма бауадзæм, фидар фæлæууæм».

Цард сæ йæхæдæг йæхимæ балвасы, басадзы сыл базыртæ. Æрдомы сæ хуыздæр æмæ рæвдздæр сæрфатдзинад. Райдайынц, сæ бон цы у æмæ цы нæу, ахæм куыстытæ кæнын дæр. Нал февзарынц æхсæв, бон. Фæлæ дзы бирæ уый куы фехъусы, йæ уарзон хъæбул хæсты быдыры хъæбатырæй фæмард, нал сыздæхдзæн, нал фендзæн йæ бинонты, йæ уарзон хъæубæстæ æмæ йæ райгуырæн хæхтæ, нал фендзæн йæ зæронд мад æмæ фыды, сæ фæстаг тыхтыл æнауæрдгæйæ цард цудын кæй нæ бауагътой, уыдæттæ, зæгъгæ, уæд зæрдæскъуыд фæвæййынц.

О, куыд зын у уый. Адææмаджы зæрдæйæн уымæй егъаудæр цæф нæ вæййы. Фæлæ цард йæхиуæттæ кæны. Бырсы размæ. Раст цыма нæ уыны, чи тох кæны, чи мæлы, чи фыдæбон кæны, уыдонæн се 'ппæты дæр, афта.

Хæсты рæстæджы сывæллæттыл дæр базыртæ базайы. Æвæццæгæн,

куыстытæгæнæг нал вæййы, æмæ сæм афтæмæй куы фæкæсынц фæцумахъом сывæллæттæ, уæд сæм, тыхст сылгоймæгтæ æмæ зæрæдты фæзмгæйæ, æнæ февналгæ нæ фæвæййынц æмæ чысылгай фæцалх вæййынц цавæрфæнды куыстыл дæр. Куыст сæ йæхиуыл ахуыр кæны, æмæ сæ лæгтæ рауайы. Æвæццæгæн, æмбисондæн дæр уымæн баззад, хæст лæппуйы лæггæнæг у, зæгъгæ. Хæст иуты цъæхæй арæгъæд кæны, рæгъæды та бæласæй хауын на уадзы.

Мангойлаг æрбабырст Зæнджиаты мыггаджы ратæдзæнтыл дæр тынг куыд нæ фæзындаид. Уæллаг Мызуры æрцæрынæн бындуртæ чи æвæрдта, уыцы цыппæрдæс хæдзармæ ма баззад фондз хæствæллад нæлгоймаджы. Зын зæгъæн у, уыдон дæр хæсты быдырæй æнæсахъатæй раирвæзтысты, уый. Æххæст хæстхъом чи нæма уыд, ахæм фæсивæд сæм баззад. Уый та сæ амонд уыд.

Куыст царды бындур у. Куыст нæй – цард дæр нæй. Куыст адæймагæн цы стыр лæвæрттæ кæны, уыдонæй иу у, адæмы кæрæдзиуыл кæй бæтты, уый, кæй сæ сæмуд кæны, иу хъуыдымæ сæ кæй кæны.

Зæнджиаты мыггаджы дæр сæ хъысмæт иннæтау афтæ сæнувыд кодта кæрæдзиуыл. Зæрондæй æвзонгмæ, сылгоймагæй-нæлгоймагæй дысфæлдæхтæй æрæвнæлдтой кусынмæ, кæй бон цы уыд, уый кæнгæйæ нæ ауæрстой сæхиуыл. Не 'взæрстой æхсæв æмæ бон, афтæмæй Уаллаг Мызурæн хæххон æвадат хъæуы хуыз радтой хæрз цыбыр рæстæгмæ. Фæзындис дзы дæлдæр-уæлдæр дурæй амад сыджытсæр хæдзæрттæ. Раст ма зæрватыччытæ дæр ахæм ахстæттæ скæнынц доны был æлыг сыджыты.

Хъæу фазынд, цæрæнуæттæ ис. Цард сæ нæрсы, къобор кæны.

Адæймагæн йе стыр миниуджытæй иу уый у, æмæ алцæмæ дæр йæ бон сарæхсын у, алцæуыл дæр ацахуыр вæййы. Занджиаты дæр хæхты зын уавæртæ сæхиуыл ацахуыр кодтой: дон хорз, рог сыгъдæг хæххон уæлдæф. Хæрд, нозт дæр сæ куысты фæрцы куыд нæ фæзынд, æмæ бонæй-бон хуыздæр кодта сæ цард.

Азтæ цыдысты, рæстæг ивта, рæстæг та стыр хосгæнæг у. Цыфæнды низ дæр æмæ мæт дæр рæстæджы фæлмы атайы, рæстæг хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг у. Ферох сты Зæнджиатæй дæр сæ фыдæлты хæстытæ æмæ цард саразыныл тохы фыдæбæттæ. Цард хуыздæрæй-хуыздæргæнгæ цыд, мыггаг фылдæрæй фылдæр кодтой. Мæнæ кæй фæзæгъынц, цард сæ йæхæдæг фæсте сырдта, зæгъгæ, уый уыдоныл дæр æрцыдис. Сæхи бабастой, Уæллаг Иры хъæуты цы мыггæгтæ цард,

уыдонимæ. Кæм сын мады æфсымæртæ уыд, кæм хæрæфырттæ, кæм каистæ, кæм та хæстæджы хæстæджытæ. Сæ цардхъомдзинад æнæхъæн комбæстыл дæр айхъуыст. Æмæ Уæллаг Иры ком та чысыл нæу.

Фæлæ куыдфæнды хæлар цæрой бинонтæ, цасфæнды кæрæдзи уарзой, уæддæр, фылдæрæй-фылдæргæнгæйæ, æнæ байуаргæ нæй. Незамантæй фæстæмæ хæхты куысты уавæртæ æмæ авналæнтæ, хæхты цард адæмæн кæрæдзи бирæ уарзын кодтой. Кæрæдзиуыл-иу афтæ сахуыр сты æмæ, зæгъгæ, хъæуæй хъæумæ исчи цардивæн кæны, иннæ хъæумæ лидзы, кæнæ бинонтæ сæ зынджы хай хицæн кæнынц, иу хæдзары нал цæуынц, уарынц æмæ-иу уæд кæрæдзиуыл куыдтой, раст-иу цыма сæ хуыздæртæй исчи амард, уыйау. Зæнджиатæ дæр, кæд хæларæй цардысты, уæддæр сæм уæрст уæрсты фæдыл цыдис. Уый царды домæн у. Чи райгуыра, уымæн уæлдай зæхх, уæлдай змæлæнтæ хъæуы, æмæ кæм ис? Айнæг къæдзæхты астæу цы нæууы уаццагыл æрцардысты, уый чердæм аиваздзынæ? Тъангыскъуыд куы фæуай, уæддæр ничердæм! Бахъуыдис сæ ногæй та зæххытæ агурын. Хæхты зæхх ссарын та хъаймæты фыдæбон уыдис. Мæнгæй нæ дзурынц «Гал кæм æрхуыссыдаид, уый галы аргъ уыдис». Гал та сызгъæрин сомы аргъ уыд. Сызгъæрин сом та хæхбæсты уыцы заманы æнцонтæй ма бакусай! Уæдæ цы кæнæм, зæгъгæ, кæм цæрæм? Цæмæй цæрæм, куыд уæм æнæ зæххæй? – Сагъæс кодтой канд Зæнджиатæ нæ, фæлæ ма бирæ æвадат, æнæзæхх хæххон хъæуты цæрджытæ дæр.

Æндæр гæнæн сын куы нал уыд, зæхх ссарыныл тох кæнынæй куы бафæлладысты, уæд сæ тыхтæ сарæзтой быдырмæ рахизæн хохрæбынтæ æмæ комы дымджытæ 'рцахсынмæ. Фæлæ куыд?

Хæхты бирæ мыггæгтæ ныттуджджынтæ сты зæххы гæппæлты сæрыл, ауæдз фехалыныл. Бирæтæ фæфыстой стыр туджы фиддонтæ. Нал уыд быхсæн ацы хъуыддæгтæн. Адæм змæлын байдыдтой хæххон хъæуты. Æнæ æддæмæ авналгæ нæ уыд. Хъуыдыйы бацыдысты, куыд æгъдауæй бафтдзæнис нæ къухы быдыры зæххытæй, зæгъгæ. Тыххæй исæм! Уæд Кæсæджы уæздæттимæ схæцын хъæуы. Æнæ туг калгæ сын уыдон зæхх нæ ратдзысты, фæлæ уал бафæлварой сема фембæлын, кæд сын аслам аргъыл рауæй кæниккой се 'нæкæрон быдыртæй. Науæд сæ тугæй æлхæнын бахъæудзæн цæрæн бынæттæ. Кæд нæ, уæддæр, æгадæй мæлыны бæсты, сæ тугæй зæхх ныхсдзысты. Æмæ ма сæ чи аирвæза, уыдон сыл цæрдзысты.

Тыххæй зæхх кæй байсдзысты, уый та зыдтой. Хæххон уариты

хуызæн ирон фæсивæд арæзт уыдысты хæцæнгарзæй. Ирон топп, ливор, æхсаргард, хъама алы барæгмæ дæр уыдис. Сæ бæхтæ та – уаддзу, хæххон дугъæттæ. Тынг æууæндыдысты ирон адæмы фыдæлтæ, тохы састы бынаты кæй никуыуал баззайдзысты, ууыл.

Загътой, тыхæй уал нæ, нырма уал зонд æмæ уæзданæй бафæлварæм. Фервитæм æвзаргæ лæгтæ ацы зæххыты хицæуттæм. Рауæй дзы кæнæнт æмбæлгæ аргъыл. Науæд – хæст! Лæвар сæ фесафдзысты...

Уæллаг Мызуры фæсивæд хицæн кодтой сæ рæсугъд бакастæй. Раст Нарты фæсивæдæй ницы ныуагътой фæсте. Хæрзаив уæнгты кондæй, цæсгомæй, харззонд æмæ æд хъару. Гъе, ахæм уыдысты Зæнджиаты фæсивæд дæр.

Арвыстой быдырмæ æртæ равзаргæ барæджы, сæ бакастмæ дæр бахæлæггæнæн кæмæн уыд, ахæмтæ. Фæзылдысты къуырийæ фылдæр. Ахызтысты æрджынарæгæй. Æрфысым кодтой Кæсæджы тæккæ хъæздыгдæр уæздæттæй иумæ. Бамбарын ын кодтой сæ хабар, сæ фæндтæ. Уый зæрдæмæ афтæ тынг фæцыдысты, æмæ сæ æнæхъæн къуыри нал уагъта хъæмæ здæхын. Амæй-ай хуыздæр хæринаг, нуазинагæй фынгтæ нæ цух кодтой. Ракæн-бакæн сæ кодта йе 'нæкæрон зæххытыл. Бар сын лæвæрдта, кæм сæ фæнды, уым равзарынæн зæххытæ. Фæндыдис æй, цæмæй йæм æвваxсдæр æрцардаиккой ахæм хæххон цæргæстæ. Фæлвæрдта сын сæ зонд, сæ хъару, сæ арæхст. Æмæ арæхсгæ та цæмæ нæ кодтой: бæхыл хъазынмæ, топпæй æхсынмæ, ливорæй мысан акъуырынмæ, хъаматыл кафынмæ, зарынмæ. Æмæ ацы хъуыддæгты хæххон лæгæн йæ бындурон дæсныдзинæдтæ уыдысты. Æнæ уыдон хæхты цæрæн нæ уыдис. Цыфæнды-иу йæ дзыхæй схауд Умат-Гирейæн, ома уый аразын хъæуы, зæгъгæ, уайтагъд-иу æй æппæты тагъддæр æмæ хуыздæр акодтой Зæнджиаты сæрæнгуырдтæ. Уыдонмæ йæ кæлмæрзæны бынты сусæгæй кæсгæйæ, цы 'взонг кæсгон чызг нæ хордта йæ былыцъæрттæ, ахæм дзы нæ уыд. Кæм нæ тарстысты, уым-иу сæм æргомæй кæсгæйæ дæр баззадасты. Фæлæ...

* * *

Хохæгтæн сæ хистæр уыдис Тотырбег. Фæндзай фондз азы бæрц кæуыл цыдаид, ахæм. Фæтæнуæхск, ныллæггомау фидæрттæ арæзт нæлгоймаг. Йæ урсхæццæ рихитæ æмæ боцъотæ йын йæ цæсгомæн лæвæрдтой рæсугъд, тыхджын æмæ фидар хæххон нæлгоймаджы хуыз. Йе ‘уæнгтæ – ирон нæлгоймаджы дарæсы, йæ урс цухъхъа

æмæ сырх сгæллад куырæты. Йæ бакаст дæр адæймагæн цыдæр ныфс лæвæрдта. Раст цыма Уастырджи уыдис, уыйау-иу æм йæ алыварс адæм сæ цæстытæ ныццавтой, цыма сын ныртæккæ стыр диссæгтæ хоры нæмгуытау разгъалдзæн лæвæрттæн, уыйау. Йæ нуарджын уадултæ цыма фæйнæрдæм рухс тыдтой. Уæлдай рæсугъддзинад ын лæвæрдтой йæ сызгъæриндонытылд хъама æмæ æхсаргард. Йæ сауарæзт роныл чи кæм æмбæлы, уым йæ бынат ахсгæйæ. Дардмæ æрттывтой йæ пылыстæг бæрцытæ. Йæ риуыл зæу-зæу кодтой хæрдгæбыд боцкъотæ, сау арттывдгæнгæйæ. Дардмæ тæмæнтæ калдта йæ цъæх халас уæлдзарм бухархуд.

Тотырбег-иу йæ урс бæхыл куы бабадт, уæд æм фау никæцы лæг ницæмæй æрхастаид, стæй йæм æрхæссæн дæр нæ уыд. Бæхыл бадын æмæ хъазынмæ та афтæ дæсны уыд, æмæ раст цыма саргъыл райгуырд æмæ схъомыл, уый хуызæн. Æвæццæгæн æмæ, барæй æппаргæйæ дæр бæхæй хауын нæ ракуымдтаид. Умат-Гирей дæр æй ирон уæздæттæй уымæн схуыдта. Йæ дзыхыдзырд дæр адæммæ цыдæр хорз кастис. Куы-иу дзырдта, уæд-иу бæстæ цыма ныссабыр, уый хуызæн каст адæймагмæ. Умат-Гирейы астæуккаг ус Халимæт, куыддæр сæм Тотырбег бацыд, афтæ йæ разы йæ зонгуытæ йæ быны уымæн ацавта, фыр уарзтæй йыл бæстæ аталынг, ницыуал ауыдта, фæсургонд. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ, йæ цæстытæ Тотырбеджы ныссадзгæйæ, йæ фæсдзæуинты æнцæйтты сыстад æмæ сын акæнын дæр нал куымдта уыцы хатæнæй. Каст æмæ каст уазæгмæ. Чи зоны, цы хъуыдытæ кæрæдзи æфсæрстой йæ сæрымагъзы. Нал зыдта, кæм ис æмæ цы ми кодта, уый дæр. Бахаудта æнæнхъæлæджы йæ зæрдæйы фæндиæгты уацары. Уый бафиппайгæйæ, Тотырбегæн дæр йæ цæстытæ андæгъдысты рæсугъдты-рæсугъддæр Халимæтыл æмæ уайтагъд фæсырддзаст. Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ туг иууылдæр йæ цæсгоммæ слыгъд. Йæ къухтæ йæ хъамайы сæрыл æрæнцадысты, йæ рахиз къах размæ равæрдта æмæ афтæмæй, цыма дурдзавд фæцис, уыйау лæугæйæ баззад.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы хъуыддаг фысымæй дæр нæ аирвæзт. Ахæм хъуыддагæн бамбæхсæн нæй. Бардзырд радта, æмæ Халимæты тыххæйгæнæгау акодтой.

Умат-Гирей уæзбын Тотырбегмæ раздæхтис æмæ йын афтæ зæгъы:

– Мæ зынаргъ уазæг, уæздан Зæнджиайы-фырт, тагъд макуы кæн, рæсугъдæй алæмæтдæр сылгоймæгтæ дзæвгар ис. Æнæ хай сæ нæ

баззайдзынæ! Уæлдайдæр дæ хуызæн хæрзконд лæг. Ссардзыстæм ма дзы ноджыдæр. Дæуæн, ома...

Уазæгмæ афтæ фæкаст, цыма уазæгуаты стыр зылынæй баззад. Ноджы тынгдæр фæсырх йæ цæсгом. Нал зыдта, цы акодтаид, уый. Йæ цæстытæй хатæны къуымты агуырдта Халимæты, фæлæ нал. Йæ размæ æрбауад фысымты кæстæртæй иу, æмраст алæууыд æмæ загъта:

– Уæ бæрзонддзинад, курæм уæ æмæ нæм сбадут... мæнæ ацы фæлмæн къæлæтджыны.

Ацы ныхæстæ Тотырбеджы фервæзын кодтой, раст цыма тарф фынæйæ фехъал, уыйау, æмæ та йæ алфамбылай аракæс-бакæс кодта, фæлæ усыл йæ цæст нал æрхæцыд.

Умат-Гирей йæ усы уыцы изæр арвыста Налцыкмæ. Тотырбег æмæ Халимæты зæрдæтæ хъæдгæмттæй баззадысты. Ахæм хъæдгомæн та ницы хосæй сдзæбæхгæнæн ис, кæрæдзиуыл сымбæлынæй дарддæр. Сæмбæлдысты ма ацы дыууæ уды сæ кæрæдзиуыл æви нæ, уый зын зæгъæн у. Æвæццæгæн, сæмбæлдысты!

Фысым йæхи къæлæтджыны æруагъта, йæ лæггадгæнджытæ йын йæ пæлæз йе уæхсчытæй айстой æмæ йæ фæстæ бардзырдмæ æнхъæлмæ кæсæджы лæуд скодтой. Иннæ къæлæтджыныл арбадт Тотырбег дæр. Йæ дæллаг фарс та – йæ астæуккаг æмбал Дзантемыр. Сæ фæстæ, йæ роны хъамайы фæстæ йæ хистæр æнгуылдз фæцæвгæйæ, раст лæууы Саукуыдз, уазджыты кæстæр.

Дзантемырыл кæд даууиссæдз азмæ хæстæг цыдис, уæддæр йæ цæсгомæй хæрз æвзонг зыны. Йæ фыдджын тъæпæнгонд цæсгомæй тæмæнтæ калынц йæ сау, æппæтуынаг цæстытæ. Рæсугъд ыл бадынц йе схъæл сау рихитæ. Йæ мызыхъхъарæзт уæнгтæ йын цыма барæй æлхъивынц, афтæ рæсугъд сыл фидауы сау цухъхъа æмæ сау куырæт, сауарæзт рон, хъама, æхсаргард æмæ ливор. Цæст йæхимæ здæхта хæстон сауарæзт егъеу хъама æмæ раст къæхты бынмæ цирхъхуыз æхсаргард. Бæрæг уыд, ацы лæг уæигдыхæй йемыдзаг кæй, уый. Æгæрыстæмæй куы æрбадт, уæд фысымты къæлæтджын йæ быны бакъæс-къæс кодта, кæд лæг бынтон бæзæрхыгтæ нæ уыд, уæддæр.

Уый уыдис фæйнæгфарс, мырзхъæд гуырд кæй хуыдтой нæ фыдæлтæ, уыдонæй. Бирæ дзурын нæ уарзта, æмæ йын æмбæлгæ дæр нæ кодта. Йæ уæле хистæртæ, йæ дале – кæстæртæ. Астæуккæгтыл кæддæриддæр хъуыддаг аразын æмбæлы, царды астæуккаг цæджындзтæ уыдон сты. Цард афтæ у: хистæртæ – сæрфат, кæстæртæ –

лæггад æмæ астæуккæгтæ та – аразгæ. Ацы царды домæнтæ Дзантемыр хорз зыдта æмæ сæ пайда кодта, куыд æмбæлы, афтæ.

Саукуыдз йæ рæсугъддзинадæй алкæй дæр уацары кодта. Бæрзонд, рæхснæг, фæтæнуæхск, нарæгастæу цыппар æмæ ссæдз аздзыд уарийы хуызæн хæххон лæппу. Йæ тымбыл цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ худтысты, раст дзы адæймаг айдæнау йæхи фенынмæ хъавыд. Йæ рихитæ фæмил сты. Йæхи нæма дасы. Æвæццæгæн, йæ Нана дæр тынг буц уыдис Саукуыдзы рæсугъд æмæ хæрзконддзинадæй, æмæ йын ахæм рæсугъд уæлæдарæс дæр лыстæг сынкæй уымæн бахуыдта. Фæстæмæ ницæмæй фæхæцыд йæ дасныдзинæдтæй дæр æмæ йæ конд тынты дзæбæхдæртæй дæр. Сау ногъайаг тъæпæнуæхск нымæт, урс тинтычъи цухъхъа æмæ басылыхъ, сгæллад урсбын æрвгъуыз куырæт æмæ сау хæлаф, азиаг цырыхъхъытæ йæ къæхтыл, афтæмæй лæг цæмæ хуыздæр бакастаид. Чысыл æвзист хъама, æрдынгъуыз уæрджытæм æхсаргард, æвзистæй арæзт хæцæнджын ливор, сырхбын цæхæртæ чи калдта, ахæм бæрцытæ хæрдгæ быдæй конд боцкъотимæ, морæгъуыз ставд къæбæлдзыг худ. Адон йе уæнгтыл афтæ рæсугъд фидыдтой, æмæ йыл сæ раст цыма дунейы æппæты дæсныдæр нывгæнæг ныссагъта. Цæмæй йын цæстыйæ хай ма уа, уый тыххæй йын йæ мад сырх хæрдгæ быдæй йæ куырæты æфцæггот æмæ тæртты кæрæттæ бахуыдта. Уæд, дам, цæстыгæнæджы цæсты хай сырх хуызмæ фæвæййы æмæ, дам дзы адæймагæн ницы батых кæны. Афтæ-иу загътой нæ фыдæлтæ.

Йæхи хуызæн рæсугъд уыдис йæ сырх-сырхид хæрззылд æлвæст хæххон дугъон бæх дæр. Йæ сауарæзт саргъы æмбæрзæн дæр уыдис тинтычъийæ уæрст цъæхбын нымæтæй. Ам дæр ирдæй зындис йæ мады дæсны 'рмдзæф.

Ацы ранымайгæ уæлæдарæс, куыд рабæрæг, афтæмæй иууылдæр, йæ мад Хъуппейоны къухæй конд æмæ хуыд уыдысты. Æппындæр, дам, дзы æлхæнгæ ницы разындаид.

Саукуыдз æдде бакæсгæйæ куыд рæсугъд уыдис, афтæ рæсугъд рауад йæ зонд дæр. Нæ уыд сæрбæрзонд, хиппæлой æмæ къуыдипп. Алкæй дæр уарзта, алцы дæр йæ сæрмæ хаста. Хæххон лæгау алцы аразын дæр зыдта. Царды бындуртæ хорз æмбарын байдыдта, уый зыдтой йæ мыггаджы хистæртæ æмæ йыл ацы стыр хъуыддаджы сæраппонд дард балцмæ дæр куырыхон лæджы бынатмæ уымæн бауæндыдысты.

* * *

Фысымæн, æвæццæгæн, нымад уыдис уазджытæн сихор кæд сцæттæ уыдзæн, уый. Иуафоны тызмæггомауæй бакаст йæ хистæр лæггадгæнæгмæ, йе 'нгуылдзæй йын цыдæр ацамыдта. Уый ауадис æмæ цалдæр минутмæ фынг айдзаг акодтой хæрд æмæ нозтæй. Нозтæй дзы уыдис æрмæстдæр бæгæны æмæ къуымæл. Арахъхъ нуазын уæд стыр худинаг уыдис.

Кæсгон сæ фæсминас æрфарста:

– Цы фарн, цы Хуыцау уæ 'рхаста мæ зæхмæ.

Тотырбег кæсгон æвзагыл хорз ныхас кодта. Æмæ йын радзырдта, сæ балцы сæр цæуыл у, уый.

Умат-Гирей хъуыдыты аныгъуылд. Фыццаг ахъуыды кодта: «Кæд сæ фæсивæд иуыл афтæ бакастджын æмæ хъаруджын сты, уæд нæ сылгоймæгтæ сæ фæстæ фæлидздзысты æмæ фегад уыдзыстæм». Иннæмæй та ахъуыды кодта: «Нæ ног сыхæгтæ афтæ зондджын æмæ хъаруджын куы уой, уæд нын æнцондæр цæрæн уыдзæн. Сыхаджы хорз Хуыцауы арфæ у.»

Дыккаг хъуыды фæуæлахиз, фыццаг хъуыды дины бар бакæнгæйæ. Æмæ загъта:

– Цыфæнды уа, уæддæр, сымах цас хъæуы, уыйбæрц мæ зæххытæй ауæй кæндзынæн, æрмæст Æрджынарæджы 'рдæм. Тæтæртуппы сыгъдæг кувæндоны бынтæм. Фæзилæм, фенæм кæм уын адих кæнæм зæххытæ, уый.

Стæй, дам, аргъыл дæр баныхас кæндзыстæм. Æмæ фынгæй сыстадысты. Рахызтысты галуаны кæртмæ. Уыцы рæстæджы сæ ауыдта фысымы чызг Айше æмæ йæхи афарста: «Ацы зæдтæ нæм кæцæй æртахтысты? Чи сты, зæххон адæм, æви уæларвæй æртæхгæ?» Ахæм хъуыдытимæ йæ дæлдæр чызджытимæ рараст йæ галуанæй уазджыты 'рдæм. Куы сæм бакæстытæ кодта хæстæгмæ, уæд Саукуыдз йæ зæрдæмæ фæцыд, фæлæ йæхи нæ басаста. Нæ раргом кодта йæ зæрдæйы монцтæ. Ацыд иннæтимæ, фæстæрдæм фæкæс-фæкæсгæнгæ, æмæ уый Зæнджиаты кæстæр куыд нæ бамбæрста. Ницы уыйбæрц æм йæ хъус æрдардта, æрмæст чызджыты фæстæ каст, цалынмæ нæ фæаууон сты, уæдмæ.

Æрталынгмæ бирæ нал хъуыд, æмæ уазджытæн тауби загъта, азилæм, зæгъгæ, фенæм дыргъдæттæ, цæхæрадæттæ æмæ не 'ннæ

хъæздыгдзинæдтæ.

Умат-Гирейы фæллой æмæ мулкыл хохæгтæ куыд нæ бадис кодтаиккой. Æнæкæрон зæххытæ, фысвосы дзугтæ, стурвосы рæгъæуттæ, сæдæйæ фылдæр бæхтæ. Уæдæ цы фау æрхæссæн уыдис йæ хæдзæрттæ æмæ иннæ арæзтæдтæм.

Дзантемыр йæхи нал баурæдта æмæ Тотырбеджы фæрсы:

– Ай нæ сайгæ кæны, æви, æцæгæй, ацы фæллæйттæ æмæ зæххытæ æппæт дæр йæхи сты?

Тотырбег ын, о, зæгъгæ, загъта, уæд Дзантемыр афтæ бакодта:

– Æмæ уæд Хуыцауы рæстдзинад та кæм ис? Махмæ цалдæр мыггагæй армы тъæпæны йас зæхх нæ хауы, амæ та иунæгæй, цæст кæуыл не 'ххæссы, уыйбæрц быдыртæ.

– Цы дын зæгъон, мæ хур, зæххытæ уарæг æз куы уыдаин, уæд дзы нæхицæн куыд нæ фæхай кодтаин. Рæстæг афтæ у, æмæ быхсын хъæуы, мæ кæстæр.

– Ай диссаг у, диссаг! Тых дæм уа, зонд æмæ хъаруйæ æххæст, æмæ æнæкæрон зæххытæй кæм цæрай æмæ кæм кусай, уый дын ма уæд! Байсæм сын сæ зæххытæ æмæ сыл æрцæрæм! Цы хъæуы ацы æнæбон зæронд лæгæй зæхх байсын æмæ йыл æрцæрын?

– Цæй, мæ хур Дзантемыр, паддзахы закъон æмæ йæ хъазахъхъаг хъузæттæ йæ фарс сты, æлхæд ын сты йæ бирæ фæллæйттæй. Схæцын, йæ зæххытæ йын æхсарæй байсын стыр тугкалæн хæст сайы. Уымæй нæ Хуыцау бахизæд, – дзырдта Тотырбег. – Фæлæ, куыд кæсын, афтæмæй нын дзы аслам аргъыл цыма рауæлдай кæндзæн, цас нæ бон балхæнын суа, уыйбæрц. Стæй уæд, ам куы æрцæрæм, уæд мах дæр уæрæх кæндзыстæм нæ зæххытæ, нæ бон куыд цæуа, афтæ!

Умат-Гирей, дзурджыты цæсгæмттæм бакæсгæйæ, бамбæрста, адон цыдæр ахсджиаг хъуыддагыл кæй дзурынц, уый, æмæ Тотырбеджы хынцфарст акодта:

– Уæ зæрдæмæ исты нæ фæцыд, мæ буц уазджытæ, æви уæ истæмæй фæхъыгчындæуыд?

– Нæ, нæ! – фæцырд æм Тотырбег. – Мæ кæстæрты нæма бауырныдта, дæ зæххытæй нын кæй саккаг кæндзынæ аслам аргъыл рауæй кæнын, æмæ мæ уымæн хынцфарст кæнынц!

Умат-Гирей фидарæй загъта:

– Æз иу дзырдæй дыууæ нæ кæнын! Цы схауы мæ дзыхæй, уымæн

кæддæриддæр хицау дæн. Мæ цард, мæ цæрæнбоны никæй ма фæсайдтон, ничидæр мæ фæсайдта. Бамбарын кæн дæ кæстæртæн мæ ныхас. Уадз æмæ бауужæндæнт, ам кæй цæрдзысты æмæ сын ам стыр бындуртæ кæй уыдзæн, ууыл. Фыдвæтк у иннæты раз, уый йеддæмæ ахæм хорз адæмæн æз лæвар дæр раттин зæхх. Фæлæ мыл иннæ таубитæ уæд хъоды бакæндзысты æмæ мын се 'хсæн цæрæн нал уыдзæн. Бамбар мæ, мæ зынаргъ Тотырбег. Уынын æй, хорз, хъаруджын сыхæгтæ мын кæй уыдзыстут, уый, æндæра æз зæххытæ никæмæн ма ауæй кодтон. Нæдæр ауæй кæндзынæн. Мæ мыггаг стыр æмæ тыхджын у. Сæхи бахъæудзысты.

Лæппутæ æрцагуырдтой сæ бæхты. Фенæм сæ, азилæм сæм, зæгъгæ. Фысымты лæппутимæ ацыдысты æмæ фæндагыл сæмбæлдысты чызджытыл. Кæрæдзийæн сæрæй салам радтой. Айше æмбисонды рæсугъд уыдис, æмæ йæм Саукуыдз куы фæкомкоммæ, уæд фегуыппæг. Фæцыд йæ зæрдæмæ, фæлæ йын йæ сæры магъз ныццавта иу хъуыды: «Ай æвзаг куынæ зонын, уæд куыд дзурдзыстæм?! Æз уый не 'мбарын, уый мæн. Уæу, мæнæ цæй мæгуыр дæн! Уый хуызæн зæдимæ мацы адзур...

Цыфæнды фæуæд, фæлæ сæ кæрæдзийæн цæстæнгасæй бамбарын кодтой, кæрæдзи зæрдæмæ кæй фæцыдысты, уый. Æмæ, кæрæдзимæ фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæ, фæйнæрдæм сæ фæндæгтыл ацыдысты.

Саукуыдз хорз зыдта, ирон чырыстон лæппуйæн пысылмон кæсгон чызг æмкъайæн æрхæссыны бар кæй ничи ратдзæн, уый. Фæлæ-иу чызджы сау цæстытæ йæ зæрдыл куы 'рбалæууыдысты, уæд-иу æй æппæт уыдæттæ айрох сты. Загъта-иу йæхицæн: «Нæ ныууадздзынæн, хъуамæ ацы бæстырæсугъд мæ цардмбал бауа, цыфæнды ныхдуртæ мæ размæ куы слæууа, уæддæр!»

Сæрдыгон бон, дам, калак у æмæ æхсæв та – гæппы бæрц. Куыддæр æрталынг, афтæ Умат-Гирей йæ уазджыты æрцагуырдта. Æрбамбырд сæ кодта, рог æхсæвæр сын æрæвæрдтой, стæй сæ арвыста йæ аив уæттæм сæ фæллад суадзынмæ. Йæхæдæг йæ хъал саулохаг бæхыл бабадт æмæ дыууæ æххуырстимæ Налцыччы йæ дыггаг ус Халимæты кæрты бамидæг. Бæхæй æргæпп ласта. Рохтæ йе 'ххуырсты къухы фæсагъта æмæ уыцыиу згъордæй фæмидæг Халимæты хатæны.

Халимæт бадтис, зæронд нывæфтыдтытæ фæлгæты цы кæсæн уыдис, уый раз, йæ къухмæрзæнæй йæ цæстысыгтæ сæрфгæйæ. Йæ лæджы тынг мæстыхуызæй ауынгæйæ, фæгæпп ласта, йæ дыстæй

асæрфтытæ кодта йæ цæсгом æмæ йæм нымдзаст.

Лæг æй афарста:

– Цы 'рцыдис, цæуыл хъыг кæныс? Цæуыл ныссырх сты дæ цæстытæ? Афтæ арф ныххаудис уыцы хæххон дзигло дæ зæрдæйы? – Æмæ йын ехсæй йæ рагъыл æрлæууыд. Уайтагъд æй фауагъта, фæлæ усæн æфсон фæцис: йæ кæуын фергом кодта, слæууыд лæджы раз æмæ хæкъуырццæй кæуы. Куры дзы:

– Фæнæм ма мæ ноджы, цас дæ фæнды, уыйбæрц, фæлæ мæ фæстæмæ Аргуыданмæ алас æмæ нæ абоны уазджытæн балæггад кæнон, æцæг уæздæттæн куыд æмбæлы, афтæ.

Умат-Гирей та йæм ногæй бавзыста ехсæй, фæлæ ус змæлгæ дæр ничердæм фæкодта.

Лæг бамбæрста, æртхъирæнтæй кæй ницы бакæндзæни, уый, æрræвдыдта йæ. Се 'хсæв, куыд æмбæлы лæг æмæ усæн, афтæ иумæ арвыстой... Райсом раджы тауби куы сыстади, уæд Халимæт дæр фестынмæ хъавыдис, фæлæ йæ уый не суагъта. Ныфс ын бавæрдта цавæрдæр зынаргъ лævæрттæй.

Умат-Гирей Аргуыданмæ æрбахæццæ, йæ уазджыты ма хуысгæйæ æрбаййæфта, афта. Цалынмæ уазджытæ стадысты, сæхи æхсадтой æмæ аходæн бахордтой, уæдмæ Халимæт дæр æрбахæццæ йæ дæлдæртæй иуимæ.

Æвæстиатæй балæууыд уазджыты раз. Тотырбег æй куы ауыдта, уæд ыл бæстæ цыма нынныæрыд, уыйау фæцис. Йæ цæсгомы хуыз фæцыдис.

Халимæт йæ уæлхъус алæууыд æмæ, йæ лæгмæ бакæсгæйæ, фидарæй загъта:

– Абон ды нæ уазджытимæ кæдæмдæриддæр цæуай, мæнæн дæр уырдæм æнæ цæугæ нæй! Æз дæм цæрынмæ æрцыдтæн, æмæ ды кæм уай, уым хъуамæ уон æз дæр!

Умат-Гирей уазджыты раз йæ усмæ тыхдзырд скæнын йæ сæрмæ не 'рхаста, æмæ йæ сæр разыйы æнкъуыст бакодта. Йæ зæгъæнтæ йæ бар нæ уыдысты æмæ уыйбæрц та йæ маст йæ хуылфы æлутон бæгæныйау æнхъызт. Ахæм уавæры никуы бахауд æмæ йæм тынг диссаг фæкаст. Йæхимидæг дисы бахауд, йæ усæн цытæ бары, ууыл. Йæ дыккаг ус æм ахæмтæ сфæраздзæн, уый йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыд. Кæд уыдис уый, æмæ пысылмон дингæнæг лæгмæ йæ царды æмбал афтæтæ уæнда!

Тотырбег та лæджы раз йæхи афтæ къæмдзæстыг æнкъардта, раст дзы цыма исты адавта, уыйау.

Сбадтысты бæхтыл. Араст сты Аргуданæй Æрджынарæджы ‘рдæм. Уалынджы сæ астæу фæмидæг Халимæт йæ хъал бæхыл, бадтис ыл рæсугъд æмæ уæндонæй. Уый диссаджы хъыг уыдис лæгæн, Тотырбег та ноджы тынгдæр никъкъæмдзæстыг, ныфсæрмы.

Афтæмæй бахæццæ сты Тæтæртуппы мæзджыты размæ.

Ам пысылмæттæ ламаз скодтой, стæй хæрд, нозт æрæвæрдтой æмæ райдыдтой хæрын æмæ ныхас кæнын. Халимæт æй куы бамбæрста, Тотырбегимæ кæй нæ фæхибар уыдзæн, уый, уæд фæстæмæ сæхимæ цæуынил ныллæууыд. Сбадт йæ бæхыл, базмæлын æй кодта, æмæ, фыр мæстæй хæкъуырццæй кæугæйæ, фæстæмæ дæр нал фæкаст, афтæмæй афардæг.

Зæххагурджытæ цас фылдæр цæуынц æмæ зилынц зæххытыл сæ хицауимæ, уыйбæрц сæ цæст нал æфсæды. Афтæмæй сыл цалдæр боны аивгъуыдта. Равзæрстой Мыртазаты быдырты хъæдмæ æввахсдæр зæххытæй. Бафидыдтой таубиимæ, цæмæй йын алы гектарæн дæр радтаиккой сызгъæрин æхцайæ фондз сомы.

Уазджытæн сæ хъуыддæгтæй сæ зæрдætæ куы барухс сты, уæд цæуыны къахыл ныллæууыдысты. Раст зæгъгæйæ, сын афон дæр у: æнæхъæн хъæубæстæ сæм æнхъæлмæ касти!

* * *

Изæр йа пæлæз райтауыннæ куы хъавыд, хæххон хъæу Уæллаг Мызуры зылдтытæ сæ тæккæ тæмæны куы бацыдысты, ныгуылæны мигътæ дард хуры тынтæй сырх-сырхидæй куы разындысты, раст уæд уæлвæзы былæй схызтысты хъæуы бæлццæттæ, сæ бæхтыл рог хæссинæгтæ, афтæмæй.

Алчи дæр изæры зылдтытæй къубалмæ вæййы, чи фос хъæуы ‘рдæм здахы, чи хъуццытæ дуцы, чи фыстæ, чи сæгътæ, чи артаджы куыст кæны, чи та къæбæр цæттæ кæны йæ кусджыты æрцыдмæ. Кæй æвдæлы уыцы афон: сæрд! Бæлццæтты ничи уыйбæрц æрхъуады кодта, Ныхасы цы зæрæдтæ бадтис, уыдон йеддæмæ.

Тотырбег йæ бæх комкоммæ ныхасмæ сарæзта. Дзантемыр æмæ Саукуыдз дæр йæ фæстæ.

Зæрæдтæ сæ куы ауыдтой, уæд сæ бадæнтæй фестадысты.

Тотырбегитæ Ныхасы цурмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ бæхтæй



**Зæнджиаты Сослæнбег. Тракторты бригадæ уыд Ставд-Дуртæ, Иран æмæ Змейкæйы хъæутæн иумæ. Уыдонæн разамынд лæвæрдта Сослæнбег.**

æргæппытæ кодтой. Саукуыдз, куыд кæстæр, афтæ сæ бæхбæттæныл абаста.

Тотырбег зæрæдты къухтæ райста, æмæ кæрæдзи райдыдтой хабæрттæй фæрсын. Бæлццæтты фæзынд уайтагъд хъæуыл айхъуыст. Чи йæ куыд хъуыста, афтæ Ныхасмæ згъордта, йæ куыст ныууадзгæйæ. Ныхасы адæмæй къух бакæнæн нал уыд. Æнхъæлмæ кæсынц, цы дзуаппимæ сыл сæмбæлдысты сæ минæвæрттæ. Тотырбегæн хистæртæ дзырды бар радтой. Уый адæмæн бамбарын кодта зæхх балхæныны тыххæй Аргуыданы кæй бафидыдтой, уый.

Адæм хъуыддæгтæ лæмбынæг куы бамбæрстой, уæд сын хистæртæ фехъусын кодтой, зæгъгæ, алчи дæр не 'взæрст æууæнчы лæгтæм

раттæд уыйбæрц æхца, зæхх цас балхæнын у йæ бон.

Ууыл адæм айхæлдысты, æмæ алчи атагъд кодта йæ изæрон куыстытæ æмæ зылдтытæм.

Ныхасæй алы хаттау ныфсджындæрæй ацыдысты хъæздыгдæртæ. Æмæ уый афтæ у. Фæллой æмæ æхца кæмæ ис, быдыры дæр та фылдæр æмæ хуыздæр зæххытæ уыдон балхæндзысты æмæ сæрбæрзондæй куыд нæ цæуой. Алцы дæр зæххæй цæуы æмæ зæххыл рæзы. Фæлæ сæ фылдæр ардыгæй ацыдис сæргуыбырæй. Бирæтæ дзы хъуыдыты бахауд, цæмæй балхæна зæхх, кæцæй æрхæсса сызгъæрин æхцатæ, кæд æмæ къæбæр хæрын тыххæй фæразы, уæд. Кæд æмæ йæ бындуртæ æдæппæт иу сызгъæрин сомы аргъ дæр не сты.

Тотырбег æмæ йе 'мбæлтты саразгæ хъуыддаг хъæздыджытæ æмæ цардхъомтæн цардаразæны хос уыдис, сæ цардмæ сын ноджы фылдæр хъæздыгдзинад хаста, æвадат, æнæзæхх мæгуыртæн та мæт æмæ ноджы дарддæры мæгуырдзинад бафтыдта. Бирæтæ сæ афтæ дæр хъуыды кодта, ома быдыры зæххытæ чи балхæна, уыдон уырдæм фæлидздзысты цæрынмæ æмæ ам сæ зæххытæ уыдонæн баззайдзысты, фæлæ уыдон уыдысты мæгуыры сæнттæ æмæ фæндтæ. Мæгуырмæ фæндтæ кæм ис, уым хъæздыгмæ фылдæр æмæ фыддæр фæндтæ ис. Чи цæмæй зыдта, хъæздыджытæ сæхи хохæй быдырмæ ныххæлиу кæндзысты, дыууæрдæм цæрдзысты: хох сын фосдарæн уыдзæн, быдыр та – хорæй æфсадæг.

Бонтæ цæуынц, фарн семæ хæссынц, кæмæн амонддæттæг сты, кæй та бонвыддæрмæ кæнынц. Кæмæн цы хъысмæт хæссынц, уымæй сæ æрвитынц. Уæллаг Мызурæн ацы бонтæ хастой ног æмæ ног хабæрттæ. Ам тынг хъæздыг хæдзæрттæ нæ уыд, стæй дзы уæвæн дæр нæ уыд. Зæхх – кадавар æмæ къуындæг. Æнæ зæххæй цæмæй хъуамæ схъæздыг уа лæг, цыфæнды кусаг, цыфæнды сæрфатджын æмæ сæрæн куы уа, уæддæр? Пайдайы зæхх уæды рæстæджы уыдис хъæздыг кæныны суадон. Уыдис дзы цардхъом адæмтæ, æмæ уыдон зæхх æлхæнынæн æхца бахастой хъæуы æвзæрст лæгтæм. Иннæтæй чи, зæхх балхæнынмæ бæлгæйæ, ацыд æххуырсты, чи – Грознайы нефты кусæн æрмадзтæм æхца кусынмæ, чи Мамысоны æфцæгыл фæцыд Гуырдзыстоны 'рдæм, кæд искуы фæхæст уаид пайдайы куыстыл, зæгъгæ. Зын зæгъæн у, чи куыд фæндараст фæци, уый. Рабæрæг фæстæдæр. Бирæтæ дзы бафæрæзтой фæллой скæнын æмæ зæхх балхæнын.

Саукуыдз куыддæр ацы балцæй æрбаздæхт, афтæ йæм цалдæр боны фæстæ йæ фыд Хъанымæт фæдзырдта æмæ йын бындуронæй бамбарын кодта, мæйы бонмæ йын ус æрхæссын кæй сфæнд кодта, æмæ йæ фæндыл дыууæ зæгъæн кæй нал ис.

Кæй бон уыдис уыцы рæстæджы йæ фыды ныхасмæ фæстæмæ дзырд сæппарын? Чи уæндыдис ахæмтæ, далæ уый дæр йæ сæр разыйы уагъд æркодта æфсæрмхуызæй.

Чындзæхсæв скæнынмæ алцæмæй дæр цæттæ уыдысты. Уыдис сæм, аккаг ирæд цæмæй бафыстаиккой, уый дæр. Сæрæн, цардхъом, сæрфатджын хæдзарвæндаг уыдысты. Æппæт Уæллаг Иры кæмтты цæрджытæ дæр сæ зыдтой, куыд хъæздыг, дзырддзæугæ кусаг, æхсарджын æмæ кæрдзындæттон адæм. Бакастæй дæр сæм ницы фау æрхастаис.

Саукуыдз нæ зыдта, кæй йын æрхæсдзысты, кæмæ фервитдзысты минæвæрттæ. Кæй равзардзæн йæ фыд йæ мыггаджы хистæртимæ хæстæгæн. Йæ зæрдæ дардта, йæ фыд ын Ирыстоны рæсугъддæр чызджытæй иу кæй æрхæсдзæнис æмкъайæн, ууыл. Йæхи та йын чи фарста!.. Искæй уарзы, искæй чызг йæ зæрдæмæ цæуы, уымæй. Кæмæ хаудта ахæм бартæ уæд хистæрты раз.

Мæйы бонмæ чындзæхсæв скодтой Зæнджиатæ. Саукуыдзæн æмкъайæн æрхастой Дзæрæхохты уæздан æмæ рæсугъд Азауханы.

Саукуыдз æй куы федта, уæд дисы бафтыдис: цæмæй йæ зыдта йæ фыд, Азаухан йæ зæрдæмæ фæцæудзæни, уый?! Ай ма Айшетæй дæр рæсугъддæр æмæ хæрзконддæр куы у! Йæ зæрдæ фыр уарзтæй йæхи къултыл ныххоста, йæ хид йæ къæхты бынæй акалд. Дисы бафтыдис, кæцæй æртахтис ацы зæд йæ хатæнмæ, зæгъгæ.

Сфæнд кодта дуар фегом кæна æмæ ныхъхъæр кæна: «Иу чындзæхсæв ма скæнут, мæ мыггаг, скувут ма ноджыдæр дунескæнæг Хуыцаумæ, цæмæй мæ амонд мæ къухты баззайа, макуыдæмуал мын аирвæза!» Фæлæ уый æхгæд разынд æдде, нæ бакуымдта байгом кæнын, æмæ уæдмæ йæ тæвд фæныллæгдæр. Фембæрста йæ рæдыд.

Уыцы рæстæджы Азаухан дæр йæ сæрыл схæцыд. Чи зоны, уымæн дæр йæ хъуыды æрцыдис, – алæ-ма бакæсон, кæмæ мæ саккаг кодтой мæ уарзон мад æмæ фыд, чи у, цы хуызæн у?

Сæ цæстытæ фембæлдысты кæрæдзиуыл. Чызджы зæрдæмæ дæр куыд нæ фæцыдаид номдзыд усгур Зæнджиаты Саукуыдз! Кæрæдзимæ мидбылты бахудтысты, æмæ ууыл ирон цырæгъты рухс уыцы уаты ахуыссыд.

Саукуыдз æмæ Азаухан ма кæртæй айхъуыстой кæйдæрты сонт хъæртæ, стæй сæ дыууæйы удтæ дæр сындæггай стахтысты æмæ ленк кодтой цавæрдæр æнахуыр диссаджы урс нымæтын уылæнтыл. Се 'муд куы 'рцыдысты, уæд сæ иу иннæйы ауыдта йæ хъæбысы æмæ фефсæрмы сты...

Фæцис сæрд. Алчи йæ зымæг арвыста æдыхстæй. Ралæууыд рагуалдзæг. Иу замманай хурбон фидиуæг азылдис хъæуыл æмæ фехъусын кодта: «Зæхх æлхæныны тыххæй ма 'хца дæттинаг чи у, уыдон сæ тæккæ абон радтæнт Зæнджиаты Тотырбег, Хохты Дзантемыр æмæ Зæнджиаты Саукуыдзмæ.

Уыцы бон изæрмæ алчидæр батагъд кодта æмæ, кæмæн цас йæ бон уыдис зæхх æлхæнын, уыйбæрц æхца радта се 'взæрст лæгтæм.

Хуыцаубоны райсомæй хъæубæсты нæлгоймæгтæ æрбамбырд сты Ныхасмæ æмæ афæндараст кодтой быдырмæ, зæхх исынмæ кæй арвыстой, уыдоны хæдзарæн лæгæй, фæндаггæгтæ. Афтæ хъуыдис, уымæн æмæ алчи хъуамæ райстаид, цы зæхх балхæдта, уый йын сарæзтаид ауæдзтæ.

Ам, Уæллаг Мызуры æрвыст адæммæ, сæ хистæрты фæндæй разынд стыр лæгдзинад æмæ уæздандзинад. Æнæхъæн хъæуы æхсæз хæдзарæй зæхх балхæнынæн æхца нæ радтой. Сæ бон нæ бацис. Бирæ фæхъуыды кодтой хистæртæ, куыд уыдзысты адон нæ астæу æнæ зæххæй, цæмæй цæрдзысты? Æмæ æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ: рахицæн сын кæнæнт фæйнæ дæсæтины, иннæ зæхх уæрст æрцæуæд, æхца чи цал дæсæтины аргъ радта, уымæ гæсгæ.

Араст сты бæлццæттæ, чи саргъы бæхыл, чи бæхуæрдоны, чидæртæ фистæгæй дæр, Тотырбег, Дзантемыр æмæ Саукуыдз сæ разæй, афтæмæй. Æрæнцадысты, Мыртазаты зæххыл сын тауби ныфс кæм æвæрдта, уым. Æрæфы доны былмæ æввахс фæзы. Саукуыдзы иу кæстæр æмбалимæ арвыстой Аргуыданмæ.

Умат-Гирей сæм æрбацыд стыр хуынимæ. Загъта йæ фæндæттæ йæ ног сыхæгтæн. Бамбарын сын кодта, йæ зæрдæмæ тынг кæй фæцыдысты, уый. Загъта, йæ зæрдæ кæй дардзæн ацы диссаджы хорз адæмыл. Цыфæнды тыхсты куы бахауа, уæддæр йæ фарсмæ кæй æрбалæуудзысты Уæллаг Мызуры фæсивæд æмæ йæ кæй бахъахъхъæндзысты цыфæнды зындзинадæй дæр. Дзырд сын радта, кæй сæм никуы æруадздзæн фыдбылыз æмæ зындзинад, ацы зæххыл цалынмæ йæ бон уа, йæ цæст æрттива ацы диссаджы зæххыл.

Бафæдзæхста сын, цыфæнды зын сын куы уа, уæддæр уæндонæй, æдыхстæй йæ уымæн хъусын кæнæнт.

Тотырбег ацы ныхæстæ адæмæн куы бамбарын кодта, уæд ын уыдон бахæс кодтой:

– Не 'ппæты номæй ацы диссаджы хорз зæрдæйы хицау кæсгонæн дзырд ратт, мах ын кæй уыдзыстæм аккаг сыхæгтæ, йæ разы кæй на фесафдзыстæм нæ ирон уæздан æмæ зынаргъ æууæнк. Ард хæрæм йæ разы, нæ фыдæлтау кæй никуы фæсайдзыстæм нæ ныхас, стыр æхсызгон нын у, ахæм зынаргъ лæгæй зæхх кæй балхæдтам æмæ йæхæдæг дæр нæ сыхагæй кæй баззад, уый.

Ацы ныхæстæ йын Тотырбег куы ратæлмац кодта, уæд Умат-Гирей йæхицæй ныббуц. Цæуыны къахыл куы ныллæууыд уыцы æппæт сызгъæрин æхцаимæ, уæд ын Тотырбег йемæ арвыста Саукуыдз æмæ ма йæ дыууæ æмбалы, цæмæй йæ йæ хæдзармæ æдасæй ныххæццæ кæной.

Чи йæ афæндараст кодта, уыдон ногæй хуынимæ 'рбаздæхтысты... Æртæ фыры кусартæн, хæрд æмæ нозт бæхуæрдоны тæккæ дзаг.

Ног хъæу æвæрд æрцыд Æрæфы доны былмæ æввахс, йæ хурыскæсæн хайыл æмæ йыл ном сæвæрдтой Ставд-Дуртæ.

* * *

Рагуалдзæджы æвæджиауы хъарм æмæ ирд райсом скодта. Райсомæй, æхсæв бонæй куы хицæн кодта, уæд бæлццæттæ сыстадысты сæ бæлццоны хуыссæнтæй, сæхи æхсынмæ æмбырд кодтой Æрæфы доны былмæ. Се 'ппæтæн дæр ардæм цæй æнæ 'рцæугæ уыдис, æмæ сæхи куы ныхсадтой, уæд æмхъæлæсæй бафæнд кодтой сæ зæхх ныддихтæ кæнын. Рахастой ахæм фæндон: «Хъæуæн йæ тæккæ астæу уæнт ацы стыр дурты цæнд – Ныхас. Ардыгæй фæйнæрдæм ацæуæнт æмраст уынгтæ, сæ дыгай фæрсты дæр цæрджытæ куыд уа, афтæ.

Ирыстоны иуæй-иу хъæуты уæдмæ фæзындис райдиан скъолатæ. Æмæ ацы хъуыддаг Ставд-Дурты хъæуы бындурæвæрджытæй нæ ферох.

Уæллаг Мызуры та æрæмбырд сты сæ номдзыд Ныхасмæ æмæ бауннаффæ кодтой, Ставд-Дурты цы уыдзæн дарддæр, уый тыххæй. Бадзырдтой, кæмæн куыд йæ бон у, афтæ аразæнт хæдзæрттæ, саратæ, мæнгагъуыстытæ, скъæттæ, куырой. Æмæ сын афтæмæй райдыдта дыууæрдæм царды заман.

Саукуыдзæн уыцы сæрды райдайæны райгуырдис лæппу. Ном ыл сæвæрдтой Дзæрæхмæт. Афтæмæй азтæ адаргъ сты, цæуынц, иу иннæйы ивгæ, фæстæмæ нæ фæкæсгæ æмæ æнæздæхгæйæ. Дзæрæхæн ма райгуырдис дыууæ 'фсымæры æмæ дыууæ хойы. Рæзыдысты. Цард размæ йæ цыд кодта. Уæдмæ фæас и Саукуыдз. Бахызти йе 'цæг лæджы кармæ. Уыдис адæмы æхсæн дзырддзæугæ, зондджын лæгыл нымад. Йæ арæхст æмæ йын йæ кадмæ бирæ тæхудыгæнджытæ уыдис. Æппынæдзух дæр цыдис сау сираг бæхыл, дзаума æмæ хæцæнгарзæй ифтонг арæзтæй. Агуырд лæгæн бирæ зонгæтæ уыдис хæхты, хохрæбын хъæуты.

Саукуыдзы царды ницы уыйбæрц зынгæ ивддзинæдтæ цыдис. Царды цалх размæ тылдис цадæггай, рæзыдысты йæ сывæллæттæ. Сæ бон куыд цыдис, афтæ сæ хъомыл кодтой йæ цардæмбал Азаугханимæ. Дзæрæхмæт усгур лæппу ссис. Адæм æй æмдзыхæй хуыдтой йæ фыды халдих. Никуы дзы ницы ныууагъта фæсфæд. Иу ран æрбадæн ын нæ уыд. Йæ фыды бæсты дæр æмæ йæхи бæсты дæр цы куыст нæ кодта, ахæм ын нæ уыд. Арæзта дзоныгътæ, галты æфсондзтæ, тæбынгтæ, тæмæхсæнтæ, дзывыртæ, быдта цæгатбæстæ, мæхъитæ, бæндæнтæ æмæ афтæ дарддæр. Ирон хæххон хадзары цынæ хъуыд, æмæ иууылдæр цыдысты лæгæн йæхи къухæй. Æлхæнгæ ницы кодта хæххон лæг, цæхх йеддæмæ. Цард æй йæхæдæг ахуыр кодта æппæт зоныныл дæр. Æмæ, йæ сæрæн чи уыд, уый алцы дæр зыдта, курæг ацæуын йæ сæрмæ нæ хаста, стæй йæ уый сæр дæр нæ хъуыд.

Дзæрæхмæтæн ус æрхастой Дæллаг Ирæй Быгъуылты чызджы. Цардысты æнгом хæххон бинонты цардæй. Баззадысты цæргæйæ Уæллаг Мызуры, Мыртазаты быдыры сын Ставд-Дурты цы зæххытæ уыд, уым сын арæзт æрцыд чысыл саратæ. Хохæй зæххытæ кусынмæ цыдысты уырдæм æмæ-иу сын æрæгвæззæг сæ тыллæг æрбаластой Мызурмæ. Бирæхатт-иу сæ фос уым дæр дардтой зымæг.

Быгъуылонæн дæсæм мæймæ чызг райгуырд. Схуыдта йæ Дункæ, фæсномыгæй та йæ Дзыгъуы хуыдтой, йæ цæсгомыл ранæй рæтты чысыл дзыгъуыртæ кæй уыд, уый адыл. Рауадис дзы диссаджы сæрæн чызг.

Уыцы аз фыдаз скодта æгас хохбæсты. Хуымгæнæнæй фæстæмæ суанг фæззæджы райдианмæ къæвдайы æртах никуы æрхауд. Бæстæ сбур-бурид. Кæрдæгæн йе 'цæг хуыз адæймаджы цæстæй рох дæр фæци. Фос хизынмæ фескъæрдтой фæсхохмæ, чи та – Кæсæджы кæнæ

Балхъары зæххытæм. Кæмæн куыд гæнæн уыдис, афтæ амæлттæ кодта. Хос кæрдын дæр сæ бахъуыдис дард кæмдæрты æмæ сæ фос уырдæм фæтардтой зымæгиуат кæнынмæ.

Уæллаг Мызуры аирвæзын кодта Ставд Дурты зæхх. Уым æркарстой хос. Цы сын нæ фаг кодта, уый æрбацамал кодтой Умат-Гирейы зæххытæй. Ам фæззæджы сарæзтой хъомдæттæ, уæтæртæ æмæ сæ фос зымæджы дардтой уым.

Рагуалдзæджы хæхты стырдæр куыстытæй иу у хъæбæрхор æмæ картофы мыггаг бацæттæ кæнын, фæлæ уыцы аз цы бацæттæ кодтаиккой, кæд æмæ æппæт тыллæг дæр хæрзсæфт фæцис, уæд. Иу хоры нæмыг дæр, иунæг картофы гага дæр йæ хæдзармæ ничи æрбахаста фæззæджы. Зæронд хор-иу бирæтæм уыд, фæлæ уый байтауыныл æууæндæн нæй, кæнæ æрзайдзæн, кæнæ нæ.

Саукуыдзмæ дæр уыдис æвæрд хъæбæрхор, фæлæ йæ тауыныл дызæрдыг кодта. Сфæнд кодта кæсæджы хæхты бабæрæг кæнын æмæ дзы картоф æмæ хъуыдалыйы тауинаг самал кæнын. Хорз зыдта тауинаг баивынæн дæр стыр нысан кæй ис.

Иубон Дзæрæхмæтмæ фæдзырдта, сифтындзын ын кодта йæ саргъы бæх, йæ фæндаггаджы хордзентæ саргъы гоппыл бабаста æмæ араст дард балцы. Йæ бирæ хæлæрттæм уайтагъддæр ссардта, цас æй хъуыд, уыйбæрц хор æмæ картоф. Бафснайдта сæ йæ хъонагъмæ æмæ кæсæгæй фæстæмæ рараст йæ хæдзармæ.

Хорз æй суазæг кодта. Уæдмæ кæсгон æвзагыл дзурын дæр сахуыр.

Райсомæй раджы рараст æмæ Ставд-Дурты æрбалæууыд. Уым бабæрæг кодта йæ фосы уавæр. Дзæрæхмæт уым фосимæ зымæгиуат кодта æмæ йын хабæрттæ кодта. Азылд йæ сыхæгты фосдæттыл дæр, йæ зæрдæ сæ барухс. Хорз æй суазæг кодтой, æмæ, кæд уарынхуыз уыдис, уæддæр йæ фæндаг хохмæ адарддæр кæныныл ныллæууыд. Йæ сираг бæхыл бабадт. Йæ фæрстæ йын балхъывта, ехсæй йæ æрцагайдта, æмæ бæх сиргæ йæ фæндагыл йæ сæр радта Æрджынарæджы ‘рдæм.

Изæрмилты Æрыдоны хъазахъхъаг станицæмæ æрбахæццæ æмæ йын дзы кæд зонгæтæ уыдис, уæддæр ам æрæхсæвиуат кæныны хъуыды йæ фæсонæрхæджы дæр не 'рцыдис. Уыны, къæвда йæ ныхмæ рабырсы хæхты ‘рдыгæй, фæлæ йæ хъуыды дæр нæ кæны. Цыдæр тых йæ сæры бацыд æмæ йæм æндæр хъуыды æвваxс нæ уадзы: хохмæ, Уæллаг Мызурмæ, фæхæццæйы йеддæмæ.

Схызтис Чырыстонхъæуы фæрсты, бамидæг къæвдайы хъæбысы. Къæвда цыдис хохы ‘рдыгæй дымгæимæ. Арв æмæ зæхх кæрæдзи хойынц. Саукуыдз йæ андиаг хъуынджын нымæт йæ уæлæ æрбакодта, йæхи дзы æрбатыхта æмæ йе скъæрд дарддæр кæны.

Салыгæрдæнмæ хæстæг Цыраудоны был уæд ног цæрджытæ фæзынд. Уырдæм куы бахæецца, уæд къæвда фенцад, фæлæ афтæ мæйдар у, æмæ цæсты къух куы фæтыссай, уæддæр æй нæ фендзынæ.

Цæуы, скъæры йæ бæхы, фæлæ ма йæ раст Цырауы донгыл рахизынмæ æртæ-цыппар къахдзæфы куы хъуыд, уæд бæх дзыхълæуд ныккодта, хуыррытт кæны йæ фындзæй, размæ къахдзæф дæр нал комы. Саукуыдз æй ехсæй æркъæрцц кодта, фæлæ уæддæр ницы. Бæх йæ бынатæй не змæлы. Ныззылди йæ мидбынат, йæ фæстæгтыл слæууыд. Саукуыдз нæ ахауд бахæй. Æрбалвæста тынгдæр уидоны рохтæ æмæ бæхы тæнтæ. Бæхæн та ехсæй къæрцц, фæлæ уæддæр размæ нæ цæуы. Йæ раззаг къæхтæй зæхх æрриуыгъта æмæ ныууасыд ахъаззаг. Фæстæмæ йæ фездæхта, æвзиды бæхмæ ехсæй, фæлæ фæстæмæ дæр нал цæуы. Уæддæр æхсарджын, уæндон лæг нæ фæтарст, фæлæ йæ сæрыхъуын арц абадтис æмæ, цыма йæ худ йæ сæрæй сцæйтахтис, уыйау æм фæлæбурдта рахиз къухæй. Лæг дисы бацыд. Бирæ фæцыдис дард фæндæгтыл мæйдар æхсæвты дæр, фæлæ ахæм диссаг никуыма федта. Бæх иуырдæм дæр нал комы æмæ иннæрдæм дæр. Æндæр рæтты ацæуын дæр нал æфты йæ къухы. Йæхимидæг хъуыды кæны: «Ай мæ худинаджы хъæр куы айхъуысдзæн, куы фæтæрсон уæд!» Æмæ хъуыдыты аныгъуылд, цæмæй тæрсдзæн бæх афтæ тынг. Уыцы рæстæджы йæ хъустыл ауад сывæллоны кæуыны хуызæн, æмæ уæд бæх бынтондæр сæрра. Зилы йæ мидбынаты, ныууасы, фæлæ уырдыгæй æддæмæ нæ комы. Æрхизон, зæгъгæ, загъта Саукуыдз, кæд мæ фæдыл исчердæм акомид бæх, æмæ зæхмæ æргæпп ласта.

Ласы йæ бæхы рохтæй фæстæрдæм, рахизырдæм, иннæрдæм, фæлæ цы? Йæ къæхтæ ныццæвы, æндæр ницы. Æрмæстдæр йæ бынаты зилын комы, æддæмæ акъахдзæф кæнын нал æфты бæхæн дæр. Йæ хæцæнгæрзтæ йæ хъуыдыйы æрбалæууыдысты. Ливор фелвæста йæ хуымпъырæй, хæрдмæ йæ фæдардта, фелхъывта мæнгвæдæг, дыккаг алхъывд! Гæрах! Æмæ бæх, йæ хъæлæсыдзаг ныууасгæйæ, йæ фæстаг къæхтыл слæууыд æмæ уыцыиу гæппæй размæ ныццавта.

Лæг саргъæй нæ ахауд, цыдæр тых æй нылхъывта. Бамбæрста, йæ сурхид кæй акалд, æмæ йæ худ йæ сæрыл нал ис, уый. Бæх тæхы.

Саукуыдз саргъыл ӕрбӕстон. Ливор йӕ къухы, афтӕмӕй дыууӕ къухӕй уидоны рохтӕ ӕрбамбырд кодта, йӕхи дзӕбӕх ӕрӕмбӕрста ӕмӕ архайы тарст бӕх бауромыныл. Фӕлӕ уый афтӕ ӕнцон кӕм у. Иуцасдӕр ӕй ауагъта йӕхи бар, афӕллайа, зӕгъгӕ. Фӕндагӕй аздахын ӕй нӕ уадзы, искуы ӕрхы куы ныххауой, уӕд сӕфынц бӕхӕй, лӕгӕй.

Бӕхӕн йӕ фынк кӕлы, бахӕццӕ иу фӕзгондмӕ, йӕ гӕпп дугъ фӕуӕззау, фӕлӕ уромын нӕма комы. Саукуыдз йӕ нымӕты хъуырбос феуӕгъд кодта, феппӕрста йӕ, бӕхы дугъ сабырдӕр кӕны, ӕмӕ агӕпп кодта згъоргӕ-згъорын, уидоны рохтӕ не суагъта, афтӕмӕй.

Ӕрурӕдта бӕхы, фӕлӕ ӕнцад лӕууӕн бӕхӕн дӕр нӕй ӕмӕ йӕхицӕн дӕр, исчи сӕ фӕхуыдуг уыдзӕн ӕмӕ бӕхы уыцы фӕзы дыууӕрдӕм ралас-балас кӕны. Уымӕн йӕ фынк кӕлы ӕмӕ тӕдзы, йӕхицӕн лӕгӕн та йӕ сурхид.

Сабыргай йӕ зонд йӕхимӕ цӕуын райдыдта, ӕмӕ йӕхи фӕрсы: «Цӕмӕй фӕтарстаид мӕ бӕх, цӕмӕй фӕтарстӕн мӕхӕдӕг дӕр? Уый цы уыдзӕн, ӕз цӕмӕй фӕтарстӕн? Нырмӕ цӕмӕй нӕ фӕтарстӕн, уый зӕхмӕ ныр кӕцӕй ӕрхауд? Хӕйрӕджытӕ мӕ сайой ӕмӕ хӕйрӕг кӕм ис? Ахӕмтыл ӕз не 'ууӕндын. Лӕгӕн йӕхицӕй хӕйрӕгдӕр ӕмӕ хъаруджындӕр ницы ӕмӕ ничи ис. Цӕуон ӕмӕ йӕ базонон, цавӕр тыхты аххосӕй фӕцӕйкодтон худинаг ӕмӕ ӕгады сӕфт. Цӕмӕй афтӕ старстыстӕм бӕхӕй, лӕгӕй!» Ӕмӕ араст фӕстӕмӕ, йӕ бӕх йӕ фӕдыл аласта, афтӕмӕй. Систа зӕххӕй йӕ нымӕт ӕмӕ цӕуы хъӕуы ‘рдӕм доны ӕрбахизӕнмӕ.

Куыддӕр ӕрбаввахс уыцы бынатмӕ, афтӕ та бӕхх ныххуыррытт кодта ӕмӕ та слӕууыд. Тыххӕй йӕ фӕндагӕй ахизын кодта ӕмӕ йӕ уым иу къаннӕг бӕласыл йӕ уидоны рохтӕй фидар бабаста.

Саукуыдзӕн та ногӕй йӕ хид акалдис. Фӕлӕ загъта: «Мӕлӕты тасӕй дӕр ардыгӕй нӕ аздӕхдзынӕн, цалынмӕ базонон, ай цы хабар у, уый, уӕдмӕ!»

Рахызт фӕндагмӕ ӕмӕ цӕуы уыцы ӕнамонд бынатмӕ. Йӕ хъама сласта. Кӕд дзы хӕйрӕджытӕ кӕнӕ ӕндӕр исты фыдбылызтӕ уа, уӕд уыдон цыргъагӕй тынг тӕрсынц ӕмӕ фесӕфдзысты йӕ разӕй, – афтӕ хъуыста фыдӕлтӕй. Ӕмӕ тыхст лӕг цы нӕ кӕны, цӕуыл не ууӕнды. Кӕд ӕндӕр исты у, уӕддӕр ӕй хъамайӕ скӕрдӕнтӕ кӕндзӕн.

Цӕуы ӕмӕ ницы уыны, фӕлӕ йын цыма цыдӕр ӕлхъивы йӕ сӕры магъз дӕр, ӕмӕ йе уӕнгты дӕр, йӕхи бар цыма бынтон нал сты.



**Лæууынц: Сослæнбеджы цардæмбал Вера, Аладжыхъоты Катя; астæуæй бады Сосланбег, йæ фарсмæ лæууынц йæ чызджытæ Маня æмæ Саня.**

Бахæццæ чысыл донмæ, æдзынæг кæсы йæ къæхты бынмæ, йæ алыварсмæ. Хъама йæ къухы, афтæмæй рæвдзæй лæууы. Донæн иннæ фарс уырæй йæм фехъуыст сывæллоны утæхсæн уынæр. Йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта æмæ искæмæ сдзурæгау хъæрæй дзуры: «О Хуыцау, мацы мын кæн, кæд ма исты æмбарын, уæд уый сывæллоны утæхсæн у, фæлæ йæ ацафон ардæм цы 'рхаста?!».

Цæуы уыцырдæм фидар къахдзæфтæй, уынгæ ницыма кæны, афтæмæй. Хъама уыцы саудалынджы йæ армы разма хæссы. Алы къахдзæфæн дæр йæ къæхтæй йæ алыварс асгары, исты дзы ис, зæгъгæ, æви нæ, уый базоныны тыххæй. Æмæ та йæ уæд æрæвæры æмæ иннæ айсы.

Уалынмæ йæ къах цыдæр фæлмæн тыхтоныл андзæвыд. Ноджы йæ тынгдæр æрæууæрдæгау кодта уыцы къахæй, стæй иннæмæй дæр, æмæ уæд, сывæллоны ма цы тых уыд, уымæй ныккуыдта. Саукуыдзæн йæ зæрдæ афтæ тыхджын сгуыпп-гуыпп кодта, æмæ йæм йæ цавд райхъуыст.

Цы базонын ма йын хъуыд, сывæллон тыхт кæй ис цыдæр дзаумæтты, уый. Бауадзыгмæ йæ бирæ нал хъуыдис, фæлæ йæ нал æмбæрста, сывæллоны тæригъæдæй уыдис, æви, фыдбылызæй кæй аирвæзт, уый цинæй. Æмæ, чи зоны, уыцы тыхст сахаты фæстæ йæ зæрдæ исты кæны.

Бæх æй уыцы саудалынджы йæ бон уыд æмæ ныппырх кодтаид, кæнæ искуыцæй ахаудтаиккой.

Йæхи сывæллоны кæуынмæ æрæмбæрста уайтагъд, æмæ йæ зоныгыл æрлæууыд йæ фарсмæ. Армæй йæ æрысгæрстытæ кодта æмæ йæ æххæстæй бауырныдта, тыхтоны сывæллон кæй ис, уый.

А-а! Сывæллон у! Кæуы, утæхсæн кæны. Кæуын дæр йæ бон нал у. Сдзырдта йæм, сывæллон базмæлыд. Æвæццæгæн, йæхи аивазынмæ хъавыд. Фæлæ цы йæ бон уыд! «Ай кæм бахаудтæн! – загъта йæхицæн Саукуыдз æмæ хъуыдытыл фæцис. Уайтагъддæр йæ зæрдыл æрлæууыдис, фыдæлтæй сывæллон ссарæгыл цы æмбисæндтæ æмæ ныхæстæ баззадис, уыдон. Афтæ дзырдтой: «Сывæллон чи ссары, ууыл кæнæ цард ныйичъи вæййы, кæнæ та æнамонддзинæдтæ 'рхæссы хæдзармæ».

Зæнджиайы-фырт фæсагъæссаг, цы бакæна, ууыл. Иу хъуыддагыл дызæрдыг нæ кæны, ома сывæллонæн ам ныууадзæн нал ис, фæлæ йæ сæхимæ ахæссыныл та стыр дызæрдыг кæны. Йæхиуыл дзуæрттæ

бафтауы цалдæр хатты æмæ та скувы: «Хуыцау! Æнамонддзинад йемæ ма 'рхæссæд! Амонд йемæ уæд!

Къæвда банцади. Йæ худ ссардта, ныккодта йæ; йæ нымæт чысыл фалдæр кауы михтыл æрцауыгъта; бæх уым ныууагъта бастæй, сывæллоны систа æмæ йæ хæдзæртты 'рдæм фæхæссы. Кæройнаг хæдзары дуар бахоста. Мидæгæй рухс ссыгътой, фæлæ ракæсæг нæй.

Стæй фæзынд бæрзонд, ас, мæллæггомау лæг. Йе уæхсчы уæлæты зыны сылгоймаджы сæр.

– Де 'хсæв хорз! – загъта Саукуыдз.

– Æгас нæм цу, – дзуапп ын радта уый дæр. – Хуыцау дæ хорз æмбæлæг фæкæнæд. – Æмæ йæ хынцфарст акодта: – Цы фарн дæ æрбахаста ацы фыдæхсæв? Чи дæ? Кæцæй цæуыс? Кæнæ кæйонг?

Саукуыдз, сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй йын цыбырæй йæ хабæрттæ ракодта.

Лæг æмæ ус сæ зонгуытыл æрлæууыдысты æмæ сæхиуыл дзуæрттæ æфтауынц. Чи зоны, цытæ куывтой сæхимидæг. Лæгæн мидæмæ зæгъынмæ нал арæхстысты. Æрæджиау ус лæджы басхуыста æмæ йын афтæ: «Мæ арт бауазал, ныххудинаг стæм кæйдæр лæджы раз, мидæмæ йæ 'рбахон!»

Æмæ уæд лæг Саукуыдзæн мидæмæ загъта.

Црау уæд хæрз чысыл хъæу уыдис, цалдæр хæдзары фæрсæй-фæрстæм. Бонырдæм хабар фысымты ус сæ сыхæгты зæронд усæн радзырдта. Уайсахат хъæу лæгæй, усæй æрбамбырд сты, дис кæнынц, ардæм чи æрхастаид йæ сывæллоны æмæ йæ чи ныууагътаид доны был.

Саукуыдз афтæ бакодта:

– Цæй, хорз адæм, цы бакæнæм ацы сывæллонæн? Ам æй ссардтон уæ хъæуы кæрон æмæ йæ сымахмæ уадзын. Кæд ын хицау нæ разына, ничи йæ агура, уæд æй схъомыл кæнут, æмæ уын æхсæны лæггадгæнæг уыдзæнис!

Адæм æмхуызонæй схор-хор кодтой:

– Нæ, нæ! Алкæмæн йе ссарæггаг йæхи вæййы, æмæ йæ ахæсс дæхи хæдзармæ!

– Хорз. Райхалæнт ма йæ уæ сылгоймæгтæ æмæ йæ базонæм, лæппу у, æви чызг. Сур хæцъилты мын æй батухæнт, æмæ йын исты хос кæндзынæн.

Фæлæ та йын ууыл дæр не сразы сты, цавæрдæр уырнæны уацары

чи бахауд, уыцы адæм.

– Мæ бæх тынг фæтарст дысон ацы сывæллонæй æмæ мæ ныр æввахс дæр нæ бауадздзæн йæхимæ, æмæ мæм уæд та исчитæ фæкæсæнт, цæмæй бæхыл сбадон, æмæ сывæллоны мæ хъæбысы сæвæрон.

Фæлæ йын ууыл дæр ничи сразы. Æппынфæстаг иу æвзонггомау лæппу загъта:

– Хорз лæг, æз дæ афæндараст кæндзынæн.

Саукуыдз сыстад æд сывæллон, рахызт къæсæрæй, ницы сдзырдта, афтæмæй. Уым чи лæууыд, уыдон дæр æгуыппæгæй баззадысты. Æрмæст уыцы лæппу цыд йæ фæстæ. Лæппуйы фæдыл ма рауад иу рæсугъд чызг æмæ уый дæр цæуы сæ фæстæ.

Сбон ис дзæбæх. Саукуыдз сывæллоны комкоммæ бæхмæ фæхæссы. Бæх тæрсы. Йæ раззаг къæхтæй зæхх хойы. Баввахс æм, сывæллоны скæуын кодта барæй. Бæх уæд сабыр кæнын байдыдта, фæлæ бынтон – нæ. Радта сабийы лæппумæ, фæлæ йæ уымæй чызг тыхисæгау бакодта æмæ йын алолайы зарджытæ кæнын райдыдта. Уый ауынгæйæ, Саукуыдзæн йæ зæрдæ фæфæлмæн æмæ йæм иудзæвгар, мидбылты худгæ, кæсгæйæ баззад. Æрæджиау ын афтæ бакодта: «Кæй дæ, уымæн дзæбæхæй байрæз! Амондджын у! Фæлæ ацы æнæсæрæн адæмы 'хсæнæй тагъддæр дæ сæр искуыдæм айс. Хорзæй дæ амонд ссар. Адоны, æвæццæгæн, ирон адæм куынæуал хъуыд, Хуыцау уæд сфæлдыста!

Чызг загъта.

– Ам нæ хъæу нæма ис, адæм фосдарæнты сты!

Саукуыдз ын, æмбарын дæ, зæгъгæ, йæ сæрæй акуывта æмæ фæцæйцыд йæ нымæты 'рдæм. Лæппу йæ разæй фæцис, азгъордта æмæ йын æй сдавта. Батыхтой нымæт æмæ йæ саргъы фæстаг гоппыл нахатбосæй бабастой.

Саукуыдз йæ бæхыл сбадт. Лæппу чызджы къухæй райста сывæллоны æмæ йæ Саукуыдзмæ хъуамæ сдæдта, фæлæ бæх тæлфы, æввахс æй нæ уадзы. Уæд лæппу фæстæмæ сывæллоны чызгмæ радта, бæхы рохтæ æрцахста æмæ йæ змæлын нал уагъта. Чызг сывæллоны слæвæрдта барæгмæ. Саукуыдз сæ сæ нæмттæй бафарста. Лæппу Хæмæтхъан хуынд, чызг та – Езетхан. Стыр арфæтæ сын фæкодта æмæ йæ ных хохмæ сарæзта.

Раст сихорафон схæццæ сæхимæ. Хъæубæстæ хабар куы базыдтой,

уæд куыннæ æрæмбырд уыдаиккой. Цæуынц сæм, арфæтæ сын кæнынц. Саукуыдз сын йе 'хсæвы хабæрттæ фæкодта. Хъæубæстæн фынг æрæвæрдта – хæрд, нозтæй сæ хорз федта. Фæкуывтой чысыл лæппуйæн-сывæллонæн, ном ыл сæвæрдтой Джетæ.

Дзæрæхмæт æмæ Быгъуылонæн лæппу райгуырдис – Будыги.

Кæхцгæнæны, Саукуыдз дæр ницы зыдта, афтæмæй сæм Хæмæтхъан æмæ Езетхан кæхц схастой: урс егъау фыр, æнæхъæн лалым арахъхъ æмæ æндæр хуынтæ. Дыууæ лæппуйы кæхц иу бонмæ æрцыд...

Лæппутæ иумæ хъомыл кодтой се 'мгæрттимæ. Азтæ цыдысты. Цумахъом фесты. Къорд азы фæстæ фæзиан сты фæд-фæдыл Саукуыдз æмæ йæ цардæмбал. Уæдмæ сбирæ сты быдыры хъæутæ. Фæивта хæххон адæмы царды уавæр. Сæ нымæц къаддæрæй-къаддæр кодта. Хохмæ дæр фæзындысты революцийыл тохгæнджытæ. Будыги æмæ Джетæ дæр усгур лæппутæ систы. Бамбæрстой, хæххон адæмæй сæрæн чи уыд, уыдон сæ зондахастмæ гæсгæ цалдæр дихы кæй ныййисты. Будыги æмæ Джетæ дæр, Дзæрæхы зондахастыл цæугæйæ, цæттæ уыдысты революцийы сæрыл тохмæ. Æппæтæй дæр уыдысты, хъæздгуыты æмæ зæхджынты ныхмæ чи хæцыд, уыдоны фарс. Куы бахъуыдаид, уæд хæстмæ ацæуыныл дæр – разы.

Джетæ егъаудæр уыд. Æвæццæгæн, иу-дыууæ азмæ æввахс хистæр уыдаид Будыгийæ, фæлæ сæ афтæ хъомыл кодтой, æмæ Джетæйæн йæ зæрдæ никуы фехсайдта, ссарæггаг у, æви Дзæрæхæн йæ хистæр фырт у.

Афтæмæй рæзыдысты. Диссаджы усгур лæппутæ систы. Джетæ дæр рæсугъд æмæ сæрæн, фæлæ Будыги ахæм диссаджы сæрæн æмæ рæсугъд лæппу байрæзт, æмæ йыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Уыцы рæстæджы разагъды усгур лæппу алкæй нæ хуыдтой, фæлæ Будыгийы хуыдтой ахæм. Æмæ уый аккаг дæр уыдис. Ирон лæг цæмæйдæриддæр арæхстис æмæ зыдта, уыдонæн Будыги сæ иунæг дæр æнæзонгæ нæ уыдис. Ууыл дæр æмæ Джетæйыл дæр хъæубæсты фæсивæдæй ничи тых кодта тыхæй дæр, бæхыл бадынмæ дæр æмæ топпæй æхсынмæ дæр. Будыги та Джетæйæ дæр – ноджы тыхджындæр. Каст фесты дыууæкъласон скъола Мызуры, рæстæмбис ахуыр кодтой, афтæмæй. Дыууæ дæр кæрæдзи аккаг уыдысты æмæ цæугæ дæр æнæ кæрæдзи уымæн никуыдæм кодтой. Кæрæдзийæ сын фæхицæнгæнæн нæ уыд. Исчи-иу сын

хицæнтæй цума загъта, зæгъгæ, уæддæр-иу дзы куырдтой, иумæ йæ бакæнæм, зæгъгæ. Уæрст дæр сын ницы уыдис. Чи-иу сæ цы дзаумамæ фæтагъддæр, кæрæдзийæн сын чи бæззыд, уыдонæй, уый-иу скодта. Дзаума æмæ сын къахыдарæс та Быгъуылон хуыдта иухуызон хъуымац æмæ сæракæй. Сæ иуæн цы уыдис, иннæмæн дæр уый хъуамæ уыдаид.

Гъе, афтæ сæ сахуыр кодтой чысылæй фæстæмæ. Æмæ кæрæдзиуыл афтæ сахуыр сты, æмæ-иу сæ иу чысыл рæстæг дæр куы фæхицæн иннæмæй, уæд-иу иннæмæн цыма цыдæр нæ фаг кодта, уыйау-иу ракæс-бакæсыл ссис. Афтæ сыл сахуыр сты адæм дæр. Æнæ Джетæйы-иу Будыгийыл чи сæмбæлд, уый-иу æй афарста: «Æмæ дын Джетæ кæм ис?» Джетæйы та-иу Будыгийæ фарстой. Хъæубæстæ сæ Саукуыдзы цæдисон галтæ хуыдтой.

Æцæг ирон лæппутау кафын æмæ зарынмæ дæр – æвзыгъд æмæ арæхстджын. Фидаугæ дæр сыл кодта. Чъегъре-иу сæ иумæ куы бахатыд, скаф, зæгъгæ, уæд-иу иннæ дæр рагæпп ласта, æмæ та-иу сын бацайдагъ къахфындзтыл, стæй дзуццæг кафт.

* * *

Азтæ æмхуызон не сты. Алы аз дæр йемæ цыдæр ногдзинад æрхæссы. Ацы уалдзæг дæр ногæй фенын кодта æрæджиауы хъызт бонтæ. Апрелы мæй æнæхъæнæй дæр уазæлттæ ахаста хохы. Кусæн бонтæ дзы чысыл уыдис. Уалдзыгон куыстытæ адаргъ сты. Быдыры рæстæгыл байтыдтой нартхор, фæлæ хохы хуымгæнæн тынг æвзонгмæ ацыдис. Æрæгмæ фесты хосгæрдæнмæ бацæттæ кæныны куыстытæ дæр. Дæргъвæтин къæвдаты фæстæ схур ис, æмæ хъæубæстæ цæуын райдыдтой Ставд-Дуртæм нартхор рувынмæ.

Сусæны райдианы Дзæрæхмæт дæр цæттæ кæнын райдыдта йæ бæхуæрдон. Сцалцæг æй кодта, йæ сæмæн ын сæрдæнæй байсæрста; базылдис йæ бæх ифтындзæн дзаумæттæм. Быгъуылон кæд йæхи бар нæ уыди, тагъд ын сывæллон уыдзæн, уæддæр бæлццæттæн хæрд æмæ нозт æрцæттæ кодта цалдæр боны фаг. Талынг ма уыдис, афтæмæй сыстадысты Дзæрæх æмæ Быгъуылон.

Сыстын кодтой Будыги æмæ Джетæйы дæр. Дзæрæх бæхтæй иу, уæрдоны бæх кæй хуыдтой, уый сифтыгъта. Сæвæрдта дзы кæрц, дыууæ бинаг нымæты æмæ иу уæйлаг нымæт. Сæ быны хъæмп, афтæмæй. Дзета æмæ Быгъуылон хæссынц хæринæгты рифтæгтæ,

бæгæны æмæ къуымæлы лалымтæ, чысыл лалымы арахъхъ æмæ сæ Дзæрæх уæрдоны бæстон æвæры. Будыги та цæттæ кæны саргъы бæх. Сæвæрдта йыл сауарæзт саргъ, бакодта йыл сауарæзт идон, æвзист мæргъгæ. Сцæттæ сты.

Диссаджы райсом скодта. Арвыл мигъы къæм нæ зындис. Ныгуылæны хæхтыл хур йæ тынтæ райтыдта æмæ миты зæйау уырдыгмæ бырсынц, раст цыма хъæумæ тагъд кæнынц сæумæцъæхæй адæмы зæрдæтæ бахъарм кæнынмæ, уыйау. Зæнджиаты бинонты уыцы сæумæрайсом цыма цыдар стыр тых йæ уæлныхты хаста, уыйау уыдис се змæлд. Се 'ппæт дæр – уыцы хъæлдзæг æмæ худæндзаст. Стырæй, чысылæй се змæлд уыдис, бæлццæтты, куыд æмбæлы, афтæмæй арвитын. Дзæрæх фæдзырдта се 'гасмæ дæр. Нæлгоймæгтæ æрбадтысты фынджы уæлхъус. Бафæдзæхста сæ Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл. Алчидæр йæ къæбæр бахордта. Цæмæй бæлццæттæ фæндараст фæуой, уый тыххæй бинонтæй чидæр къæсæры раз сыгъдæг доны къус авæрдта – йæ сæрты ахизгæйæ, сæхиуыл дзуæрттæ афтыдтой æмæ араст сты сæ фæндагыл.

Уæдмæ кæд фæндаг алы аз дæр уæрæх кодтой, уæддæр дзы бæхуæрдон тæрсгæ цыд. Алы бæх та дзы уæрдоны ифтыгъдæй нæ уæндыд. Стыр фæндагмæ куы 'рхызтысты, уæд баиу сты къорд бæлццæттимæ, уыдонæн дæр сæ фæндаг уыдис быдырмæ нартхор рувынмæ. Алкæмæн салæмттæ дæтгæйæ, сæ фæндаг цыбыр кодтой. Цъыфы Уастырджийы бын алчи йæ кувинæгтæ систа, скуывтой, нысайнæгтæ дзы нывæрдтой æмæ дарддæр цыдысты сæ фæндагыл.

Уæдмæ Дункæ чындзы ацыдис. Сæ фæндаг Мыртазатыл цыдис, æмæ Дзæрæхæн йæ чызджы хæдзармæ цæй æнæ фездæхгæ уыд. Баздæхтысты. Фысымтæ уайтагъд зылд уæрыкк æрбаргæвстой, ацæттæ йæ кодтой Дункæ æмæ йе 'взонггомау æфсин. Фынгыл æй авæрдтой. Уæдмæ сыхы хистæрмæ фæдзырдтой æмæ уазджыты хорз суазæг кодтой.

Джетæ уырдыг лæууыдис, Будыги та кæрты æдде нæууыл йæ дугъоны бæх хафæнæй сæрфта. Амбырд ыл сты сыхы лæппутæ æмæ йæ фæрстытæ кæнынц: «Ахæм диссаджы бæх кæм ссардтай? Бадын искæй уадзы æви нæ? Сирын дæр зоны? Фæсарц бадын уадзы æви нæ? Армаццаг кæны æви нæ?»

Будыги дæр сын, худгæйæ, дзуапп дætты. Кæй дзы бæхыл авæры æмæ йæ аралас-балас кæны, кæй йæ хъæбысмæ фелвасы æмæ йын апъа кæны.

Дункæ-иу æддæмæ куы рауад кæртæй, уæд та-иу æм Будыги йæхи хæстæг байста. Фарста йæ, йæ цард ам куыд цæуы, йæ бинонтæ йæ куыд рæвдауынц. Йæ лæг æм цавæр цæстæй кæсы...

Абон афтæ диссаджы хъæлдзæг уыдис Будыги, раст цыма барæй афта кодта, уыйау. Дункæ ма йæ фæрсгæ дæр акодта: «Ацы бон цыдæр æнахуыр хъæлдзæг дæ, дæ цинтæ дæр цыдæр уыцы фæлмæн зæрдæмæхъаргæ сты цæмæндæр, Будыги!

Мæнæ фынджы бадт дæр райхæлди. Джетæ уый фæстæ къæбæр хæрыныл афæстиат æмæ уæд, цалынмæ Дзæрæхмæт фæсминас уазджытимæ ныхас кодта, уæдмæ Будыги бæх уæрдоны аивтыгъта.

Джетæ куыддæр рахызтис, афтæ уæрдоны абадтис, бæхы рохтæ йæ къухмæ райста. Дзæрæхмæт, фысымтæн хæрзбон зæгъгæйæ, сбадт йæ фарсмæ æмæ араст сты. Будыги йæ бæхы æхтæнгтæ сæлвæста. Рог æм сгæпп кодта æмæ адæмæн хæрзбон загъта, Дункæйы къух райсынмæ æргуыбыр, райста йын йæ къух æмæ кæрæдзимæ нымдзаст сты, раст сын цыма исчи афтæ бафæдзæхста, кæрæдзиуыл фæстаджы цинтæ акæнут, зæгъгæ.

Будыги йæ къух куы суæгъд кодта, уæд дзы Дункæйы уадул æрсæрфта, йæ бæхы рохтæ æрбатымбыл кодта, ехсæй йæм февзыста æмæ йæ уæрдоны фæстæ сиргæ ауагъта.

Дункæ йæ фæдыл кæсынæй нал æфсæст. Ныббуц дзы ис йæхимидæг, цы æфсымæр мын рахъомыл ис, зæгъгæ. Æмæ мидæмæ нал бацыд, цалынмæ бæлццæттæ фæаууон сты, уæдмæ сæ фæстæ фæкаст. Уый фæстæ хæдзармæ бацыд, йæхи тæрхæгыл æруагъта æмæ, йæ сæры цы хъуыдытæ 'взæрдис, уыдон йæхæдæг дæр нал æвзæрста. Йæ цæстытыл уадысты цавæрдæр тугæрхæмттæ адæймæгтæ, сау адæмы бардз йæ цæстыты раз цыма кæдæмдæр фæдисæй згъордта, стыхстис, йæхи ма цы фæкодтаид, уый нал зыдта. Фестадис æмæ, йæхицæн бынат нал аргæйæ, йæхимидæг афтæ бакодта: «Сау бон мæ баййæфта, цыдæр фыдуац хъусдзынæн», æмæ уыцы уысм йæ хъустæ ныззарыдысты. Ай цы хабар уа, куыд загъта, афтæ йæ сывæллон авдæны скуыдта æмæ йæм йе 'фсин бадзырдта: «Уæ чындз, дæ сывæллонмæ бакæс!» Фестад, йæ алыварс аракæс-бакæс кодта, стæй сывæллонмæ атындзыдта. Уыцы саумарой хъуыдытæ йæ уæгъд нал суагътой.

Йæхи авдæны хъæдыл æруагъта æмæ, сывæллонæн дзидзи даргæйæ, æрфынæйгонд. Раст цыма фыны уыны, уыйау ын йæ



**Ставд-Дурты колхозы кусджытимæ.**
**Астæуæй лæууы Зæнджиаты Сослæнбег.**

хурх цыдæр æрбалвæста, фæцæй йæ хуыдуг кодта. Фехъал. Йæ сывæллоны дзыхæй йæ дзидзи фелвæста, фестадис, йæ кофтæйы æгънæджытæ авæрдта æмæ зылдтытыл йæхи фæкодта, æфсинимæ ныхас кæнгæйæ. Афтæмæй йæ æрбайрох сты йæ фыдбылызы хъуыдытæ, фæлæ йæ хуыз фæцыд. Йе 'фсин ма йæ фæрсгæ дæр акодта, дæ хуыз цыдæр цыд куы у, чындз, зæгъгæ.

– Нæ, не 'фсин, нæхиуæтты арæх нæ уынын æмæ мæхимидæг стыхстæн, кæд та сæ фендзынæн, зæгъгъæ, – дзуапп ын радта. Уæлдайдæр та – ме 'фсымæры. Цыдæр мæм афтæ кæсы, цыма уый ме 'фсымæрæн æвгъау у, æмæ мын æй исчи байсдзæнис. Абон æм кæсынæй дæр нæ бафсæстæн. Стæй мæм йæхæдæг дæр нымдзаст, цыма мæ раст фæстаг хатт уыны!

Йе 'фсин ын йæ дзыхы батутæ кодта, цытæ дзурыс, зæгъгæ, ахæм хъуыдытæ аппар дæ сæрæй. Хо æмæ æфсымæр кæрæдзимæ кæстытæй фылдæр цы кæнынц, чи сæ раздæр вæййы, чи фæстæдæр, æмæ уый тыххæй цæмæй старстæ...

* * *

Дзæрæхмæт йæ кæстæртимæ талынггæрæтты ныххæццæ Æрджынарæджы Терчы былмæ. Ам чидæртæ æхсæвиуат кæнынмæ суагътой сæ бæхтæ. Уыдоны цурмæ баздæхтой сæ уæрдон. Кæрæдзийæн салам радтой æмæ адон дæр сæ бæхтæ суагътой, сахсæнтæ сыл сæвæрдтой æмæ сæ хизынмæ ауагътой.

Æрбынат кодтой хъæуккæгты фарсмæ. Хистæртæ ныхас кæнынил æрбадтысты, кæстæртæ æртхос æрбамбырд кодтой æмæ арт скодтой, зæронд арты бынат кæм уыдис, уым. Бирæ куыннæ фæныхас кодтаиккой, иу афон алчи йæ фæндаггæгтæ систа, æрбадтысты æхсæвæр хæрыныл.

Дзæвгар фæбадтысты. Цъæх арвы бын уыцы сыгъдæг уæлдæфы фæцæл кодтой. Æмбисæхсæв куы фæцис, уæд алчи йæ уæрдонмæ йæхи айста æмæ бафынæй ис фæлмæцыдæй.

Райсомæй боны цъæхтыл сыстадысты. Алчи йæхи ныхсадта. Сифтыгътой сæ бæхтæ æмæ араст кодтой сæ фæндагыл.

Будыги йæ хъал бæхыл куы аразæй вæййы, куы йыл уæрдонджынты алыварс æркафы. Бæлццæттæ-иу ыл сæ цæст æрæвæрдтой. Алчи дæр йæ цыд кæны, ницы ивындзинæдтæ цæуы ацы бæлццæттæм. Ахызтысты Æрджынарæгæй. Кæцæйдæр халон уасгæ ратахтис æмæ абадтис, раст Дзæрæхмæт æмæ Джетæ кæм фæцæйцыдысты, уый фарсмæ дурыл æмæ уыдоны 'рдæм бауасыд. Чысыл куы ауадысты, уæд та халон уырдыгæй стахтис æмæ уасгæ-уасгæ абадтис Дзæрæхмæты уæрдоны рæтæнагъдыл. Джетæ йæм уисæй бавзыста. Атахти, фæлæ та, уæрдоны 'рдæм йæхи æппаргæйæ, уасы æмæ та уæрдоны фæрсуæлдуаны фæстаг кæрон абадтис. Асырдтой та йæ. Тæхы сæ фæрсты, уасгæ.

Дзæрæхмæтыл бæстæ фыр тæссæй талынг кæнын байдыдта. Ахæм диссаг уый дæр æмæ адæм дæр никуы федтой. Се 'ппæт дæр фæудаист сты. Сусу-бусу байдыдтой. Цыдæр стыр фыдбылыз ныл цæудзæнис, зæгъгæ, загътой ацæргæ адæм. Фыдæлтæй хъуыстой, халон дæм иугæр бауасыд, уæд, дам дыл æнæ цыдæр фыдбылыз æрцæугæ нæй. Дзæрæхмæт йæ уæрдон баздæхта фæндаггæронмæ æмæ баурæдта бæхы.

Будыги йæ фæрсы:

– Цы 'рцыдис Баба?

– Цы 'рцыдис, уымæ нæ кæсыс: халон йæхи нæ уæрдонмæ куы 'ппары æмæ уасынæй йæхи куы мары, уæд? Уый хорз хабархæссæг нæу.

– Худинаг у, Баба, фæндагæй аздæхын, нæ нартхор æнæ рывдæй фесæфдзæн, æмæ Ирыстонæн хæсджынæй баззайдзыстæм. Ма бакæн афтæ!

Бæлццæттæн дæр сæ фылдæр баурæдтой сæ уæрдæттæ. Чи, аздæхæм, дзуры, чи – ацæуæм нæ фæндагыл. Халон мах хъуыддæгтæн цы 'мбары, зæгъгæ.

Дзæрæхмæт йæ бæхы рохтыл ныххæцыд, хъуамæ йæ разила æмæ фæстæмæ йæ хæдзармæ атагъд кæна. Будыги æмæ ма чидæртæ йæ размæ æрбалæууыдысты, ницыма йæм сдзырдтой, афтæ сын йæхæдæг зæгъы:

– Лæппу! Мæ хуртæ! Мæ сывæллæтты мад Быгъуылоны рынчынæй ныууагътам. Æвæццæгæн ыл цыдæр æрцыдис. Мæ сывæллæттæ хурмæ кæд баззадысты, уæд ма æз та нартхор рувынмæ цæуон?! Ауадзут мæ мæ хæдзармæ.

– Баба, – хъæрæй сдзырдта Будыги. – Халон мах хъуыддæгтæн цы зоны, Уастырджийы зарæг сисынмæ йæм æнхъæлмæ кæсыс, æви цы?! Уасын зоны æмæ йæ кæны. Стæй æппынæдзух тæхын дæр йæ бон нæу, искуы хъуамæ æрбада, аулæфа, стæй та атæха, уæдæ куыд? Æвæццæгæн, уæрдоны хом дзидза ис, æмæ йын йæ тæф бамбæрста. Æххормаг у æмæ йæм æппары йæхи. Уый тыххæй халонæй фæтарстыстæм æмæ нæ фæндагæй аздæхтыстæм, зæгъгæ нæ чи фехъуса, уый ныл фидиссаджы худт куы фæкæндзæн, уæд уый нæ сæрмæ куыд хæссæм?

Сæ алыварс адæмæй бирæтæ хъуыдытыл фесты, иннæтæ бахудтысты, чи та Будыгийы раст æмæ уæндон ныхæстыл дисты бацыд.

Будыги та йæ фыдмæ бауæндыд:

– Сбад, Баба, уæрдоны, адæмы ма дызæрдыггаг кæн, мах тыххæй сæ нартхор æгуыстæй баззайдзæн æмæ фидæны сæфт кæнæм. Мах сын æлгъыстаг фæуыдзыстæм. Æмæ цæмæн? Халонмæ уасын æрцыд æмæ ныууасыд æмæ уымæн? Нæй! Уый гæнæн нæй! Ныххæццæ уæм бынатмæ, стæй, кæд здæхæм хохмæ, уæд дæ чи бауромдзæн. Адæм сæ куыст кæндзысты, ды та – дæ хъуыддаг. Кæд нанайыл исты æрцыд, уæд нæм хабар хъуысдзæн. Фæлæ уый халоны уасты

тыххæй нæу æмæ нæ уыдзæн. Уый лæджы хъысмæт у. Æз дæр æмæ ацы адæм дæр хорз зонынц, нанайæн халоны уастæй кæй ницы уыдзæн, уый.

Ацы ныхæстæм никæйуал бон ницы зæгъын бацис. Дзæрæх бæхы рохтыл ахæцыдис, азылдта йæ, фæндагмæ йæ бахизын кодта, Джетæмæ бадзырдта:

– Лæппу! Сбад æмæ скъæр!

Джетæ уæрдонмæ басæррæтт ласта, абадтис разфæйнæгыл, æмæ бæх араст ис.

Дзæрæхмæт фæндаджы фæрсты, арф хъуыдытæгæнгæ, цæуы. Иудзæвгар ахъуыды кодта йæ фырты æхсарыл. Йæхимидæг сразыгонд йемæ. Чи зоны, раст у, зæгъгæ. Фæлæ та нæ, йæ зырзырæй не 'нцайы.

Будыги дæр йæ бæхыл сбадтис æмæ та скъæры, куы кæй фарсмæ фæуромы æмæ йемæ аныхас кæны, афæрсы йæ, куы кæй. Раст цыма ацы уæрдонджынты къордæн хистæрæй æрвыст у, уыйау. Кæм æргæпп кæны бæхæй æмæ, искæй бæхы дзаумæттæ исты арастгæнинаг куы вæййы, уæд æй ацаразы, кæмæн ныфсытæ авæры. Куы разæй аскъæры æмæ абæрæг кæны фæндаг, лæгъз у æви къуыппытæ-дзыхъхъытæ.

Гъе, афтæмæйты, кæрæдзи ирхæфсгæйæ, сихор афон ныххæццæ сты сæ зæххытæм. Уым кæй ныййæфтой, уыдонимæ кæрæдзиуыл бацин кодтой. Æмæ алчи аздæхта йæхи зæххы 'рдæм.

Дзæрæхмæт дæр Джетæимæ уæрдонæй бæх суæгъд кодтой, чысыл æддæдæр æй æд уæрдоны саргъ бæндæнæй къæбæлмæ бабастой. Будыги йæ бæхы тъæнгтæ бауæгъд кодта, йæ идоны къæбæлтæ йын йæ дзыхæй рафтыдта, идоны рохтæ раззаг галиу къахмæ цыбыр бабаста æмæ йæ Æрæфы доны фарсмæ суагъта.

Джетæ æмæ Будыги ацыдысты нартхоры хуымыл æмæ, фæстæмæ куы æрбаздæхтысты, уæд Дзæрæхæн загътой, хуым æгæр кæй скæрдæгджын ис, уый. Уый сын афтæ:

– Цыфæнды скæрдæг уа, уæддæр ын æнæ рувгæ нал ис. Фæлæ уал сара рафснайут. Йæ рыгтæ, йæ хæлуарæджы тынтæ йын расæрфут. Бадзæбæхтæ йæ кæнут, æмæ æрбынæттон уæм.

Уыдæттæ сарæзтой. Ныккарстой сæ фезмæлæнтæ, ссыгъдæг кодтой, сихор бахордтой. Сфæнд кодтой сæ кусæн дзаумæттæ рифтагæй сисын æмæ сæ уæлæ скæнын. Алчи сæ исты архайы, уæдæ

цы. Джетæ уайтагъд аивта йæ бæлццон дзаумæттæ æмæ бацыд Будыгийы цурмæ. Уый дæр раласта йæ уæлæдарæс. Скодта йæ кусæн хæлаф-хæдон. Йæ бæлццон дзаумæттæ уæрдоны фарсмæ дурыл байтыдта æмæ сыл йæ авдæхстон ливор æрæвæрдта, афтæмæй йæ хæдоны ирон æгънæджытæ æвæры.

Джетæ бацыдис, систа ливор æмæ Будыгимæ дзуры:

– Будыги, абон мæ ацы ливор куы уыдаид, уæд дын уыцы халонæн æз лæппуйы хуызæн фæуыдаиды, бæргæ. А лæппу йын йæ уасын йæхирдыгæй фæкодтаид, бæргæ! – Дамбаца ныддардта Будыгийы 'рдæм, æрбахæцыд мæнгвæдæгыл. Гæрах анæрыд кæмтты!

– Æллах... амардтай мæ! – Нæмыг Будыгийы риуы иннæрдæм ахызти. Цалдæр къахдзæфы ма, йæ риуыл хæцгæ йæ размæ сæруæзгæйæ акодта, æмæ дæлгоммæ ахауд.

Джетæ цы бакодта, уый нæ бамбæрста. Дзæрæх йæхи баппæрста лæппуйыл, фæдисхъæргæнгæ. Джетæ фестадис, разгъор-базгъор кæны йæ хъæлæсы дзаг æрдиаг кæны. Адæм алырдыгæй æрбакалдысты, фæлæ сæ фыр тæссæй ничи ницæмæуал арæхст. Æрæджиау чидæр сарæхст:

– Бæх аивтындз æмæ цæфы Æрыдонмæ ласгæ тагъддæр!

Сæ бон куыд уыд, афтæ йын йæ цæф бабастой, уæрдоны йæ авæрдтой æмæ йæ раластой. Уыцы рæстæджы Джетæ йæхи Дзæрæхмæтыл ныццавта, цы ми кодта, уый нал æмбаргæйæ. Чидæр ын йæ хурх ацахста фыр мæстæй, цы бакодтай, зæгъгæ, фæлæ йын æй Дзæрæхмæт йæ къухтæй скъахта. Джетæмæ афтæ фæкаст, цыма Будыгийы Дзæрæхмæт фехста æмæ йыл Будыгийы сæрыл йæхи ныццавта, ома йæ туг ын райсон. Дзæрæхмæт йæхи æрæмбарæгау кодта æмæ цæфласджыты фæстæ фæцæуæг. Нæлгоймæгтæй ма иуцалдæр йемæ ацыдысты. Иннæтæ апырх сты, алчи йæ кусджыты афæдзæхста, сæ бæхтæ уæрдæтты сифтыгъто́й æмæ уыдон дæр фæдисонты фæстæ атагъд кодтой Æрыдонмæ. Тагъд бæргæ кæнынц, фæлæ бæхæн уæлдай тагъд скъæрæн нæй. Уæззау цæф лæппу уæд мæлæтыл бафты. Йæ бон куынæуал вæййы, уæд æй нымæтыл сæвæрынц, афтæмæй йæ хæссынц, стæй та йæ фæстæмæ уæрдоны сæвæрынц. Афтæмæй йæ ныххæццæ кодтой Æрыдоны рынчындонмæ. Уайтагъд æй дохтыртимæ мидæмæ бахастой, сынтæгыл æй æрæвæрдтой, астæуæй уæлæмæ йын йæ дзаумæттæ фелвæстой æмæ йæм куыддæр дохтыр æрæвнæлдта, афтæ Будыги йæ

уд исынил ныллæууыд. Йæ цард аскъуыд Зæнджиаты цардбæллон æвзонг кæстæрæн. Йæ цæстытæ йын æнусмæ æрæхгæдта Зæнджиаты Тасолтан. Йæ къухтæ йын йæ риуыл сæвæрдта, йæ къæхтæ йын арæстытæ кодта æмæ ныккуыдта хъæлæсыдзагæй.

Бæстæ кæуын æмæ дзыназын ссис. Уайтагъд рынчындоны алыварс адæм дæр æмбырдтæ байдыдтой, хабар æппæт хъæуыл дæр айхъуыстис. Дзæрæхмæт рынчындоны каутæбыдмæ æввахс, йæ цæстæй цæссыг нæ хауы, афтæмæй дурдзавдæй лæууы. Адæм йæ размæ цæуынц, æмбары, цы бæллæхы саубон ын скодта, уый, фæлæ йæ дзыхæй иу ныхас скæнын дæр йæ бон не ссис, цалынмæ йæм Тасолтан бацыд æмæ йын бамбарын кодта, адæмы æфсæрмæй хъæддых фæлæууын кæй хъæуы, уый, уæдмæ.

– Ме 'фсымæр Дзæрæхмæт, – загъта йын уый. – Ацы адæм се 'ппæт дæр дæ фырт æмæ дæуыл кæуынц, нæ сæм кæсыс, зæрдæскъуыдтæ йыл куы кæнынц. Уыйбæрц ды та дæхиуыл фæхæц. Адæмы æфсæрмæй ныффидар у. Зонæм æй, уынæм æй, цы 'рцыдис, уый тынг зын бауромæн кæй у, фæлæ адæмы фарн бирæ у, æмæ йын аргъ кæнын хъæуы.

Уыцы ныхæстæ Дзæрæхмæтмæ бахъардтой, æмæ йæхиуыл фæхæцыдис, фемæхстысты йæ цæстысыгтæ æмæ йын цыма фенцондæр, афтæ фæцис. Кæд зæрдæ еудодой кæны, уæддæр адæммæ йæхи хъæддыхдæрæй раздæхта, фæцырддæр кодта йæхи.

Уалынмæ Джетæ æрбахæццæ Будыгийы бæхыл. Æргæпп кодта, мидæмæ йæм цæуы, йæ хъæлæсыдзаг кæугæ, сæр хойы, йæ рустæм лæбуры æмæ сæ тоны, йæ цыбыргомау сæрыхъуынтæ тоны бындзыггай. Ныххæцыдысты йыл, фæлæ хъæр кæны: «Цы бакодтон уый! Цæуыл фесæфтон уый дæр æмæ мæхи дæр! Ауадзут мæ, æмæ йæ уæлæ æз дæр мæхи ныххурх кæнон! Цы ма у мæ цард! Тæригъæдджынæй фæцæрын Будыгийы фæстæ мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн!»

Будыгийы бæх йæхи уæлæ тынг ахуыр уыдис. Куыддæр Джетæ æрхызтис, афтæ йæ сæр бæрзонд систа æмæ ракæс-бакæс кæны æмæ, æвæццæгæн, ацы сау маройгæнæг адæмы 'хсæн йæ хицауы куынæ суыны, уæд та сабыргай бауасы.

Адæм, уый уынгæйæ, зæрдæскъуыдтæ куыд нæ кæнынц. Æмхуызонæй кæуынц. Уыдоны кæуынмæ бæх дæр ныууасыд йæ тых йæ бонæй. Йæ раззаг къæхтæй зæхх ныххоста æмæ йæхи размæ

ивазы, раст цыма йыл чи хæцы, уымæй куры, ауадз мæ, зæгъгæ, æмæ ма мæ уарзон барæджы, мæ уарзон хицауы иу уынд фæкæнон.

Бæхы аластой иуварс, фæлæ уый йæ цæстæнгас уæддæр адæмæй нæ иста. Сæрыл барзонд хæцгæйæ, хъустæ размæ ныттынг кодта æмæ афтæмæй зыд каст кодта ацы фыдохы лæууæг адæммæ. Джетæ уадзгуытæ кæны, кæуы, хъарджытæ кæны, никæмæн коммæ кæсы. Куры, чи йыл хæцы, уыдонæй, ауадзут мæ, Будыгийы уæлæ мæхи амарон, æмæ уын удыбæстæ уыдзæн, мæнæн мæ цард ницыуал у, зæгъгæ.

Гæнæн нал уыд æмæ йæм уæд бацыдысты Дзæрæхмæт æмæ Тасолтан, æрраæвдыдтой йæ, æмæ уæд фæсабыр, фæлæ сусæгæй лæппутæн бафæдзæхстой, уæгъд æй куыд нæ уадзой, афтæ, кæннод гæнæн ис, æмæ йæхицæн исты бакæна. Æмæ æцæгдæр афтæ уыд, йæ сæры æндæр хъуыды ницыуал уыдис. Куыддæр мын гæнæн фæуа, афтæ мæхи амарон, зæгъгæ. Кæмæн уыд ацы хъуыддаг Джетæйæ зындæр? Дзæрæхмæтæн? О! Дзæрæхмæтæн! Йæ уарзон фырты йын амардта æнæбары, æнæнхъæлæджы. Барæй уыд, æнæбары, уæддæр йæ фырт фæмард дардвæндагыл! Нæ! Уæддæр Джетæйæн зындæр уыд ацы сахат дæр æмæ уый фæстæ дæр. Йе 'фсымæры амардта йæхи къухæй. Кæд иу мад æмæ фыдæй гуырд нæ уыдысты, уæддæр сæ иумæ схъомыл кодтой, иумæ фæцардысты, иумæ фынæй кодтой цæрæнбонты. Кæрæдзиуыл афтæ сахуыр сты, æмæ сæ иу æнæ иннæ къæбæр дæр нæ хордта. Джетæйæн ацы сау зæххыл æппæт адæмæй Будыгийæ æввахсдæр æмæ зынаргъдæр ничи уыдис. Æмæ, æцæгдæр, чи йын уыдис? Ничи! Ныр уый нал ис. Йæхи тæккæ къухæй йыл сæ иумæйаг ливор фæирвæзт, æмæ Будыги нал ис, фæмардис йæхи къухæй йе'фсымæр, йæ иунæг цæджындз, йæ иунæг ныфс. Уый-иу йæ цæстытыл куы ауадис, уæд та-иу ныууынæргъыдта æмæ-иу ныхъхъæр кодта: «Ау! Мæ зæрдæ, куыд нæ скъуыйыс дæхæдæг, куыд ныффидар дæ! Цæуылнæ мæ ирвæзын кæныс ацы æвирхъау зындонæй».

Æвæццæгæн, йæ зæрдæ куы аскъуыдаид, уæддæр «уæу» нæ загътаид. Ныуулæфыдаид æмæ загътаид: «О! Будыги, мауал тагъд кæн, æз дæр дæ æрбаййæфтон. Иумæ та стæм ныр дæр!»

Уæд бæргæ фервæзтаид йæ ниуынæй, йæ тухитæй, фæлæ уый йæ къухы кæм æфты? Йæ цæстытыл ногæй уайынц: йæ цуры лæууы Будыги. Джетæ йын дзуры: «Будыги, ныр дын ус курын афон у, æмæ

ма дæ каст цæмæ у! Ссар иу рæсугъды, æмæ чындзæхсæв скæнæм!» Уый йын дзуапп радта: «Нæ, ме 'фсымæр! Ды мæ хистæр дæ, æмæ дæ разæй æз чындзæхсæв никуы скæндзынæн! Уый нæ уыдзæн, фæлæ уал ды агур уарзон, мæнмæ рад нæма хауы!» Уалынмæ Джетæйы цæстытыл ауадысты Быгъуылон рынчынæй, йæхи бар куынæ у, афтæмæй ацы сау хабар куы фехъуса, уæд куыд кæндзæн. Куыд æй ныууромдзæн, кæнæ куыд кæндзæн Дункæ! Куыд балæудзæн Джетæ сæ разы, цы цæстытæй сæм бакæсдзæн. Нæй! Уый гæнæн нæй! Хъæр кæны Джетæ, архайы йæ хурхмæ æвналынып, фæлæ йæ нæ уадзынц. Лæгъстæ сын кæны, бауадзут мæ мæхи амарын, удыбæстæ уын уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ йæм чи хъусы?

Адæм чысыл куы фенцадысты, уæд Дзæрæхмæт Тасолтанмæ фæдзырдта æмæ йын афтæ зæгъы: «Ацы адæмæй худинаг у, афтæ кæдмæ кæудзысты мах зианыл, æмæ йын исты æрхъуыды кæнын хъæуы!»

Тасолтан, кæмæн æмбæлд, уыдоны æрбамбырд кодта æмæ уал хъæргæнæг арвыстой Мыртазатæм, Уæллаг Мызур, иуæй-иутæй фæстæмæ ам уыдысты рувынмæ. Æрыдоны дуканийы балхæдтой сау кæлмæрзæн. Будыгийы бæхы хъуырыл йæ райтыгъдгондæй бафтыдтой, йæ кæрæттæ йын, уидоны рохтимæ саргъы раззаг гоппыл айсгæйæ, фæстаг гопмæ фидар бабастой. Йæ рохтыл ын Дзæрæхмæт хæцы. Иннæ бæхыл сæвæрдтой хъæргæнæджы, йæ галиу къухы йын ехс радтой, æмæ Дзæрæхмæт уæд йæ бæхæн афтæ зæгъы: «Цæугæ, мæ Хъыргъыз, де зноны фæндагыл, ацы сау хабар мын мæ чызг Дзыгъуырæн фехъусын кæн. Дарддæр æй уый йæхæдæг хъусын кæндзæн».

Бæхы ауагъта йæхи бар фæндаджы былæй, æмæ уый дæр, сабыр бауасгæйæ, араст ис йæ фæд-йæ фæд, æрмæст абон йæ уæлæ Будыги нал бадтис, фæлæ йыл сау кæлмæрзæн тыгъд уыдис. Æрыдоны цæрджытæй тынг бирæ æрбамбырд зианмæ æмæ уыдон, сæ хæс зонгæйæ, уайтагъд самал кодтой фæйнæджытæ æмæ мардæн чырын аразын райдыдтой. Уæдмæ Будыгийæн йæ бæлццон дзаумæттæ æрбахастой. Ныхсадтой йæ æмæ йыл сæ скодтой.

Хъæубæстæ бауынаффæ кодтой дыгай чъиритæ æрхæссын æмæ зианæн рухс зæгъын, куы йæ ласой, уæд. Ам ма æввахсты Зæнджиаты хæстæджытæ кæм уыдис, уырдæмыты дæр фервыстой хъæргæнджытæ. Зианмæ цæуæг адæм фылдæрæй-фылдæр кодтой.

* * *

Хъæргæнæг кæй арвыстой, уый тынг рæвдз цыдис, кæд ыл æрталынг, уæддæр. Куы баввахс сты, уæд Будыгийы бæхы цыма исчи бацагайдта, уыйау тагъдæй-тагъддæр згъоры, барæг æй нал æййафы.

Æрбарухс. Адæм сæ райсомы зылдтытæ кæнынц. Быдырмæ арастмæ дæр бирæтæ хъавы, афтæ Дункæты дуарæй Будыгийы бæх ныууасыд. Бинонты куыстхъомтæ сæрдыгон райсом кæрты уыдысты, уæдæ цы. Дункæ кæрты дуар фегом кодта æмæ, æвиппайды бæхы афтæмæй куы ауыдта, уæд нырдиаг кодта:

– Ой, сау бон мæ куыд баййæфта, гъе! Чидæр Будыгийы амардта, чидæр нæ бабын кодта! Хорз адæм, фæдис!

Уайтагъд сыхæгтæ алырдыгæй амбырд сты æмæ тæккæ уыцы афон барæг дæр фæзы кæронæй æрбазынд. Ехс ын йæ галиу къухы куы ауыдтой, уæд сын æй цы зонын хъуыд. Æрбахæццæ. Бæхæй галиуырдæм æрхызт æмæ сын хабар радзырдта.

Дункæйы уыромæг уыромын нал фæрæзта. Йæхи ныттыдта, йæ сæрыхъуынтæ бындзыггай рæдывта, хойы йæ уæрджытæ. Бæргæ йыл ныххæцынц, фæлæ ма йæ чи фæразы уромын. Иууылдæр кæуынц. Ам чи нæ зыдта Будыгийы? Хъæубæстæ йыл фæкуыдтой. Ацыдысты, сæ уæлæдарæс раивтой æмæ сылгоймагæй, нæлгоймагæй араст сты Æрыдонмæ. Будыгийы бæхæн цы нæ фæкодтой, фæлæ ахсын нæ бакуымдта. Адæмы разæй та ардыгæй араст. Йæ сау кæлмæрзæн йе 'фцæджы, афтæмæй сæ разæй фæцыдис суанг рынчындоны размæ. Уым та бауасыд, фæлæ йæм Будыги кæсæг куынæ уыдис, уæд иуварс аздæхт, æнкъардæй слæууыд – йæ цæстысыгтæ сабыргай калдысты.

Дзæрæхмæт ын систа йæ кæлмæрзæн. Æндæр æввахс никæй бауагъта йæхимæ.

Дункæ æмæ йе 'мбæлттæ тынг фæхъыг кодтой. Адæм Дункæ æмæ Джетæйыл сæ цæст æрæвæрдтой. Дункæйы цалдæр хатты дохтыртæ тыххæй фервæзын кодтой. Уый дæр йæхи бар нæ уыд. Нал иу уыдис йæ бон улæфын.

Мардæн рухс загътой Æрыдон. Уыцы бон æй бахæццæ кодтой Дункæйы хæдзармæ. Уым ын хæрнæг скодтой æмæ йæ райсомæй аластой Уæллаг Мызурмæ.

Будыгийы ныгæнæн боныл фыста, æвæццæгæн, Къоста дæр: «Фезмæлæн нал уыдис абон нæ уæлмæрдты, стырæй, чысылæй». Ацы æвирхъау хабар фехъусгæйæ, хохæй быдырмæ ардæм чи не 'рцыдис, æвæццæгæн, ахæм нал баззад. Адæмæн Уæллаг Мызуры æрлæууæн бынат нал уыдис. Будыгийы зианыл адæм цы кодтой, уый кодтой. Джетæйы тæригъæдæй, уый сау мароймæ адæм зæрдæскъуыдтæ кодтой. Афтæ сæм кастис, цыма зæхх дæр бандзыг ис, ницыуал æм хъары.

Æрхæццæ зиан бавæрын афон. Ахастой йæ уæлмæрдмæ. Зæнджиаты мыггаг Джетæйы хъысмæт алыг кæныны тыххæй цы бауынаффæ кодтой, уый тыххæй ныхас зæгъынмæ æнхъæлмæ кастысты æппæт адæм дæр.

Зиан уæлмæрды æрæвæрдтой æмæ æнхъæлмæ кæсынц, зианæн дугъ рауадзынмæ цы барджытæ арвыстой, уыдон кæд æрбахæццæ уыдзысты, уымæ. Уалынмæ фæзындысты. Æрбаразæй Будыгийæн йæхи бæх æмæ йын æй ныффæлдыстой. Уый фæстæ адæмы размæ рахызтис йæ фыд Дзæрæхмæт, дзыллæтæ ныссабыр сты. Æнхъæлмæ кæсынц, цы тæрхон уыдзæн Джетæйæн: уый ма, мæгуырæг, рæстæгæй-рæстæгмæ сау марой бакæны, Хуыцауæй куры мæлæт, цæмæй йæ Будыгиимæ иу ингæны баныгæной. Куы-иу ныхъхъæр кодта: «О, Хуыцау! Мæ тæригъæды ма бацу! Ма мæ фæхицæн кæн Будыгийæ! Уæрст нын ницы уыд йæ удæгасæй, ма нын байуар йæ ингæн дæр! Ауадз мæн дæр уырдæм!»

Уалынмæ Дзæрæхмæт райдыдта дзурын:

– Нæ кæстæр æнæбары æвирхъау мард фæцис мæ цæстыты раз йе 'фсымæры къухæй. Джетæ барæй нæ амардта лæджы, уый уыдис æнæбары æвирхъау хъуыддаг. Хуыцауы хъуыддаг дæр нæ уыдис æмæ халоны хъуыддаг дæр. Нæ кæстæрæн йе 'нусон хæс, æвæццæгæн, ахæм адзалæй фидгæ уыдис æмæ йæ бафыста. Абонæй фæстæмæ Будыги не 'хсæн нал уыдзæн, фæлæ йæ бынаты Зæнджиатæн кæстæрæн æмæ мæнæн та фыртæн баззайдзæн Джетæ.

Джетæ, уый фехъусгæйæ, ныййæлæлай кодта:

– Нæ! Нæ, Зæнджиаты домбай мыггаг! Нæ, Дзæрæх! Уый раст тæрхон нæу! Нæу раст тæрхон! Рахæссут мын мæлæты тæрхон! Амар мæ дæхи къухæй! Баныгæнут нæ иу ингæны ме 'фсымæр Будыгиимæ...

Адæм сæ цæст æрæвæрдтой Дзæрæхмæты лæгдзинадыл,

Зæнджиаты уæздан уаг æмæ фидар зондыл. Куыддæр сын фенцондæр. Адæмыл разыйы уылæн апырх.

Банымгæдтой разагъды усгур лæппу Будыгийы. Цардмæ чи бæллыд æмæ кæмæн нæ бантыст, æппæт адæмæн дæр балæггадмæ чи хъавыд æмæ кæмæн нæ бантыст, хуры тынты ленк чи кодта, суадоны сыгъдæг доны йæ уарзоны сурæт чи агуырдта, фæлæ уарзон чызг дæр кæмæн нæма уыд, рæсугъддæр мойгæнæг чызджытæ уарзон цæстæнгасæй кæмæ кастысты, фæлæ се 'хсæнæй йæ къухы цардæмбал равзарын кæмæн нал бантыст, цинæй зарджытæ чи кодта, тагъд та мын хо кæнæ æфсымæр райгуырдзæн, фæлæ уымæ банхъæлмæ кæсын дæр кæмæн нал бантыстис, уыцы Зæнджиаты Дзæрæхмæты дзырддзæугæ, разагъды сæрæн усгур фырт Будыги. Уый æнæмæнг хæрзаудæн фæкæндзæн цардцæрæнбонтæм Зæнджиатыл дæр æмæ тынгдæр та йæ фыд Дзæрæхмæты хæдзарвæндагыл, йæ ном ын чи ара, уыдоныл се 'ппæтыл дæр.

О, Будыги, Джетæмæ ма фæхъыг у, барæй дæ нæ арвыста фæцу æмæ мауал æрцуйы фæндагыл!

Адæм рухсаг загътой судзаггаг зианæн. Алчи йæ хæдзармæ фæцыд. Æртæ боны фæстæ айхъуыст, Быгъуылонæн лæппу кæй райгуырдис, уый. Адæм загътой: «Зæнджиатæ, уæ амонд ма фесæфæд!»

* * *

Быгъуылонæн райгуырдис лæппу, цæринаг лæппу. Ном ыл сæвæрдтой Зæнджиаты хистæртæ – Сослан!

Бонтæ цыдысты, мыггаг дæр æмæ Дзæрæхмæт дæр бонæй-бонмæ æнхъæлмæ кастысты, хуыссæнæй кæд сыстдзæн Быгъуылон, кæд разилдзæн йæ хæдзары къуымты, фæлæ – нæй. Кæд йæхæдæг дæр тынг архайдта сыстыныл, йæ сывæллонмæ базилыныл, стæй хæдзары зылдтытæ бакæныныл, зылдтытæ та хæххон цардхъом хæдзары куыд нæ уыд иунæг сылгоймагæн. Уæддæр йæ бон нæ бацис, нал æй суагътой низтæ. Будыгийыл уыцы æвирхъау хабар куы сæмбæлд æмæ йæ уый дæр куы фехъуыста, уæд фæцис дурдзавд, фæцис зæрдæхæлд, нал банцад йæ сæры рыст. Йæ цæнгтæ йын сбастой цавæрдæр æнæ уынгæ тыхтæ æмæ йын сæ нал суагътой аивазын. Æгæрыстæмæй йæ сывæллоны авдæны хæцъилтæ дæр нал уыд йæ бон ныхсын.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Джетæйы никуыдæм ауагъта Дзæрæхмæт. Æппæт Зæнджиаты фæндонæй. Быгъуылон æй цал уынды кодта, уал хатты Сохсы æхсæрдзæны донау йæ цæстысыгтæ тагъдысты йæ сау егъау тымбыл цæстытæй, кæд йæхицæн ныфсытæ æвæрдта æмæ-иу йæхи фæфидар кодта, уæддæр. Иу хæдзары цæргæйæ та Джетæйæн æнæ уынгæ цы уыд. Уæлдайдæр та уымæн, æмæ хæдзары зылдтытæ бакæнын фæстагмæ фылдæр æрхаудтой Джетæмæ. Сывæллонмæ дæр фылдæр уый зылд. Кæд Быгъуылонмæ æххуысмæ цыдысты Зæнджиаты иннæ чындзытæ, уæддæр хæдзарæй-хæдзармæ иу иннæйы дарæг никуы уыд. Алкæмæн йæхи зылдтытæ дæр кæнинаг уыдысты. Алкæй йæ бинонтæм, йæ сывæллæттæм зилын хъæуы. Хæдзары змæлдæн та кæрон никæцыма сылгоймаг ссардта.

Джетæ, хæдзары тыхст уавæрмæ кæсгæйæ, нæлгоймаджы куыстыты æмрæнхъ кæнын райдыдта сылгоймаджы куыстытæ дæр. Нæлгоймаджы куыстыты стырдæр æргъом та рахауд Дзæрæхмæтмæ.

Тыхстысты дыууæйæ дæр, фæлæ кæмæн бабуц кодтаиккой сæхи, кæмæн скуыдтаиккой, кæд æмæ уыдтой, сæ хъысмæт сæ афтæ стыхсын кодта, уый.

Кæддæр Дзæрæхмæтæн чидæр ской кодта, кæдмæ афтæ тыхстæй цæрдзыстут, дыггаг ус æрхæсс, зæгъгæ. Фæлæ йæ уый кæронмæ дзурын дæр нал бауагъта. Загъта йын:

– Æз Зæнджиаты Дзæрæхмæт дæн, æмæ мæ мыггаджы сæр дæр æмæ мæхи сæр дæр худинаггагмæ не 'руадздзынæн. Мæ бинойнаг Быгъуылоны удæгасæй æндæр сылгоймаг мæ хæдзармæ æркæнон, уый мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн. Амæй фæстæмæ ма мæм уыцы уынаффæ зæгъын чи æрбауæнда, уымæн æй нæ ныббардзынæн, улæфгæ дæр мæм æй мачиуал бакæнæд.

Æмæ, æцæгдæр, кадджын, дзыллæйы агуырд лæг Дзæрæхмæтмæ уыцы фæндон бадзурын ничиуал бауæндыд. Тасолтан æмæ иннæ хистæртæ арæх бадтысты йæ цуры, æххуыс ын кодтой, ирхæфстой йæ йæ мæт, сагъæстæй. Адæмы цæстмæ йæхи фидар дардта. Раст ыл цыма ницы 'рцыд. Адæм, уæлдайдæр та йе 'рвадæлтæ, афтæ æнхъæлдтой, æмæ фæразон лæг у Дзæрæхмæт. Тасолтан иухатт ныхасы дæр радзырдта:

– Адæмы фарнæй уæ бауырнæд, тынг домбай лæг у нæхи Дзæрæхмæт. Нырма нæ кæмтты ничима фæлæууыд афтæ фидар. Йæ уарзон фыртæй йæ амæлæты фæстæ йæхицæн знаг скодта.

Фидар фæлæууыд, стæй ныр цы фæразы фыдæн æмæ мастæй, уый та уæлдай. Адæм дæсны сты, æгас Ирыстон ын уæгъды нæ кæнынц стыр кад æмæ цыт.

Дзæрæхмæт адæмы раз, йæ мыггаджы цæстмæ йæхи æцæг фидар æвдыста, фæлæ йыл комдзог цыд йæ сæры хил. Йæ рæсугъд сау сæрыхъуын уайтагъд цъæх халас хæссын байдыдта æмæ, рæстæг куыд цыд, афтæ фæурс. Æмæ куыннæ, кæд-иу Дункæ æрбафтыд искуы иу хатт, уæд-иу се 'ппæтæн дæр фенцондæр, фæлæ уымæн дæр йæхи сывæллон Сосланы æмгар уыд, стæй – йæ хæдзар. Æмæ та-иу уайтагъд цæуыны къахыл ныллæууыд.

Быгъуылон хуыздæр ницæмæй кодта. Йæ бон æрмæстдæр уыдис йæ фырт Сосланæн дзидзи бадарын, æндæр æппындæр ницы. Сывæллон-иу йæ авдæны куы скуыдта, уæд иу æм бацыд Джетæ, райхалдта-иу æй, йæ хуылыдз хæцъилтæ æмæ дзауматæ-иу ын раивта ногæй. Ныхсадта-иу æй, батыхта-иу æй чысыл хъæццулы æмæ-иу æй бахаста Быгъуылоны хуыссæнмæ. Уыцы рæстæджы-иу уый йе 'ргом къулы 'рдæм аздæхта, Джетæйы куыд нæ уына, афтæ. Джетæ-иу Сосланы æрæвæрдта йæ мады чъылдыммæ хуыссæны æмæ-иу ацыдис. Быгъуылон-иу, йæ цæстысыгтæ калгæ, раздæхта йе 'ргом йæ сабимæ, бафсæста-иу æй йæ дзидзийы хъуырттæй, фæпъатæ-иу ын кодта, стæй-иу æм фынæй кæнын куы 'рцыд, уæд та-иу æй афтæ ныууагъта æмæ та-иу йе 'ргом къулы 'рдæм аздæхта. Джетæ та-иу æрбацыдис æмæ-иу æй райста, ахаста-иу æй æмæ та-иу æй авдæны бабаста. Уызта йæ, алолайы зарджытæ йын кодта, цалынмæ-иу чысыл Сослан ногæй бафынæй, уæдмæ. Цæмæй зыдта уый мæгуыр мады тухитæ, кæцæй æмбæрста, Джетæйы зæрдæ дæр йæхи къултыл кæй хойы, уый.

Уыцы рæстæджы та-иу мад йæ цæстысыгæй æхсадта йæхи, радта син-иу сæрибар фæндаг æмæ та-иу згъордтой йæ мæллæг фæлурс уадултыл. Баз ногæй ныххуылыдз кæнынмæ.

Афтæмæй бонтæ цыдысты, хуыздæрæй сын ницы хастой, æрмæст Сослан рæзтис. Фæцис къахыл цæуынхъом, æмæ уæд се 'ппæтæн дæр фæзынд хиирхæфсæн. Сослан-иу кæм фæзынд, уырдæм-иу цыма цины хос йемæ бадавта, уыйау-иу иууылдæр бахъæлдзæг сты. Йæ хъæр-иу кæцæй райхъуыст, уырдыгæй-иу цыма æнкъарддзинад йæ тæссæй фæлыгъд, уыйау-иу фесты. Хатгай-иу Быгъуылон дæр

йæ цинæй йæ мидбылты бахудтис, æмæ-иу æм цыма цавæрдæр тыхтæ бафтыд, уыйау-иу ын фенцондæр. Йæ хъæбулы цинæй-иу йæ цардæй ныббуц, сæнæниз иу цыма...

Сослан æдæрсгæ къахыл куы ауадис, уæд Джетæ афтæ арæх нал цыдис Быгъуылоны цурмæ, æмæ уый иуцасдæр æхцондзинад хаста йæхицæн дæр æмæ хæдзары æфсинæн дæр. Афтæмæй сындæггай Зæнджиаты хæдзармæ æмæ се 'рвадæлтæм дæр здæхын байдыдта царды цин.

Иуахæмы Дзæрæхмæт æмæ Тæсолтан Джетæйæн сфæнд кодтой ус курын. Фæдзырдтой йæм, загътой йын сæ фæнд, фæлæ сын фæсыкк ис. Джетæ загъта:

– Куыддæр уый сфæнд кæнат, афтæ ардыгæй мæ сæр фесафдзынæн. Ацы бæсты æввахс нал ацæудзынæн.

Бæргæ ма йæм фæхатыдтой, фæлæ, Джетæ 'фсæрмы кæд кодта йæ хистæртæй, уæддæр ком нæ радта.

Зæххыл цал адæймаджы цæуы, уал зæрдæйыхатты, удысконды сын ис. Уалхуызон у цардмæ сæ цæстæнгас, уалхуызон аргъы кæнынц царды цаутæн дæр. Æмæ диссаг у Дзæрæхмæт æмæ Быгъуылоны зондахаст æмæ удыхъæд. Цæй фидар разындысты! Сæ риуты цы зæрдæтæ уыдис, уыдон хъуамæ æппæт адæмæн дæр баззаиккой æмæ сæ æмбисондæн хæссиккой. Бирæтæ бафæраздзæн афтæ, æмæ дæ уарзон фырты марæгимæ, – барæй уыд, æнæбары, – уæддæр мæлæты бонмæ фæцæр! Кæд æй дзидзидай сабийæ сæхæдæг схъомыл кодтой, уæддæр.

Ахæм æмбисонд макæуылуал æрцæуæд. Саукуыдз, Дзæрæх æмæ Быгъуылон та мæрдтæй сызгъæрин талатæ суадзæнт. Фæстагæттæн бафæзминаг хиуылхæцгæ, уæздан æмæ бирæвæрсыг зонд чи ныууагъта!

Ацы æвирхъау хъуыддаджы бафæзминаг у Зæнджиаты мыггаджы ахаст æрцæугæ цаумæ. Æвæццæгæн, уый мидæг ис сæ мыггаджы кад æмæ цардыуагмæ æмбæлон зондахаст.

## КÆРОНБÆТТÆН

Азтæ размæ згъорынц æмæ ивынц, æппæт адæмты дæр царды гуылфæнтæм хонынц. Уыдон кæй кæм ауæрддзысты, кæй кæм арæвдаудзысты, кæнæ бацардхуыз кæндзысты, уый рагагъоммæ ничи

зоны. Рæстæг – æвдадзы хосгæнæг. Уый алцы дæр ферох кæнын кæны, балæгъз кæны къуыбыртæ æмæ дзыхъхъытæ, царды рауадзы ног æмæ ног хæрзтæ. Быгъуылонæн дæр йæхи басæттын кодта. Сдзырдта Джетæмæ. Дардта йæм хъæбулы зæрдæ.

Зæнджиаты Дзæрæхмæтыл ма Уæллаг Мызуры æрцыд иу зиан. Ахицæн йæ цардæй бирæ тухиты фæстæ Быгъуылон.

Джетæйыл рацыд дыууиссæдз азæй фылдæр. Уый Сосланимæ афтæ схæлар, æмæ йæ уый сразы кодта хъуыддаг бакæныныл. Йæхи æфсон ын ракуырдта, Дзæрæхмæт æмæ иннæ хистæрты разыйæ ус, уый дæр та Быгъуылон. Уыимæ Джетæйы ныууагътой хохы цæргæйæ æд фæллой, сæхæдæг цæрынмæ афтыдысты Ставд-Дуртæм. Ам стыр чындзæхсæв скодтой Сосланæн.

Фæзиан Дзæрæхмæт. Банцад йæ кусынæй домбай лæджы зæрдæ.

Джетæйæн рацыд цот дыууæ чызджы. Амард Уæллаг Мызуры. Сослан йæ фыдæлтау рауад адæмы уарзон, зонджын, хъæбатыр, зæрдæуæрæх æцæг лæг. Уыдис адæмы нывыл цардыл тохгæнæг. Рацыдис ын хорз цоты къорд. Сты амондджын æмæ цардбæллон. Мысынц сæ фыдæлты хорздзинæдтæ æмæ сæ фæзмынц. Адæмы чи уарзы, уый адæмæн уарзон у. Ахæм сты Сосланы цот æмæ æгас Зæнджиаты кæстæртæ дæр.

Сослан амардис Ставд-Дурты. Йæ кæстæртæн цард æмæ амонд ныууадзгæйæ.

Фыст у ЗÆНДЖИАТЫ Верайы<br>мысинæгтæм гæсгæ.<br>Уый райгуырд 1912 азы,<br>фæцард 92 азы

*БЫРНАЦТЫ Барон*

# УРС АРТЫ АМÆТТАГ

*Сатирикон радзырд*

Йæ фынæйæ æрыхъал Гæмæт. Лæг фыднозты фæстæ куыд вæййы, афтæ ‘взæр йæхи æнкъардта. Йæ къухтæ йæхиуыл æруагъта æмæ – хид, хуылыдз, раст ыл цыма дысон-бонмæ хæйрæджытæ хуым фæкодтой. Цыдæр кæны, фæлæ, цы кæны, уый не ‘мбары. Фыццаг хатт ын куы нæ уыд, мыййаг, ахæм нозт, уæд ыл ацы хатт цы ‘рцыдис?

Зыхъхъыргом рудзынг бынтондæр айтыгъта, цырагъ ахуыссын кодта æмæ фæстæмæ æрхуыссыд.

Зилы иу фарсæй иннæмæ, рафæлдæх-бафæлдæх кæны, архайы, куы афынæй уаид, ууыл. Фæлæ хуыссæг хæстæг нал цæуы. Роцъойы хид акалд. Дæллагхъуыртæ дон фестадысты. Уыдæтты æдде ма йæ хъустыл ауад цыдæр сусæг ныхас. Радио ма дзура, æмæ, цымæ, цал сахаты у? Фестад. Цырагъ ногæй ссыгъта, йæ цонджы сахатмæ æркасти: фæсæмбисæхсæв, æртыккаг æрдæг.

«Уæдæ ма уыцы ныхас кæцæй фæцыди? Æвæццæгæн, Марине фынæйæ дзураг у», – сдызæрдыггаг лæппу, æмæ йæ къахфындзтыл фæцæуы, йæ мадыхо кæм хуыссыд, уыцы уатмæ. Йæ мад Бурдзионы рынчындонмæ куы ластой, уæд æй йæ хойы æвджид бакодта Гæмæты: «Дæ хъус ма-иу æм фæдар: æххормаг æмæ йæ æнæзылдæй ма ныууадз».

Уыцы фæдзæхстмæ гæсгæ Марине ныр къуыри уазæгуаты ис йæ хойы хæдзары… Йæ хъус авæрдта дуарыл Гæмæт. Уатæй айхъуыста фынæй адæймаджы дæргъвæтин арф улæфтытæ æмæ сабыр уынæргъын. Кæд йæ хъустæ сгуыр-гуыр кодтой? Æндæр ма уæдæ уыцы ныхас кæцæй фæцыдаид?

Фæстæмæ йæ уатмæ баздæхт. Йæхи сабыр кæны лæппу. Цырагъ та æркъæпп кодта æмæ та æрхуыссыд. Иу цас ахуыссыдаид, фæлæ та йæм ногæй цыдæр хъæлæс байхъуыст. Бæлвырдæй, дуары фæстæ чидæр ис, хатын æй, уырдыгæй цæуы æмæ, цымæ, кæмæн цы баззад уым ацафон?

Сыстынмæ куыд ахъавыд, афтæ хъæлæс дуарæй нал, фæлæ, цы сынтæгыл хуыссыд, уый тæккæ бынæй сыхъуыст. Кæд фыр тæссæй йæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъ ссыд, уæддæр йæхи ныхъхъæддых кодта

æмæ архайы ныхас равзарыныл. Фыццаг – иу, стæй дыккаг, æртыккаг, уалынмæ хъæлæстæ ноджыдæр иу-цалдæр баисты. Дæлдæр-уæлдæр, æмтъеры хъæрныхас тынгæй-тынгдæр хъуысын райдыдта: куы рудзынгæй, куы дуарæй, куы царæй, куы та базы бынæй, пецæй. Нырма дзы ницы хатыдта Гæмæт. Фæлæ ныр уыцы æнæсæрфат дзолгъо-молгъойæ ахсын райдыдта йæ хъус дзæбæх æмбæрстгонд иугай тызмæг, æртхъирæн, кæнæ æлгъыст дзырдтæ. «Ныр дæхимæ цы кæсыс!» – мæнæ йæм йæ тæккæ хъусы разæй сыхъуыст лыстæг цъæхснаг хъæлæс. «Ам æнæмæнгæй чидæртæ куы ис», – фæгæпп кодта Гæмæт. Цырагъ ссыгъта. Баз фæхъил кодта. Стæй йæ зонгуытыл æрлæууыд æмæ йæ цæст ахаста сынтæджыты бынтыл. Фæуад æмæ бакаст дуары фæстæмæ. Йæ сæр рудзынгæй адардта, аракæс-бакæс кодта. Никуы æмæ ницы. Æрæджиау, йæ зæрдæ чысылтæ йе 'муд куы 'рцыд, уæд та сынтæгыл йæхи æруагъта. Ацы хатт цырагъ нал ахуыссын кодта, хъæлæстæ дæр рухсæй нал фефсæрмы сты æмæ та райдыдтой сæ кæнон. «раны фæдæн!» – фырадæргæй ахъуыды кодта лæппу. «Раны фæдæн!» – сфæзмыдтой йæ æмхуызонæй хъæлæстæ. Нырмæ йæ бон цас уыд, уыйбæрц йæхи урæдта Гæмæт. Фæлæ, фæзмæгой ныхæстæ айхъусгæйæ, фæтæррæст ласта æмæ, йæ мадыхо кæм хуыссыд, уыцы уаты смидæг.

* * *

– Ныр лæг дæ. Раздæр-иу, гимназ каст чи фæцис, уый æнæхъæн зылды хъуыстгонд уыд. Курдиаттæ æмæ суагъæтæ фыссынмæ-иу уымæ хастой. Ды дæр дæсæмтæ фæдæ. Стæй сæ уыимæ дæр куыд фæдæ: хорз æмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Æнæхъæн скъолайæн уыдтæ йæ цæсгом. Гъемæ, мæ хур акæнай, хъуамæ æз æмæ ды уый тыххæй мæнæ ацы фæйнæ сыкъайæ бануазæм. Амондджын дзаума у. Æз дæр фыццаг хатт амæй бануæзтон. Дæ лæджы кары дæ ды дæр, æмæ, лæг цы кары уа, хъуамæ уый митæ кæна. Уый дын æз зæгъын, дæ мадыфсымæр. Ома йæ зонай, æз дæ рæдыд фæндагыл кæй никуы сараздзынæн. Æвзæрдзинад дын мæ зæрдæ никуы бауарздзæни. Куы нæ дын æмбæлид, уæд ма дын æй æз дæ къухтæй дæр стонин. Æз дæуæй хуыздæр зонын цард: цыппæрдæс азы дæуæй хистæр дæн, – алыг кодта цæхгæр расыг Михел. Уыйадыл дынджыр сыкъа йæ тæккæ дзаг бакодта арахъхъæй. Йæ галиу къухæй фидар æрхæцыд Гæмæты бæрзæйыл. Рахиз къухæй та йын нуазæн йæ былтæм схаста.

Фестынмæ бæргæ ахъавыд лæппу. Йæ сæр ма дыууæрдæм араскъæфбаскъæф кодта, йæхи феуæгъд кæныныл бæргæ ацархайдта, цыдæр ма сцæйдзырдта, фæлæ йын уæдмæ йæ дзых ахгæдта, литры æрдæг кæм цыд, уыцы фыдбылызы цъæх сыкъа.

Схыл кодта йæ лæппумæ зæронд Косер дæр, фæлæ йæ нал суагъта расыг Михел Гæмæты, цалынмæ йын сыкъа иууылдæр йæ хъуыры нæ ауагъта, уæдмæ. Цы фæци, уымæн ницуал бамбæрста æвзонг Гæмæт. Сæхимæ куыд бахауд, уый дæр нал хъуыды кодта. Фæрыст, тынг фæрыст уыцы бон нуæзтæй.

* * *

Уыцы сæрд Гæмæт бацыд Хъæууон-хæдзарадон институтмæ, агрономы дæсныйадыл ахуырмæ. Уым уайтагъд бафиппайдтой зæрдæргъæвд студенты. Йæхæдæг хорз кæй ахуыр кодта, уый иу хъуыддаг уыд, фæлæ ма цæстуарзонæй æххуыс кодта йæ лæмæгъдæр æмбæлттæн. Цыфæнды баргонд хъуыддаг дæр æхсæнадон царды æххæст кодта тынг разæнгард æмæ æнæзивæгæй.

Æвæдза, диссаг та куыд нæу студенты цард йæ бирæ тыхстытимæ: сесситы рæстæг æгъуыссæг æхсæвтæ чингуыты рæдзæгъдты уæлхъус, фæлварæнтæ, куыстады дæсныйады ахуыры фæлтæрæнтæ æмæ уыдæттимæ куыд нæ дзы вæййы бынат хъазтизæртæн, фембæлдтытæн, театртæн, кинотæн! Æнæ сæмбæлгæйæ-иу кæм уыдис бæрæгбоны фынгыл дæр, кæнæ райгуырæн бон бæрæггæнгæйæ, Гæмæтæн дæр.

Райдайæны хъæддых лæууыд йæ ныхасыл. Фæлæ иухатт йæ дзырд фæсайдта, йæ зонгæ чызджы райгуырæн боны бануæзта иу чысыл агуывзæйы дзаг сæн. Уый фæстæ ма йыл бæргæ фæсмон кодта, кæд ын уымæй æппындæр ницы уыд, уæддæр. Æндæр хатт цавæрдæр хъæлдзæгдзинады бануæзта æртæ нуазæны, æмæ йын цы уыд? Фылдæр-фылдæр йæ зæрдæйы цыдæр æхсызгондзинад бафтыд æрмæстдæр. Афæлвæрдта ма уый фæстæ дæр нуазыныл, æмæ, куыд рабæрæг, афтæмæй йæм иухатты хуызæн æвзæр никуыуал фæкасти.

Фæлæ фыднозтыл тынг уæлæхох уыд. Йæхицæн – нæ, фæлæ йæ искæмæн дæр нæ барста. Фæци ахуыр хорз æмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ институт Гæмæт, æмæ йын уымæ гæсгæ бар лæвæрд уыд, кусынмæ йæ кæдæм фæндыд, уырдæм ацæуынмæ. Гæмæт равзæрста йæ райгуырæн хъæу.

Хъæуы цы вæййы, уый иумæйаг у, уæлдайдæр ахæм чысыл хъæуы.

Ницы дзы ис басусæггæнæн. Уайтагъд бамбæрстой æмæ хæстæг æрбайстой сæ зæрдæмæ æрыгон специалисты хъæуы цæрджытæ. Фыццаджыдæр, агрономы куыстмæ дæсны кæй арæхст, уый тыххæй, дыккаджы та, – йæ хæрзæгъдауы тыххæй.

Фæлæ, мæнæ иухатт афойнадыл нæ фæзынд йæ куыстмæ. О, куыд æфсæрмы кодта, куыд ныгъуылдтытæкæнгæ цыд тракторты калоннæмæ Гæмæт уыцы райсом! Изæрæй æгæр раджы цыд дæр ма фæци къантормæ, æмбырдмæ. Дуары бахизæны хæрхæмбæлд фæци сæрдаримæ. Нал арæхст, цы загътаид, уымæ.

– Ды дæр æгæр раджы цыд фæдæ, Гæмæт, – бафиппайдта уый æмæ ма иу хатт æркаст йæ сахатмæ. – Цæй, кæм æрцыдтæ, уым цом æмæ уал истæуылтыл адзурæм, хъуыддæгтæ нæм нæй, æви? – йæ ныхасмæ ма бафтыдта сæрдар æмæ фæраст йæ кусæн уатмæ. Цалынмæ иннæтæ æмбырд кодтой, уæдмæ æрдзырдтой иуæй-иу хъуыддæгтыл, уæлдайдæр та – хуым кæнынмæ техникæйы цæттæдзинадыл. Гæмæт æнхъæлмæ каст, кæд æй афæрсдзæн, абон райсомæй та кæм уыдтæ, цæмæн байрæджы кодтай дæ куыстмæ, зæгъгæ. Йæ зæрдæ уыдæттимæ куыд дзырдта, уымæ гæсгæ бынтон бæстон нæ уыдысты йæ дзуæппытæ сæрдары иуæй-иу фарстатæн. Дзæгъæлы уыд йæ катай, уый тыххæй йæ хъазæн хуызы дæр нæ бафарста. Кæд ницы ской кодта, уæддæр Гæмæт хорз зыдта, сæрдары цæстæй кæй ницы бааууон уыдзæн, уый.

Фæци æмбырд æмæ ныр, сæхимæ цæугæйæ, алы къахдзæфæн дæр Гæмæт йæхицæн дзырдта: «О, марг мын фæуа ацы нозт. Нал… Кæрон скæнын хъæуы ацы къухылхæцджытæн, сиахсимæ цыдтытæн, æнæсæрфат ницæйаг æмбæлттимæ хæрæндæтты бадтытæн, æндæр хъуыддæгтæн: иу цыбыр дзырдæй, бануазæн мын нал ис», – æмæ ныр, цыма пъæззыйæ фервæзт, цыма цыдæр уæззау уаргъ йе 'ккойæ ахауд – сæрибардæрæй сулæфыд. Уыцы хъуыдытимæ байгом кодта хæдзары дуар.

– О, æгас цæуай, мæ бæзджын хæрæфырт. Æз хохæй быдырмæ цынæ зæд, цынæ бардуаджы тыххæй банызтон, ахæм куынæуал ис, уæд мын, гормон, тæригъæд уæддæр нæ кæныс? Хæц де 'мбæлæггагыл. Æмбæлæггаг та æнæдзургæйæ нуазгæ у! – æмæ йын йæ къухтæм нал, фæлæ йын æй йæ дзыхыл сдардта Михел. Нозт йæ ахсæнмæ дæр нæма ныххæццæ ис, афтæмæй йын, куывдтытыл оммен, зæгъ, зæгъгæ, дыккаг агуывзæ дæр ауагъта йæ хъуыры. Йæ мад Бурдзион ма бæргæ цыдæртæ дзырдта: «Нырма уый æрыгон у. Уымæн дæ разы нуазын нæ, фæлæ бадын дæр нæма 'мбæлы», – фæлæ ма кæмæ хъуыста Михел.



# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

*Хуссар уа æви Цæгатæн –*
*Иу уд, иу зæрдæйы фарн!*



Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парк



Дзæуджыхъæу. Терчы уæлбыл



Дзæуджыхъæу. Сабырдзинады проспект



**Филармони**



**Сыгъдæг Мады Майрæмы Ирон аргъуан**



**Сыгъдæг Мады Майрæмы куадзæны нæлгоймæгты алайнаг моладзандон. Фиагдон**


Джеры Дзуар


Хохаг ирон хъæу



**Хъелы цад**



Цъитийы дæлвæз


Уæллагком. Къæмунтæ



**Хъæрæсе. Сыгъдæг Георгийы Суанайы аргъуан. IX æнус**



Ирыстоны мæсгуытæ



**Дæргъæвсы зæппæдзтæ**



**Мидæгрæбыны ком**


Ныхасы Уастырджи


Арвы тыгъдады





***Гасситы Виталийы фырт Михаил*** *у курдиатджын къамисæг. Райгуырд Хуссар Ирыстоны 1988 азы. Сыгъзæрин майданимæ каст фæцис Дзæуджыхъæуы фæндзæм гимназ, уый фæстæ та – Паддзахадон гуманитарон университеты юридикон факультет Мæскуыйы.*

*Йæ гæххæттытæ балæвæрдта фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады Минæварадон академийы аспирантурæмæ. Наукон куыст дзы ныффыста æмæ йæ хъуамæ бахъахъхъæна Мæскуыйы Адæмты `хсæн ахастдзинæдты паддзахадон институты (МГИМО).*

*Проффессионалон къамисæн аппарат фыццаг хатт йæ къухтæм райста 2016 азы. Æмæ уыцы сфæлдыстадон куысты йæ зæрдæ баззад. Йæ бæллиц та уыд дунейы цæрæг адæмæн Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинад равдисын æмæ йын æнтысгæ дæр кæны.*

*Се 'сфæлдыстадон фæллой фыссæгæн дæр æмæ къамисæгæн дæр уæд фесгуыхы, сæ зæрдæ курдиатæй хайджын куы уа.*

*Раст ахæм у Михаилы зæрдæ.*

*Ныфс нæ ис, цы куыстытæ йын мыхуыр кæнæм нæ равдысты, уыдоныл сымах дæр, нæ журналкæсджытæ, æхсызгонæй уæ цæст кæй æрæвæрдзыстут.*





Фæтæвд та ис Гæмæт дæр. Карз ныхæстæй карздæр рауад арахъхъ. Æрбадти бæстон æмæ иу рæгъ иннæйы фæдыл нуазын райдыдта.

Кæддæр уыд, уæддæр Михел фæстаг сыкъа банызта Къæсæры Уастырджийы тыххæй æмæ ныххæцыд Гæмæтыл:

– Нæхимæ… Ныртæккæ ды мемæ нæхимæ нæ рацыдтæ, уæд дымды фæуæд дæ минас дæр, дæхæдæг дæр мæ нал хъæуыс, – лæхурдта расыг Михел. Фæлæ дзы уыцы ныхæсты сæр ницæмæнуал хъуыди. Æнæуый дæр Гæмæт тынг дзæбæх цыд йæ фæстæ. Йæ мадмæ дæр нал байхъуыста.

Михелтæм ма сын чидæртæ ноджы дæр бамбал ис. Уым фæнуæзтой, стæй ма уырдыгæй кæдæмдæрты бахаудтой, фæлæ кæдæм, ацу æмæ ма йæ æрхъуыды кæн! Куыд æмæ кæд æрбацыд сæхимæ, уымæн ницуал зоны. Цымæ, истытæ срæдыдаид? Ома æвзæртæ – нæ, уый тыххæй дзы ничи ницы зæгъдзæни. Æлгъитгæ нæ ракæндзæн, хылкъахæг нæу, афтæмæй зоны йæхи, афтæмæй йæ зонынц æгас хъæубæстæ дæр.

Райхъал æмæ хъуыдытыл фæци Гæмæт: «Байрæджы та йын ис ацы хатт дæр куыстмæ. Ныр дæс сахаты у, уый та ма хуыссæны ис. Цæмæн? Стæй куы уа, уæддæр цы? – иннæрдыгæй йæхи афарста Гæмæт. Æмæ дарддæр æнæдзургæйæ йæхиимæ мидныхас кæны: «Райсомæй суанг баталынджы онг куысты куы вæййын, уæд уый хорз у, уæд дæуæй лæгдæр нæй. Фæлæ айрæджы кодтай, уæд цыма Хуыцауы хъуг радавтай, ныфсæрмытæ у æмæ æмбæхстытæгæнгæ цу дæ куыстмæ. Ацы хатт иу æфсæрмы дæр нал! Уæдæ ма йæм исчи сдзурæд!.. Цæмæн ис хуыссæны нырмæ, нæма йæ фæнды сыстын, æмæ уымæн», – кæрæдзи фæдыл тахтысты хъуыдытæ нырма йæ расыг сæры магъзы. Фæстагмæ йæхи афтæ срæстытæ кодта æмæ йын цыма афтæ æмбæлд, уыйау уæлæмæ сыстыныл хъуыды дæр нал кодта. Стгæ нæ, фæлæ йæхи æрнуæрста æмæ фæстæмæ афынæй.

– Уæлæмæ, де 'гæрыл, нырмæ цы фынæй кæныс? – йæ уæлхъус алæууыд Михел æмæ йæм хъазæнæмхасæнæй дзуры. – Дæ сæр, мыййаг, ма риссæд? Фест-ма, уæдæ, æмæ мемæ цом, Хъылцыхъойы фырт та дæ адзæбæх кæна.

– О, Михелæй баззайай, Михелæй! Куыстмæ цæуын дæр ма дзы фæхъæуы, куыстмæ! Ныр ды скъолайы æхсæвгæс дæ, æртæ бонæй æртæ бонмæ дæ цæуын фæхъæуы æмæ искæй куыст дæр афтæ хоныс?! Ды куынæ ныццæуай, уæддæр дæ чи уыны, уæлдайдæр сæрдыгон. Чи дзы ис ныртæккæ? Фæлæ мæнæн мæ куыст æндæр у. Мæ бæрны адæм

сты, техниктæ. Иучысыл куы айрæджы кæнын, уæддæр мæ цæсгом нал фæхъæцы. Ныр дæр æмбисбон у, фæлæ ма уæддæр ацæуин, мæ бон куы уаид уæд, – ранызхас кодта Гæмæт.

– Цавæр куысты кой кæныс ацафон? Стæй, бирæ чи фæкуыста, уый дæр раджы амарди. Фæлтау нæхимæ цом æмæ пъахмел скæнæм. Куыдзы хæст йæхи хъуынæй дзæбæхгæнгæ у, – загъта Михел æмæ Гæмæты йæ хуыссæнæй расхуыста. Уый дæр йæхи ахсадта æмæ цанæбары, фæлæ фæцæуыныл Михелимæ. Уыдонæн дæр сæхимæ ничи уыд. Михел нозтæй дзаг дурын, уазал фыдызгъæл, нартхоры кæрдзын, нурытæ фынгыл авæрдта.

– Ой, дæ рыг ныккæла, Гæмæт, дысон дæ сæрмæ та куыд æрцыд уыцы хъуыды. ныр та дзы цырагъы авгæй бануазæм, зæгъгæ? Уæ, макуы мын амæлай, – худæгæй мæлгæйæ, дзуры Михел, уартæ йе 'мхæрæфырттæм куыдтæ нуæзтой дысон, уыдæттæ æмæ дзаг сыкъа Хуыцауы ном ссарыны фæстæ кувæггаг Гæмæтмæ авæрдта.

Гæмæт йæхи нынцъылдтæ, нынхъырдтæ кодта, мæнæ цыма раст марг нуæзта, афтæ зивæггæнгæ йæ бануæзта. Æркодта дзы ног æмæ йæ балæвæрдта Михелмæ.

– Тыхсгæ ма кæн, йæ нуазын зын вæййы, æндæр дын ныртæккæ бæлвырд фенцондæр уыдзæн, – зæрдæтæ йын авæрдта Михел, куы федта, Гæмæт æй куыд зынæн бануæзта уый, уæд.

– Уæдæ нæ Хуыцауы хорзæх уæд, – загъта Михел æмæ сыкъа авдæлон кодта.

Куыддæр дыккаг сидт рауагъта Михел, афтæ дуар фегом, æмæ дзы æрбахызт Ахберд, йæ фæстæ та Дзабег. Сæ дыууæ дæр нуæзтуарзæгойæ зындгонд уыдысты æнæхъæн хъæуæн дæр.

– Кæс-ма, кæс, сæхæдæг куыд рабадтысты! Искæмæн ма йæ сæр риссы, уый та Хуыцау æрхъуыды кæнæд, – хъазæн уайдзæфæй загъта Ахберд, æмæ æрлæууыдысты фынджы уæлхъус.

– Се 'мбæлæггæгтæ ма сæм авæр… О, æгас нæм æрцæуат, æгас! – бацин сыл кодта фысым.

Бадт ацайдагъ. Баизæр сыл. Афтæ фæрасыг сты, æмæ фынджы фæйнæ фарс ахæудтытæ кодтой.

– Гæмæт, ды махмæ куы 'рбацыдтæ, уæд мах загътам, зæгъгæ, æппынфæстаг нæ къухы бафтыд æцæг агроном. Дæсны, тынг дæсны сарæхстæ дæ куыстмæ. Дæ ахуыр куыд æнтыстджын уыд, уымæй ноджы æнтыстджындæр та – дæ куыст. Уый махæй алчидæр рахатыдта.

Рахатыдтой йæ хъæубæстæ се 'ппæт дæр. Де сгуыхт фæллойы тыххæй дын иу æмæ дыууæ хаты аргъ не скодтой ам, районы, суанг республикæйы дæр. Дæ арæхстджын куыстæй лæджы зæрдæ рухс кодта. Фæлæ а фæстаг рæстæг ды æрлæууыдтæ тынг тæссаг фæндагыл. Æрæджытæ, цухтæ кæнын райдыдтай дæ куыстмæ. Дæхицæн ссардтай цавæрдæр æнæсæрфат æмбæлтты æмæ уыдонимæ нозтыл свæййыс. Ферох дæ вæййы дæ бæрнон куыст, адзæгъæл вæййыс сыкъайы фæстæ. Демæ ныхас цыди уый фæдыл, æмæ-иу нын зæрдæтæ бавæрдтай, кæй никуыуал бануаздзынæ, уый тыххæй. Æмæ та-иу нæ алы хатт дæр фæсайдтай. Мах дæр нæ цæстытæ куыд бацъынд кæнæм, цыма нæ уынæм, ды комкоммæ сæрсæфæн былмæ кæй цæуыс, уый. Æмæ ма дæм абон хъуамæ иу хатт байхъусæм, цы нын зæгъдзынæ, уымæ, – загъта парторг, сæрмагондæй кæй сарæзтой партбюро, фæскомцæдис æмæ правленийы уæнгтæ Гæмæты тыххæй, уыцы æмбырды. Гæмæты æнæуаг æгъдауы фæдыл раныхас кодтой фæскомцæдисы секретарь Бек æмæ иу цалдæр æмбалы. Фæстагмæ ныхасы бар æркуырдта сæрдар:

– Гæмæтæн цыфæнды хъуыддаг дæр бабар кæн, уæд-иу æй йæхицæй хуыздæр ничи скодтаид. Фæлæ парторг куыд загъта: фæстагмæ йæ размæ хох фестад арахъхъы сыкъа æмæ йæ сæрты ахизын йæ хъару нал у. Гæмæт, ды нозтыл баивтай дæхи, дæ ныййарæг мады сæр, гадзрахатæй рацыдтæ æгас колхозонтыл дæр. Æмæ нæ абон базонын фæнды, дарддæр дæ зæрды цы ис, куыд кæнынмæ хъавыс, уый… Фод афтæ, мах ма дæм иу хатт байхъусдзыстæм, – фæци йæ ныхас сæрдар æмæ æнхъæлмæ каст Гæмæтмæ.

Иууылдæр азылдысты, уæдæй нырмæ йæ цæстытæ зæххы чи нытътъыста, фыр æфсæрмæй йæхицæн бынат чи нæуал ардта, уыцы Гæмæтырдæм, ома цы радзурдзæн. Æрæджиау цыдæрхуызон тагъд фестад Гæмæт. Йæ цæсгомæй уыцы æфсæрмдзæстыг хуыз æрбайсæфт, фæкъæйныхдзаст æмæ уыцы сахат сонт хъæр фæкодта:

– Сфæнд мæ кодтат мæ куыстæй фæсурын æмæ ма йыл цы дæрдты дзурут! Зæгъут мын æргом: нал нæ хъæуыс æмæ ацу. Æндæр мын цы райдыдтат, æрæджытæ, дам, кæныс, цухтæ кæныс, нуазыс. Ныр мæ дзырд раттын домут. Цыма уын сывæллон дæн! Нæ, мæ хуртæ, æз ницавæр ныхас раттинаг дæн, фæлтау мæ мæ куыстæй фæсæрибар кæнут. Æз кæмфæнды дæр ссардзынæн куыст…

Уыйадыл бадгæ дæр нал æркодта, фегом кодта дуар. Уырдыгæй ма, «хæрзбон ут», зæгъгæ, æрбадзырдта æмæ федде ис.

* * *

Марине фехъал ис уатмæ Гæмæты сонт æрбагæппæй.

– Марине, сæррамæ мæ бирæ нал хъæуы. Мæ хъустæ мын цыдæр хъæлæстæ фæхæрынц, – загъта уый. Йæ хъустыл ныххæцыд æмæ иу къуымæй иннæмæ цоппай кæнын байдыдта.

– Ма тæрс, мæ къона, цавæр хъæлæсты кой кæныс? Ма тæрсын кæн дæхи, – зæрдæтæ йын æвæрдта зæронд ус, йæхæдæг тагъд-тагъд йæ къаба йæ уæлæ акодта æмæ рæвдз æрбадавта Косер æмæ Михелы. Косер куыддæр лæппумæ бакаст, афтæ ахъуыды кодта: «Хæйрæджыты сайд у» æмæ Маринейы хъусы бадзырдта: «Тагъд æртæ кæрдзыны ракæнæм æмæ – кувгæ».

Дыууæ сылгоймаджы уайтагъд арæвдз кодтой æртæ уæлибæхы. Фынгыл сæ авæрдтой арахъхъы графинимæ. Рауагъта Михел гыццыл агуывзæмæ æмæ йæ балæвæрдта Маринемæ:

– О, Хуыцау, ма нæ фесаф. Нæ иунæг – де уазæг, сыгъзæрин тæбæгътæй дæм фæкуывдæуа. Бахатыр ын кæн, кæд дæ разы истæмæй фæрæдыд, уæд, – акуывта Марине æмæ нуазæн фæстæмæ радта Михелмæ. Михел æй фæхаста Гæмæтмæ, саход дзы, зæгъгæ. Уый йын æй йæ къухтæй ратыдта, цы арахъхъ ма дзы аззад, уый ануæзта, йæхæдæг фæуад фынгмæ. Дыккаг дæр рауагъта æмæ уый дæр ануæзта. Æртыккаг дæр æркæнинаг куыд уыди, афтæ йын Михел графин йæ къухтæй ратыдта.

Гæмæт фæстæмæ бандоныл æрбадт, йæ зæвæттæ зæхмæ нылхъывта. Дыууæ усы йæ фæйнæ фарс æрдзуццаг кодтой æмæ йын йæ къæхтæ сæрфтытæ кæнынц.

– Мæнæ мын мæ зæвæттæй мæ уд куыд ласынц! – тарст хъæлæсæй сдзырдта лæппу.

– Кæм сты, алæ-ма? Куы ницы дзы ис. Чи дæ хъыгдары? Уæд сæ мах нæ уыниккам, – йæ цæссыгтæ калгæйæ йæм дзуры Марине.

– Ау, куырмытæ стут, æви сæ куыннæ уынут, мæнæ мын мæ зæвæтты сæ сæртæ куы нытътъыстой! – фæхъæр сыл кодта Гæмæт.

– Ай хорз хъуыддаг нæу, – загъта Косер Михелæн, – лæппу хæйрæджыты сайд у, æмæ йын дохтыртæм хос нæй. Фæлæ тагъддæр цæут æмæ кæсгон дæсны моллойы сласут. Æцæг уæ мачи базонæд, – афæдзæхста ма Косер йæ фыртæн.

Михел батындзыдта сæ хæрæфырт Уасилмæ, æмæ уый машинæйыл фæраст сты Кæсæгмæ…

Фæдисæй æрбалæууыдысты Уасилы мад æмæ йæ чындз. Сæ размæ рауад Косер.

– Куыд у, куыд, Гæмæт? – афарстой йæ.

– Тынг æвзæр… Цыдæр бындзыты кой кæны…

Æртæйæ дæр, Гæмæт цы уаты хуыссыд, уырдæм бахызтысты. Гæмæтæн йæ хуыз бынтондæр фæлыгъд, афтæмæй раздæрау бадт уаты астæу гыццыл бандоныл.

– Суадз ма дæ къæхтæ, пъолмæ сæ цы нылхъывтай, мæ къона, æмæ æрхуысс, – балæгъстæ йын кодта Марине.

– Арахъхъ ма мын рахæссут, æмæ кæд нал æмбарин мæ къæхты рыст, нал хъусин ацы бындзыты æнæрæнцой гуыв-гуыв, – дзуры Гæмæт устытæн. – Мæ фæсонтæ мын ауæрдут. Мæ къæхтæ мын уæ къухты æхсæн бакæнут. Ма мæм кæсут. Дæлæ ма цавæрдæр хъуынджын цæрæгой, нæдæр лæг у, нæдæр куыдз у, нæдæр арс у, сынтæджы бынæй мæм куыд ныдджыгъгъытт ис. Йе 'взаг мæм фелвас-фелвас кæны. Йæ дзыхæй кæд кæлы арт.

Уромынц рынчын лæппуйы устытæ, куыд æмæ цас сæ бон уыд, уыйбæрц. Æмæ стыр зæрдылдарынæн æнхъæлмæ кастысты, Михел æмæ Уасил кæмæ ацыдысты, уыцы дæсныйы ссыдмæ. Кæддæр уыд, уæддæр схæццæ ис. Суанг дæр æй сарамæ баластой æмæ дынджыр кулдуæрттæ ахгæдтой сæ фæстæ.

Дæсны тагъд къахдзæфтæй бахызт рынчыны размæ. Бакаст ын йæ цæстытæм.

– Гæмæт, æхца мæ хъæуы, – йæ къух æм бадаргъ кодта дæсны.

– Цавæр æхцайы кой кæныс ды та? Стæй чи дæ? – бафарста йæ лæппу æмæ та куы йæ иу къахмæ февналы, куы – иннæмæ.

– Тагъд мысайнаг, – басусу-бусу кодтой устытæ.

Марине 15 капеччы авæрдта Гæмæтмæ. Уый сæм цымыдисæй æркаст. Уæдмæ йын æй йæ къухæй айста дæсны. Йæхæдæг стъолы фарсмæ æрбадти. Гæххæтт æмæ тæбæгъ æрцагуырдта. Цыдæртæ афыста, уымæй дæр араббагау – рахизæй галиумæ. Стæй гæххæтт тæбæгъы авæрдта æмæ йыл андзæрста. Гæххæтты сыгъдæттæ, æртæ литры кæм цæуы, ахæм авджы ныккалдта. Донæй йæ йæ тæккæ дзаг бакодта, хорз æй азмæста. Æмæ афæдзæхста: бон ын æртæ хатты куыд дæттой уыцы донæй.

– Дæ хорзæхæй, адзæбæх нын æй кæн, æмæ нæ хæдзæрттæ дæуыл ныффысдзыстæм, – загъта йын Марине, йæхæдæг дæс туманы Михелмæ радта. Уый дæр сæ дæсныйы дзыппы фæтъыста.

Уый машинæйы бабадт, æмæ йæ Уасил фæстæмæ афардæг кодта йæ хæдзармæ. Уайтагъд фæлварын райдыдтой дæсныйы æлутон хостæ рынчыныл, фæлæ – никуы æмæ ницы, дыккаг бон ноджы фыддæр фæци: йæ сæр дзæгъæлтæ кæны бынтон, æцæг цы у æмæ мæнг цы у, уыдон кæрæдзийæ нал æвзары…

* * *

Æрчъицыдта Гæмæт рынчындоны. Кæм ис, ууыл бæстон нæма ахъуыды кодта, афтæмæй йæхимæ ныхъхъуыста æмæ рахатыдта цавæрдæр фæзмæгой хъæлæс. Йæ сæрмæ фæзынди иу-цалдæр бындзы.

– Ссардтой та мæ, – йæ зæрдæ ныггуыпп ласта Гæмæтæн.

– Цы загътай? – афарста йæ, йæ цæст æм чи дардта, уыцы медицинон хо. – Дон дын радавон, æви дæ хæринаг хъæуы? – Уыйадыл фестад æмæ 'рбахаста хъæрмхуыпп дæр æмæ дон дæр.

– Адарон дын, æви дæхæдæг ахæрдзынæ?

– Мæхæдæг, мæхæдæг, – йæ хуыссæны рабадт Гæмæт. Куыддæр уидыг йæ дзыхмæ схаста, афтæ йæм йæ сæрмæ зилæг бындзытæ æмхъæлæсæй сдзырдтой:

– Ма бахæр, ма бахæр! Дæ туг дын бацъирдзыстæм! Бакал æй чызгыл!

Гæмæт фæстæмæ йæ уидыг æруагъта.

– Цы у? Цæуылнæ хæрыс? Дæ зæрдæмæ нæ цæуы? – афарста йæ æрбацæуæг дохтыр. – Уæд та ма мын радзур: кæд æмæ кæм райгуырдтæ, кæм цæрыс? Скъола каст кæд фæдæ, стæй та институт?

– Бæргæ дын радзурин æппæт дæр, фæлæ мæ дзурын нæ уадзынц.

– Чи?!

– Бындзытæ…

Дохтыр бакаст медицинон хомæ, загъта:

– Урс арты судзы. Æнахъинон рæвдауæнты урс арты… Ницы йын уыдзæн ацы хатт – цы уколтæ йын рафыстон, уыдон ын скæнут.

...Кæй фервæзт, уый тыххæй йын гал аргæвстой, æцæг куывдмæ Гæмæты курдиатмæ гæсгæ Михелмæ хонæг нæ арвыстой...



# Аланыстоныл саргъуыды

*2022 азы кадджын уавæры Аланийы аргъуыды 1100 азы юбилей бæрæггонд кæй цæудзæн, уый фæдыл ныридæгæн арæзтæуы ахсджиаг мадзæлттæ: æмбырдтæ, фембæлдтытæ, равдыстытæ, ног арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæ... Цы бирæ уазджытæ нæм æрцæуа, уыдонæн фадат уыдзæн рагæнусты комулæфт банкъарынæн, скифты, сæрмæтты, аланты дугты бæстыхæйттæ, ирон адæмы фыдæлты цард æмæ культурон хæзнатæ хи цæстæй фенынæн æмæ нын нæ истори бæстондæрæй базонынæн.*

*Аланийы аргъуыды 1100 азы юбилейы кадæн нæ журналы уыдзæн ног рубрикæ. Мыхуыр кæндзыстæм, ирон адæмы царды рагзамантæй нырмæ арф уидæгтæ чи ауагъта, нæ царды уагыл, нæ удварныл нын зынгæ чи сахадыдта, уыцы зæрдылдаринаг æрмæджытæ, уацтæ, хъуыдытæ...*

*Уарзиаты Вилен (1952–1995), зынгæ ахуыргонд, йæ царды нысанæн равзæрста ирон адæмы материалон æмæ монон культурæ бæстон сахуыр кæнын, наукон æгъдауæй йæ лæмбынæг раиртасын æмæ йын йæ этнографион фæлгонц арф æмæ æххæстæй равдисын. Кæд йæ цардвæндаг дæргъвæтин нæ разынд, уæддæр ын дзæвгар бантыст: йæ фæстæ ныууагъта бирæ наукон уацтæ æмæ цалдæр бындурон иртасæн куысты. Æрмæст ахуыргæндтæн нæ, фæлæ, ирон адæмы зард æмæ культурæ цымыдисаг кæмæн сты, уыдонæн се ’ппæтæн дæр хорз зындгонд сты йæ чингуытæ: «Народные игры и развлечения осетин» (1987), «Культура осетин: связи с народами Кавказа» (1990), «Праздничный мир осетин» (1995), «Избранные труды. Этнология. Культурология. Семиотика» (2007).*

*Дæлдæр цы уац мыхуыр кæнæм, уый у, Вилен йæ цыбыр царды кæрон иронау цы цалдæр иртасæн куысты ныффыста, уыдонæй иу. Уацы алы рæнхъыл дæр зыны, Æгъуызаты Иуанейы сурæт авторæн зынаргъ кæй у, бирæ йæ кæй уарзы æмæ дзы йæ сæр бæрзæндты кæй хæссы, уый.*

*Фæлæ йæ уац Вилен нал федта: уæззау низы азарæй 1995 азы октябры 22-æм бон йæ цардбæллон зæрдæ йæ кусынæй банцад.*

*Курдиатджын ахуыргонды уацмыс нæ журналы фæрстыл мыхуыр кæнгæйæ, махæн дызæрдыггаг нæу: зæрдæргъæвд æмæ æнкъараг ирон журналкæсæгæн æхсызгон уыдзæн йæ адæмы культурæйы дыууæ разагъды минæвары – Æгъуызаты Иуане æмæ Уарзиаты Виленимæ – уыцы иу рæстæг фембæлын.*

КОСТЫ Лизæ

# ЧЫРЫСТОН ТÆВАГ ИРОН УДВАРНЫ

Рагон чырыстон литературæйы сæрмагонд бынат ахсы Ног Фæдзæхсты æмбырдгонд, уæлдайдæр та йæ цыппар Сыгъдæг Евангелийы (Мате, Марк, Лука æмæ Иоанны фыстытæ). Иоанны Сыгъдæг Евангели фæзынд се 'ппæтæй фæстæдæр. Загъдæуы дзы: «Райдианы уыди Дзырд, æмæ Дзырд уыди Хуыцаумæ, æмæ Дзырд уыди Хуыцау». Ацы хуымæтæг ныхæстыл бæстон куы ахъуыды кæнæм, уæд сын бамбардзыстæм сæ сусæг нысаниуæг, банкъардзыстæм дзырды æгæрон тых æмæ йæ арф мидис.

Незаманты дзырдæн уыди сæрмагонд фæтк, кодтой йын стыр аргъ. Алы æгъдауы дæр, сæйрагдæр та – æрвон тыхтимæ баст æгъдауы, рагæй-æрæгмæ адæм, æвæццæгæн, уымæн пайда кæнынц дзырдæй. Æнæхъуаджы нæ фæзæгъынц, дзырддзæугæ лæг, дзуапджын адæймаг, зæгъгæ. Йæ дзыхыныхас аив кæмæн у, йæ дзыхыныхасы уæз кæмæн ис, уыцы адæймагæй æхсæнадон царды кæддæриддæр аргъуыц фæкæнынц. Нæ фыдæлтæм дзуапджын адæймаг куыд кадджын уыдис, уый равдисынæн æрхæсдзынæн иу æмбисонд: «Ромы сауджынау дзурынмæ дæсны».

Дзырды хъомыс хорз кæй æмбæрстой, уымæ гæсгæ фыццаг уырнджытæ чырыстон чингуытæ се 'мбырдты кастысты хъæрæй. Уыцы замантæй не 'взаджы баззад дзырд «аргъауын», ома Хуыцаумæ кувын, дыгуронау та – «чиныджы кæсын». Чырыстон чингуытæ кæсгæйæ, Хуыцаумæ кæм кувынц, уыцы сæрмагонд агъуыст та хуыйны аргъуан. Евангелийы литературон дзырд æддаг бакастæй хуымæтæг зыны, фæлæ йæ сусæг мидисæй та вазыгджын у. Æвдисы ритуалон архайд кæнæ уырнынады сусæгдзинад. Уыцы дзырд-иу, кувæг адæм зæрдылдаргæйæ, æнæ чиныгмæ кæсгæйæ ритмикон хуызы зарæгау кодтой. Æрмæст-иу сæм уæд бахъардта йе 'цæг мидис, æрмæст-иу уæд банкъардтой, æмбæхст дзы чи уыд, уыцы зонды æнæбасæтгæ хъару.

О, фæлæ куыдфæстагмæ дзыхы дзырды тыхæй нодж домбайдæр тых фæзынд: йемæ ерысы бацыд фыссынад. Историйы рæзт куыд æвдисы, афтæмæй фыстæгæн дзырдыл æнæ фæуæлахиз уæвгæ нæ уыд. Ацы хъуыдыйы фæдыл Байаты Гаппо йæ уацмыс «Ирон фыссынад»-ы бафиппайдта, уый кæй у «адæймаджы зонд æмæ цæсгомы æрдзон

бындурыл арæзт, Хуыцауæй лæвæрд аздзог хъуыдыты уæлахиз парахатгæнæг». Ацы ныхас комкоммæ хауы ирмæ: нæ фыдæлтæ фыссынадимæ базонгæ сты чырыстон дины руаджы. Ромейаг (византиаг. – У. В.) бердзентæй чырыстон тæваг аллоныл куы сæмбæлд, уæд, йæ удварны культурæйæн фыссынад кæй нæ фаг кæны, уыцы æууæл иттæг фæбæлвырд. Истори куыд æвдисы, афтæмæй та, æхсæнады исты куы бахъæуа, уæд ын æнæ фæзынгæ нæ вæййы. Афтæ рауад фыссынады хабар дæр астæуккаг æнусты нæ фыдæлты культурон царды. Хъыгагæн, бæлвырд нæ зонæм, аллон Хуыцауы дзырд кæд райстой æмæ аргъуыд кæцы азы æрцыдысты, уый. Раздæр ахуыргæндтæ дзырдтой, X æнусы фыццаг цыппæрæм хайы, зæгъгæ. Уæд ацы хуыцауыуарзон хъуыддагмæ йæ цæст дардта æмæ йыл аудыдта константинополисаг патриарх Мистик Никъала (?– 925). Фæстаг рæстæджы иртасæнтæ фæбæлвырддæр кодтой ацы æмгъуыд: ныртæккæ дзырд цæуы 912–918 азтыл.

Фыссынад кæддæриддæр баст вæййы паддзахад кæнæ динимæ. Уæдæ аллойнаг фыссынады ирддæр æвдисæндар – дурын цыртдзæвæныл бердзенаг дамгъæтæй фыстытæ – нысангонд у 941 азæй. Уый тыххæй зындгонд амырыкаг иранист Згуста Ладислав цалдæр азы размæ джиппы рауагъта цымыдисаг иртасæн чиныг (Ladislav Zgusta. The Old Ossetic Inscription from River Zelenchuk. Vien, 1987).

Дзыхы дзырд фыстæгæн цæмæн фæхæрд, уый тыххæй чысыл бæлвырддæр зæгъдзынæн. Аххосæгтæ йын бирæ ис, фæлæ дзы дыууæ сæйраг сты. Фыццаджыдæр, нæ зæрдыл дарæм, дин йæ мидбынаты кæй нæ лæууы, фæлæ алырдæм парахатæй кæй æнхъæвзы, уый. Ног æмæ ног дзыллæтæ, ног æмæ ног адæмыхæттытыл фæуæлахиз вæййы, æнæхъæн паддзахæдтæ басæтты æмæ сын йæхирдыгонау рацаразы сæ фидæны фæндаг. Цæмæй, чырыстон динмæ йе ’ргом чи раздæхта, уыцы уырнджыты нымæц фылдæрæй-фылдæр кæна, уый тыххæй дины кусджыты ныхас адæмæн хъуамæ афтæ цымыдисаг уа, æмæ йæм зæрдиагæй хъусой, семæ фембæлынмæ тырной. Уыимæ, Чырыстийы фæдзæхстытæн сæ фыццагон хуыз хъуамæ ма аива, дзыхæй-дзыхмæ чи цæуы, уыцы дзырд та уыцы иухуызонæй никуы баззайы. Уымæ гæсгæ аргъуаны кусджытæ цардæгас дзырды бæсты пайда кæнын райдыдтой фыстæгæй.

Культурæйы рæзтæн, æмткæй райсгæйæ, уыцы раивд бирæ цæмæйдæрты стыр ахъаз фæци. Зæгъæм, сыгъдæг амистол (апостол) Паулейы бæстон фыстыты фидар бындурыл фæстæдæр райрæзт

рагчырыстон литературæ. Банысан кæнын æмбæлы лексикæйы ивддзинæдтæ дæр. Цæвиттон, аллойнаг æвзаджы фæзынд бирæ ног дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ. Уыдонæн сæ фылдæр ист æрцыдысты бердзенаг æмæ гуырдзиаг, иннæтæ та латинаг, рагондзуттаг æмæ славяйнаг æвзæгтæй. Ацы ран ма зæгъын æмбæлы ноджыдæр иу аххосаджы тыххæй: Хуыцауы Сыгъдæг дзырд ногаргъуыд чырыстæттæ сæхи æвзагыл хуыздæр æмбæрстой. Уымæ гæсгæ чырыстон дины руаджы фыссынад фæзынд сомих æмæ гуырдзымæ, уыдонæй дзæвгар фæстæдæр та – аллонмæ.

Сомих чырыстон дин райстой тынг раджы – 301 азы. Уый фæстæ, æнусы кæрон, дины зынгæ архайæг, сомихаг ахуыргонд Маштоц Месроп æрхъуыды кодта æмæ йæ адæмæн саразта фыссынад. Уый уыди егъау фæзынд сомихы культурæйы – уыйадыл, раздæр кæмæй пайда кодтой, уыцы арамейаг æмæ бердзенаг абетыл сæ къух систой. Маштоцы арæзт фыссынад афтæ фæрæстмæ, æмæ ма дзы, чысыл ивддзинæдтæ йæм бахастой, афтæмæй сомих абон дæр архайынц. Сæхи фыссынад сæм куы фæзынд, уæд уый дунейы алы къуымты пырх сомихы бирæ къордтæн баиу уæвыны фадат радта. Сæ къухæйфыст чингуытæ сын иугæнæг басгуыхтысты. Сæ ахуырад æмæ фыссынады культурæ та афтæ сбæрзонд, æмæ, уæдæй нырмæ цы къухфыстытæ баззад, уыдоны нымæц 25 минæй ахызт.

Иннæ ахæм – гуырдзы. Цалдæр азы размæ уыдон стыр бæрæгбон скодтой, сæ национ литературæйыл 15 æнусы кæй æххæст, уый кадæн: Цуртавели Иаковы æнæмæлгæ уацмыс «Сыгъдæг Сусаникы хъизæмæрттæ» (478 азы) у йæ райдиан. Къухæйфыст чиныг «Мраватави» та нысангонд у 864 азæй, арæзт æрцыди Йелусанеды (Иерусалим. – У. В.), æмæ йæм бахастой, гуырдзиаг моладзандоны 18 авторы чырыстон дины алыхуызон фарстатыл цы 50 уацы ныффыстой, уыдон. Уæдæ фыццаг гуырдзиаг чиныг та – «Гуырдзиаг абетæ куывдтытимæ» – джиппыуагъдæй рацыд 1629 азы Майрæмкуадзæнты Италийы сæйраг сахар Ромы.

Фæлæ чырыстон дунейы алы кæрæтты хъуыддаг æдзух афтæ æнцонæй нæ цыд. Сæ бердзенаг æвзагыл æгæр кæй аудыдтой, уымæ гæсгæ ромейаг дины разамонджытæ, кæнæ иерархтæ, ногаргъуыд адæмыхæттытæ Сыгъдæг дзырдæй сæхи æвзæгтыл цæмæй архайдтаиккой, уыцы хъуыддаджы ныхмæ цæхгæр лæууыдысты. Уыцы бар лæвæрдтой, Чырыстийы фæсдзæуинтæй рухстауæг цы

адæмы ’хсæн уыди æмæ уый фæрцы Йесойы зондыл чи цыди, æрмæст уыдонæн. Хуыцау нæ фыдæлтæн ахæм хорз ракодта, æмæ сæм Чырыстийы хæрзуац сыгъдæг амистол Æндыри æрхаста. Ууыл дзурæг диссаджы уац ис гуырдзиаг къухфыстыты, уыдонæн та сæ райдиан комкоммæ баст у ромейаг чырыстон литературæимæ. Уымæ гæсгæ ацы уацæн æрымысæггагæй тас нæу, йæ хабæртты æцæгдзинад дæр гуырысхойаг нæу.

Кæй кой кæнын, уыцы къухфыст хуыйны «Арфæгонд æмæ кадджын амистол Æндырийы хæрзуацтæ æмæ балцытæ». Ныхас дзы цæуы, сыгъдæг Æндыри, Симон Канонит, Маттафий æмæ Фаддей æд фæсдзæуинтæ куыд рабалц кодтой Кавказмæ, уый тыххæй. Уым бынæттон цæрджыты ахуыр кодтой Стыр Хуыцауы фæдзæхстытыл, диссæгтæ æмæ сын æлæмтæ æвдисгæйæ. Фæстагмæ «Стыр Æндыри æмæ Симон бацыдысты Аллоны бæстæм æмæ бахæццæ сты, Фостафор чи хуындис, уыцы сахармæ. Уыдон сæххæст кодтой уым стыр цымыдисæгтæ, саргъуыдтой æмæ рухс тауæгау ссыгъдæг кодтой æгæрон бирæ адæмы. Ардыгæй араст сты æмæ бафтыдысты Апхазы бæстæм» (Дзвели картули литерат’урис хрест’омат’иа. 1, Калак, 1946.– Ф. 28).

Гуырдзиаг апокрифæй ист дæнцæг дæр куыд амоны, афтæмæй аллонæн мадæлон æвзагыл Стыр Хуыцауы фæдзæхстытæ æххæст кæныны бар уыди. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, бар иу хъуыддаг у, ацы вазыгджын хъуыддаг царды рауадзыны хъару кæмæ ис, ахæм ахуыргæндтæ та – иннæ, æмæ ам дæр нæ фыдæлтæ Хуыцауæй арфæгонд фесты – разынди сæм ахуыргонд адæм дæр. Бирæ нæ, фæлæ дзы цалдæры нæ бон ранымайын у. Иуæй-иутæ дзы баст уыдысты ромейæгтимæ, сæ фылдæр та – гуырдзыимæ.

Фыццагдæр зæгъдзынæн Мариам Аллойнаджы тыххæй. Уый уыди гуырдзиаг паддзах Баграт IV æмæ йæ аллойнаг бинойнаг ус-паддзах Боренæйы чызг, аллойнаг паддзах Дургъулелы хæрæфырт. Константинополисы куы уыди, уæд дзы ромейаг ус-паддзах Феодорæ йæхицæн кæнгæ чызг загъта æмæ йæ 1065 азы моймæ радта паддзах Михаил VII Дукæмæ. Уæды рæстæджы æвдисæнтæм гæсгæ, Мариам уыди æмбисонды рæсугъд æмæ ахуыргонд æхсин. Йæ уынд, йæ зонд æмæ йын йе ’гъдау диссагæн хастой. Куыд фæзæгъынц, кæд æмæ йæ мады чызг уыди, уæд æм уымæй исты куыннæ хъуамæ хæццæ кодтаид?! Ус-паддзах Боренæйæн та стыр кад уыди æнæхъæн Гуырдзыстоны.

Зæгъæм, гуырдзиаг литературæйы ахсы зынгæ бынат. Чырыстон темæйыл фыст иунæг æмдзæвгæ аирвæзт йæ диссаджы сфæлдыстадæй, фæлæ йæ ном адæмæн уарзонæй баззад æнусты дæргъы. Уыцы æмдзæвгæ Сыгъдæг Мад Майрæмы дзуарнывы чъылдымыл фыстæй æмбæхст уыди Суанеты иу рагон аргъуаны æмæ нæм афтæмæй Хуыцауы фæрцы æрхæццæ. Гуырдзиаг литературæиртасджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй дзы хъуысынц адæмон поэзийы зæлланггæнæг мыртæ. Дины æмдзæвгæтæ чи фыста, уыдон дзы халдихтæ истой суанг XIX æнусы онг (Дзвели картули литерат'урис хрест'омат'иа.– Ф. 351).

Æнæ зæгъгæ нæй, XI æнусы чи царди, чырыстон дины уыцы зынгæ архайæг Туалели, ома Туаллаг, Илларионы тыххæй дæр. Астæуккаг æнусты гуырдзиаг æвдисæнтæ куыд зæгъынц, афтæмæй уый уыди гуырдзиаг аргъуаны разагъды кусæг Мтацъминдели Гиуæргийы ахуыргæнæг æмæ зондамонæг. Хъуыстгонд уыди сæ ном, æмæ ныртæккæ дæр зындгонд сты аргъуаны чингуытæ рафыссæг æфсымæртæ Михел, Иуане æмæ Симонæн. Иумæйаг фæсномыгæй сæ хуыдтой Двали, æмæ уымæй дæр бæрæг у, Туалгомæй рацæугæ кæй уыдысты, уый. Уæдæ чи нæ фехъуыста Цъæйæ рацæугæ сыгъдæг Туаллаг Никколæйы ном? Гуырдзиагау æй хуыдтой Двали Никъолоз. Чырыстон дины сæраппонд уый бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста æмæ знæгты къухæй мæлæт райста Самы сæйраг сахар Дамаскы – 1314 азы кæфты мæйы.

Фæстаг рæстæг ма æнæнхъæлæджы базыдтам дины ноджы иу зынгæ архайæджы. Фыццаг ирон чырыстон нывгæнæг Тлиаг Къолайæ зæгъын. Нузалы аргъуаны къултæ фрескæтæй уый сфæлыста. Æмбисондæнхæссинаг нывты бын раиртасæн ис къухæвæрд, æмæ уый фæрцы фæстагæттæн сæ бон сбæлвырд кæнын у, уыцы рæсугъддзинад сын чи ныууагъта, уыцы куырыхон лæджы ном. Аллонзонынады сабыргай æрфидар нывгæнæджы Вола хоныны фæтк, фæлæ уый раст нæу. Фыццаджыдæр, уымæн, æмæ ахæм лæг æнæмæнг уыдаид аргъуыд æмæ йæ номæн æнæ чырыстон уæвæн ницыхуызы уыд. Дыккаджы та, гуырдзиаг æхсæнадон фыссынад мхедрулийы дамгъæтæ в æмæ к' афтæ æнгæс сты, æмæ ивддзаг кæнынц. Ном фыст у къулы сæрдæныл, уымæн æмæ, куыд зонæм, афтæмæй фрескæтæ кæнынц æрмæст уымæл сæрдæныл. Иннæ ахæм, фыста йæ ирон адæймаг гуырдзиагау, ома мадæлон аллойнаг æвзагыл нæ, фæлæ, ахуыр цы 'взагыл скодта, ууыл.

Хъыгагæн, цастæ дæсны уыди гуырдзиагау, уый мах нæ зонæм. Цыбыр дзырдæй, цы 'мбæлы, къæдзыг уымæй гæзæмæ фæкъулдæр æмæ уыйадыл иу дамгъæйæ иннæ рауад. Ам ма иу хабарæн æнæ зæгъгæ нæй. Цæвиттон, æппæты фыццаг ацы фыст бафиппайдта гуырдзиаг эпиграфист Барнавели Т. æмæ йæ бакасти Къола. Уымæй йæм цалдæр азы фæстæдæр гуырдзиаг палеограф Силогава В. æркаст æмæ йæ уый та бакаст Вола. Ныр хатдзæгтæ уæхæдæг кæнут.

Аллон-иу гуырдзиагау канд астæуккаг æнусты нæ ахуыр кодтой. Зæгъæм, XVIII æнусы раст æмбисы гуырдзиаг архимандрит Пахомий ахуыр кодта цалдæр ирон лæппуйы. Уыдонæй иу, Гуыриаты Бахтæ, сси аргъуаны чингуыты дæсны рафыссæг, уæдæ æмдзæвгæтæ фыссын дæр фæлвæрдта. Аргъуыды номæй йæ хуыдтой Гвривидзе Баграт, æмæ зынгæ бынат бацахста гуырдзиаг чырыстон культурæйы (Дзасохов Н. Поэт из Куртати // Литературная Грузия. 1967. № 8). Уæлдæр кæй ранымадтам, уыдон æмæ ма ноджы йæ бирæ æндæр сбæрæг хъæбулты руаджы аллон-иры чырыстон культурæ Византи æмæ Гуырдзыстоны æмвидыц сси, ахызти бынæттон этникон арæнты сæрты æмæ универсалон бараенты аккаг сыраезт. Гуырдзиаг æвзагыл ахуыргонддзинад исгæйæ, аллон-иры æхсæнад тырныдта удварны бæрзæндтæм. Уыцы æуузл та йæ хæстæгæй-хæстæгдæр кодта чырыстон, кæнæ европæйаг культурæмæ. Библи æмæ антикон ратæдзæнтæм баввахс æмæ европæйаг культураеимæ æмсæр æмæ æмбар сси.

Ацы фæрнджын фæндагыл йæ зæрдæйы фæндиаг кæронмæ фæхæццæ, зæгъгæ, уый зæгъæн нæй. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ Византи туркæгты амæттаг баци, Аллоны дæр фæркгай фæхауын кодтой раздæр тæтæр, фæстæдæр та, 1395 азы, – тугдзых Ахсахъ-Темыр. Бонджын паддзахад раууатмæ æрцыд, фæлæ Стыр Хуыцау бынысқъуыд скæнын нæ бауагъта йæ уарзон цоты. Кавказы бæрзонд хæхтæ æмæ арф кæмтты дзы иуæй-иуты бааууон кодта знагæй. Æбæрæг идæдз Задæлескаг Нана Дыгургомы иу лæгæтмæ æрбамбырд кодта сидзæр сабиты æмæ сæ цыдæр муртæй схаста. Мадæлон æвзагыл сын зарыд алолайы зарджытæ, стонг рæстæг цыбыр кæнгæйæ сын кодта фыдæлты таурæгътæ æмæ аргъæуттæ. Табу Стыр Хуыцауæн, уыйадыл аирвæзтысты æмæ бахъахъхъæдтой се 'взаг, сæ фыдæлты рагон æгъдæуттæ æмæ удысконд. Аллон-ир сæхиуыл чысыл фæхæцыдысты, бынысæфтæй сын тас нал уыди. Фæлæ рыст удтæ уæддæр æнцой нæ

зыдтой, сæхицæн агуырдтой цыдæр æвдадзы хос, зæрдæлæууæнæн сæ хъуыди Сыгъдæг Дзырд. Рæстæг цыди æмæ фарн йемæ хаста.

Францаг фыссæг Камю Альберы загъдау, генитæ рантысынц ног хъуыдытæй нæ, фæлæ, раздæр цы загъдæуыд, уый æхсæнадæн фаг куы нал фæкæны, уæд. Афтæ зæгъæн ис ахуыргонд ирон лæг, сауджын Æгъуызаты Иуанейæ (1775–1830) дæр. Нæ лæугæ хох, нæ цæугæ мæсыг æй куы рахонæм, уæд уый стауыны охыл нæ уыдзæн – æцæгдзинадæй дæр афтæ у. Чъехæй Дзауы 'хсæн, Стыр Леуахийы былгæрон, æрбынат кодта фæсхохаг хъæу Зæлда. Ам рагон уæздан мыггаг Æгъуызаты Гиуæргийы хæдзары дунемæ рантыст Иуане. Куы слæг и, уæд йæ талынг æмзæххонтæн балæвар кодта ирон абетæ, æмæ, цæрдтæй мæрдты 'хсæн чи дзедзырой кодта, уыцы мадæлон æвзаг мин хъæлæсæй ныззарыд джиппæйуагъд чиныджы. Сфæлдыстадон фæндагыл æрлæугæйæ, Иуане фыццаг эпикон кадæг ныффыста рагон царды тыххæй æмæ йæ рахуыдта йæ кадджын фыдæлы номæй «Алгъузиани», ома «Алгъуызы кадæг».

Æгъуызаты мыггаг тынг зындгонд у аллон-иры историйы. Таурæгътæм гæсгæ, сæ равзæрд баст у Ос-Бæгъатыры фырттæй иу, хæстон балхон Алгъуызимæ. Абайты Васо æрæджы куыд рабæрæг кодта, афтæмæй Æгъуызатæ æмæ Цæразонтæ уыдысты дыууæ стыр мыггаджы иугонды æмæ кæрæдзиимæ ерыс-быцæу кодтой сæ тох æмæ сæ кады фæдыл. Фыццæгтæ сæхи нымадтой рагон Ромы император Августы фæдонтыл, дыккæгтæ та – Цезары. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм домæнтимæ дыууæтæ дæр хуымæтæджы мыггæгтæ кæм уыдаиккой.

Гуырдзиаг æвдисæнтæм гæсгæ, Иуанейы мыггаджы кой фыццаг хатт фæзынди Тиры моладзандоны хæдзарадон хыгъдты. Уыдон та, куыд рабæрæг ис, афтæмæй хауынц XV æнусы фыццаг æртыккаг хаймæ. Документты арæх сæмбæлæм æзнаураг, ома уæздан, мыггаг Иалгъузишвилийыл. Иалгъузишвилиты кой арæх цæуы Уæллаг Картлийы «садрошойы», ома хæстон зылды. Уым балхонтæ уыдысты кънйæзтæ Амилахваритæ. Иалгъузишвилиты мыггаг ма арæх æмбæлд гуырдзиаг æлдарæдтæ Сацъицъиано æмæ Саамила хварийы дæр æмæ нымад уыди уæзданыл. Ацы рæтты йæ рæстæджы хæстон сгуыхтдзинæдтæ равдыста аллойнаг хъайтар Ахсартагиани Пареджаны кæстæр æфсымæр Бæгъатыр. Уымæй уæлдай ма уым, Хасуры цур, суанг мах рæстæджы дæр ис ахæм хъæутæ, сæ нæмттæ

бынтон иронау кæмæн хъуысынц: Осиаури, Остубани, Оси.

Гъе ахæм рагон æмæ кадджын мыггагæй уыди Иуане. Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ йæ ных сарæзта ахуырмæ. Æдæппæтæй йæ ахуыры азтæ фынддæс баисты, стæй иу уыйбæрц та кусгæ фæкодта – ахуыргæнæгæй дæр æмæ паддзахадон уагдæтты дæр. Тыхст, йе ’нæниздзинад бынтон куы фæцудыдта, уæд, æмæ 1822 азы йæ куыст ныууагъта æмæ сфæлдыстадон архайдмæ йæ уд балæвæрдта. Уыцы рæстæг ныффыста йе стыр поэтикон уацмыс «Алгъуызы кадæг». Æххæстæй кадæг хуынди афтæ: «Агъуыстъиан-Алгъузиан-Русиан-Сæрæгон-Цъæхилони». Гуырдзиагау мыхуырæй рацыди 1885 азы Калачы, дыккаг хатт та – 1897 азы. Фæстæдæр æй, 1924 азы, Гутнаты Елбыздыхъо Берлины йæ типографийы джиппы рауагъта уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй. Разныхас та йын Байаты Гаппо ныффыста, æмæ, уыдон кæсгæйæ, адæймаг ныртæккæ дæр сгуырысхо вæййы, уæдæ дыууæйæ хуыздæр кæцы у, зæгъгæ, разныхас æви кадæг йæхæдæг.

Бирæ азты дæргъы уацмысы автор бæрæг нæ уыд, æрмæст 1924 азы гуырдзиаг филолог Кекелидзе Къорнели раргом кодта уыцы сусæгдзинад. Цæвиттон, йæ стилистикæмæ гæсгæ кадæг XVIII–XIX æнусты арæныл фыст кæй æрцыд, уый дызæрдыггаг никæмæн уыд. Фæлæ уыцы ирон адæймаг чи уыдаид, национ идейæ кæй сразæнгард кодта, гуырдзиаг культурон-литературон æхсæнады чи схъомыл æмæ ма уыимæ уырыссаг æвзаг дæр чи зыдта, уыцы фарст æнæ дзуаппæй зади. Кекелидзе сбæлвырд кодта, ахæм адæймаг уæды рæстæджы кæй уыдаид æрмæст «ирон æзнауыр Иалгъузидзе Иуане». Гуырдзиаг ахуыргонды хатдзæг 1926 азы бафидар кодта Абайты Васо дæр. Цыбыр ныхасæй, æрдхæрæны уацмыс чи ныффыста, уыцы куырыхон лæджы ном цæмæй адæм базыдтаиккой, уый тыххæй бахъуыд æнæхъæн æнус.

Сфæлдыстады бирæ нæ бафтыд Иуанейы къухы: 1830 азы Калачы рын фæзынди, æмæ раст Майрæмкуадзæнты фæндзæм бон йæ цард æвиппайды аскъуыд. Иуане æнтыстджынæй архайдта тæлмац кæныныл дæр, уыцы фæрнæйдзаг куыст райдыдта 1802 азы. Йæ тæлмацтæй йын цыбыр æртæсыфон къухфыст 1926 азы уалдзæджы гуырдзиаг рухстауæг æхсæнады æвæрæнты ссардта Карачашвили Давид. Ныхас дзы цæуы фæсхох ирæн Цъалагомы Уанатыхъæуы тæрхондон скæныны тыххæй. 1927 азы «Фидиуæг»-ы 1–2 иугонд чиныджы йæ Абайты Васо джиппы рауагъта. Тæлмацмæ лæмбынæг

æркаст иннæ зындгонд иранист Ахвледиани Гиуæрги дæр. Дыууæ ахуыргонды стыр аргъ скодтой фыстæгæн, уымæн æмæ ирдæй æвдисы не ’взаджы рагон æуууæлтæ.

Иуанейы тæлмацтæй цалдæр джиппы рацыдысты Калак æмæ Мæскуыйы мыхуырдæтты. Ранымайдзынæн ын йе стыр рухстауæн куысты æвдисæнтæ, æрмæст сæ æнцондæрæй æмбарыны тыххæй раивдзынæн нырыккон абеты графикæмæ. Сæ рæстæджы, ома 1820–1824 азты, мыхуыргонд æрцыдысты гуырдзиаг аргъуанон фыссынады дамгъæтæй – хуцурийæ – чиныгæн йæ галиу фарс гуырдзиагау, йæ рахиз фарс та иронау фыстæй:

1. Бонывваены кувæнтæ (фарс 1–45), куванта изары (фарс 49–103), къатъехисмос, фанды чыбыр кирысдоинаг амонын (фарс 106–147), чыбыр агъдавы амонын (фарс 149–157), чыбыр кувынта (фарс 159–169). – «Лоцвани». Калак, 1820 аз.

2. Хвычаон лагадканын (48 фарсы). – «Саг’мрто’ лит’ург’иа». Мæскуы, 1821 аз.

3. Æгъдав джæваргынкæныны (фарс 2–53), æгъдав хынджæхсæвы (фарс 54–95), æгъдав аифдытыл (фарс 97–125). – «Тамок’ребили к’уртхевани». Калак, 1824 аз.

4. Ирон абетæ (19 фарсы) – «Осури анбани». Калак, 1821 аз.

5. Сыгъдæг Евангели (180 сыфы). – «Охтви Сахареба». Ацы къухфыст разныхасимæ иронау æмæ гуырдзиагау 1823 азы арвыстой Бетъырбухмæ джиппы рауадзыны тыххæй, фæлæ цæйдæр тыххæй бакъуылымпы.

Ранымад чырыстон тексттæ, стæй ма уыдонимæ Нацвлишвили Гайоз æмæ Генцауырты/Хъесаты Паулейы тæлмацгонд «Цыбыр катехизис» (М., 1798), уыдысты XIX æнусы райдианы ирон литературæйы æххæст каталог, бæлвырдæй æвдыстой ирон æвзаджы уавæр уыцы заманы. Ирзонынады бындурæвæрæг, акад. Шегрен Андреас нын не ’взаг ахуыр кæнынмæ бавнæлдта ацы чингуытæ æмæ къухфыстытæм гæсгæ. Йæ хъуыстгонд чиныг «Ирон æвзагахуыр»-ы (Бетъырбух, 1844 аз) уый фыста, гуырдзиаг абетæ хъомысджындæр сты ирон мыртæ равдисынмæ, зæгъгæ. Уымæ гæсгæ Иалгъузидзейы йæ ирон абетæм бахъуыди бафтауын æрмæст æртæ дамгъæйы – **ы**, **ф**, **й**. Æцæгдæр, уыцы æртæ дамгъæйы нырыккон гуырдзиаг фыссынады дæр не сты, фæлæ рæстдзинады тыххæй зæгъдзынæн, фыццаг дыууæ Иуане кæй райста зындгонд гуырдзиаг ахуыргонд æмæ фыссæг сауджын

Антонийæ (1720–1788). Ахвледиани Гиуæрги куыд сбæлвырд кодта, афтæмæй Æгъуызон æрхъуыды кодта дыууæ графемæйы: фыццаг – **z**, нысан кодта хъæлæсон мыр **æ**, дыккаг та уыди **j** æмæ нысан кодта **й**.

Бæстон нæ дзурдзынæн, ирон фыссынадмæ Иуане цавæр ногдзинæдтæ бахаста, уый тыххæй. Мæ ныхасы сæр ныртæккæ бынтон æндæр у, стæй йын æвзагзонынады æгъдæуттæм гæсгæ аккаг аргъ скодтой Шæгрен Андреас, уый фæстæ та Ахвледиани Гиуæрги æмæ бирæ æндæртæ. Уыцы фарстайы фæдыл 1985 азы Тедеты Уæлгъа сæрмагонд чиныг рауагъта. Æз ам радзурдзынæн Æгъуызаты Иуанейæн йæхи къухæй фыст дыууæ цымыдисаг документы тыххæй. Сæ рæстæджы мыхуыргонд дæр æрцыдысты, фæлæ уæдæй фæстæмæ фондзыссæдз азæй фылдæр рацыди. Мæнмæ гæсгæ, ирон дзыллæтæн хорз зындгонд не сты, æмæ мæ уыцы къуыхцы фæнды аиуварс кæнын.

Фыццаг уал зæгъдзынæн Æгъуызоны автобиографийы тыххæй. Ныффыста йæ гуырдзиагау, æмæ йæ ссардæуыд Гуырдзыстоны паддзахадон архивы, дины разамынды – Екзархаты къæнцылары фонды. Сæрибар тæлмац æмæ цыбыртæгондæй мыхуырæй рацыд 1866 азы Кавказаг археографион къамисы актты фыццаг чиныджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, ныры рæстæджы йын ссарæн дæр нæй, афтæ стæм разындысты уыцы актты чингуытæ. Тедеты Уæлгъа йæ сæрмагонд иртасæн куыст «Фыццаг ирон къухфыстыты æвзаг» (П’ирвели осури хелнацеребис ена. Тбилиси, 1985), зæгъгæ, уымæн йæ уæлæмхасæны ацы документ джиппы рауагъта, фыст куыд у, афтæмæй. Гуырдзиагау чи нæ зоны, уыдоны базонгæ кæндзынæн, Иуане йæ цард æмæ сфæлдыстадон куысты тыххæй цы фыста, уыдæттимæ. Йæ ныхæстæй нæм куырыхон рухстауæджы сурæт азты сæрты ирддæрæй разыны, æмæ хъуыдыты аныгъуылæм. Куыд равзæрд иры ’хсæн ахæм сыгъдæг уæларвон зæды хуызæн адæймаг?

«Æз дæн 45-аздзыд гуырдзиаг æзнауыр Иалгъузидзе Гиуæргийы фырт Иуане. Ис мын бинойнаг æмæ дыууæ зæнæджы. Райгуырдтæн Ирыстоны, æрдзæй мæ равзæрд у ирон уæздæттæй. Гуырдзиаг æмæ ирон æвзæгтæй уæлæмæ мæ бон у цыдæртæ уырыссагау дæр радзурын.

Гыццыл сывæллонæй мæ Ирæй ракодтой Гуырдзыстонмæ, уым паддзах Ерекъле II куы базыдта мæ уæздан равзæрд, уæд бафæдзæхста мæ фыдæн мæн Сыгъдæг Фыдуанийы моладзаны архимандритмæ раттын, цæмæй сахуыр уыдаин аргъуаны чингуытæ гуырдзиагау кæсын. Нысангонд моладзаны уæвгæйæ æз уыцы зонындзинад базыдтон. Паддзах Ерекълейы фæндонмæ гæсгæ мæн арвыстой Дауыт-

Гареджийы фæдзæхст бынатмæ («пустынь». – У. В.) сауджын Карумидзе Иоанемæ, куыд философийы дæснымæ. Паддзахы бардзырдмæ гæсгæ æз уым ахуыр кодтон аив дзырды зонæнтæ дæр. Мæ ахуыргæнæг Иоанейæн радтой уæлдæр динон цин æмæ йæ раивтой Цъилкъаны епархимæ. Фæстæдæр мæ равдыста паддзахæн, æмæ мыл тынг фæцин кодта, загъта, хорз уаид, мæ ахуырдзинад дарддæр куыд ахастаин. Фæлæ æвиппайды фæзиан, æмæ мæ къухы йæ фæндон сæххæст кæнын нал бафтыд. Баззадтæн æвæгæсæгæй æмæ хи фæллæйттæй цардтæн.

Уæрæсейы аудæны Гуырдзыстон куы бацыд, уæд райдыдтон агурын фадæттæ ирон адæмы мидхъуыддæгтæ банывыл кæныны тыххæй. Ирон æвзаг зонгæйæ, æз райдыдтон кусын бынæттон хæстон-граждайнаг разамындимæ. 1802 азы æртхъирæны мæйæ Майрæмкуадзæны онг Кавказаг гренадерон полчъы разамонæг дæлбулкъон Федыр Симоновичæн уыдтæн иры хъуыддæгтæн хицон адæймагæй. Бæлвырдæй та Пацъа, Стыр æмæ Чысыл Леуахи æмæ Арагуыйы былгæрæтты цæрджыты. Мæ фадæттæм гæсгæ æмæ ирон æвзаг зоныны тыххæй полчъы стабс-капитан Осипов мæнæн æмæ иннæтæн бабар кодта ирон адæмы уисæн кæнын.

Мæхи фæндтæм æмæ хæрзразæнгардмæ тырнгæйæ, æз иттæг рæвдз фæдæн мæнæн бабаргонд куыст Чеселтгомы, зæрдæйы уынаффæйæ сæ æххæст снывыл кодтон. Бирæ архайдтон… Йæ Бæрзонддзинады Манифестмæ иумæйаг фæндиаг æмæ сæ ардбахæрдæй Йæ Императорон Бæрзонддзинадæн æнувыд кæй уыдзысты, ууыл. Уыцы иу рæстæг мæн арвыстой тæккæ зын æмæ тæссаг бынæттæм. Кавказаг хæхты сæрты бирæ рæтты ахызтæн, уыимæ æнусон цъититæй æмбæрзт Зикъарайы хохыл дæр. Йæ Императорон Бæрзонддзинады паддзахадон службæйы фæдыл æххæст цæрдæгдзинадæй æмæ æнувыдæй æз рæвдз кодтон мæныл æвæрд хæстæ. Уымæ гæсгæ Гуырдзыстоны сæйраг разамонæг инæлар-лейтенант Кноррингы лæвæрд курдиатмæ гæсгæ 1802 азы хуымгæнæнты 23 боны хорзæхджын фæдæн хъуырыл сырх цыллæ уадздзагыл даргæ сызгъæрин майданæй.

Бынатон хæстон-граждайнаг хицауады сæргълæууæджы балæвæрдмæ æмæ Йæ Бæрзонддзинады бардзырдмæ гæсгæ, иттæг хорз æмæ æнувыд паддзахадон куысты фæдыл мæнæн лæвæрд уыд пенсион – афæдзы мызд 120 æвзист сомæй. Ирыстонæн йæ фылдæр хай кæй зонын, уыимæ дæр ирон æвзаг, æз архайдтон хæстон-граждайнаг æмæ монон хицауадимæ сæ алыхуызон баргонд хæстимæ ирон адæмы

хъуыддæгтыл. Уæлейæ ’рвыст фæдзæхстытæ æз æххæст кодтон канд уæнгрог æмæ тырнгæйæ нæ, цас æнтыстджынæй æмæ пайдайæ. Уый фæдыл Йæ Бæрзондсыгъдæгдзинад митрополит æмæ Гуырдзыстоны екзарх Теопилактъ мæн бакæнын кодта Монон къамисмæ иры хъуыддæгты кусæгæй. Уым иумæ куыстам 1815 азы кæрдæджы мæйæ.

Фыццаджы, æвиппайды декъаноз Елиозимæ æмгуыст фæкодтам аргъуантæ аразыныл, бæлвырдæй та, Стыр Леуахийы былгæрæттыл нырыккон кувæндæттæ аразыныл. Дыккаджы, Йæ Бæрзондсыгъдæгдзинад мын ныфс бавæрдта гуырдзиагæй ирон æвзагмæ раивын райсомы æмæ изæры Хуыцаумæ куывдтæ, катехизис цыбыр чырыстон уагимæ æмæ Хуыцауы литурги. Уыдон фыццаг хатт джиппы уагъд уыдысты ам, Калачы. Хуыцауы литурги та къухфыстæй конд у.

1820 азы æртхъирæны мæйы 15 бонæй æз кусын райдыдтон Калачы семинары гуырдзиаг æмæ ирон æвзæгты ахуыргæнæгæй. Семинаримæ бацæуæг ирон сывæллæттæм дины уырнындзинады хъомыл кæнын. Уымæй уæлдай Йæ Бæрзондсыгъдæгдзинады фембæлдты рæстæджы ног дзуарæфтыд Калакмæ æрбацæуæг ирæтты хистæртимæ æмæ хохаг адæмты минæвæрттимæ арæх вæййын тæлмацгæнæгæй. Æзнауыр Иоане Иалгъузисдзе. 1820 аз».

(ЦГИА Грузии. Фонд канцелярии экзарха Грузии. Ф. 488. Д. 488. Л. 109–112)

Ацы къухфысты ныхас цæуы дыууæ сывæллоныл, афтæмæй та Иуанейы цот уыдысты æртæ. Йæ идæдз Марйа Иуанейы зианы хæдфæстæ, 1831 азы кæфты мæйы, Калачы пъæлицмейстерæн фехъусын кодта йæ бинонты уавæр. Хистæр чызг уæдмæ моймæдзыд уыди, хистæр фыртæн дæр йæхицæн уыди бинонтæ æмæ йæ фыды хуызæн лæууыди дины фæндагыл. Ус царди, бынæттон семинары йын чи ахуыр кодта, йæ уыцы кæстæр 15-аздзыд фыртимæ. Зианы фæстæ æнæ дарæгæй баззадысты æмæ æргом мæгуырдзинадмæ æрцыдысты. Марйа йæ сæрыхицауы гæххæттытимæ æххуыс агурæг фæзылди хицауадыл. Суанг ма, Гуырдзыстоны цы уырыссаг æфсæдтæ уыди, уыдоны сæйраг разамонæг граф Паскевич Иван Федыры фырт (1782–1856) дæр архайдта Æгъуызаты бинонтæн баххуыс кæныныл. Ныхас дардыл у, фæлæ сын 1833 азы тъæнджы мæйы 14 бон нысангонд æрцыд афæдзы улупа 430 сомы (История Юго-Осетии. В документах и материалах. II. Цхинвал. С. 55, 60).

Ӕгъуызоны хæрзгæнæг паддзах Ерекъле II тыххæй сæрмагондæй æнæ зæгъгæ нæй. Гуырдзыстоны сæргъы фæци бирæ рæстæг – æстдæсæм æнусы 60-æм азæй 1798 азы тъæнджы мæйы йæ амæлæты бонмæ. Уый уыди зондджын политик æмæ арæхстджын дипломат, хъæбатыр хæстон раздзог. Йæ дæсны разамынды руаджы Гуырдзыстон туркаг хуындæджер æмæ персайнаг сахы дæлбарæй фервæзтис. Ерекълейы рæстæджы 1783 азы гуырдзы бафидыдтой Уæрæсеимæ Георгиевскы сахары æмæ, фервæзыны мадзалæй сæхимæ цы уыд, уыдоныл нолжы уырыссаг æфсæддон æмæ политикон тых бафтыдтой. Ирон таурæгъты баззад 1795 азы Ага-Мæхæмæтханы Калакмæ æрбалæбурды кой. Хетæгкаты Гоцъи, дам, уæд персайнаг богалимæ схæцыд æмæ йыл фæуæлахиз, æмæ дам ын Ерекъле II уый тыххæй балæвар кодта сызгъæрин нуазæн.

Йæ зæрдиаг куысты тыххæй Уæрæсейы хицауад Иуанейæн саккаг кодта цалдæр паддзахадон хæрзиуæджы. Сызгъæрин майданы кой йæхæдæг дæр кæны йæ автобиографийы. Гæбæраты Сослан Центрон паддзахадон историон архивы Бетъырбухы куыд рабæрæг кодта, афтæмæй Ӕгъуызон хорзæхджын уыди Сыгъдæг Аннæйы орденæй дæр (ЦГИА СПб. Ф. 796. Оп. 2. Д. 8804. Л. 26).

Мæ ныхæстæм ма бафтаудзынæн уый, æмæ Иуане ахуыргæнæгæй куыста Калачы семинары нæ, фæлæ йæ цуры приходы скъолайы фыццаг къласты. Уым зæрдиагæй фæкуыста 1820 азы æртхъирæны мæйы 13 бонæй суанг 1822 азы тъæнджы мæйы 18 бонмæ. Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй, йе ’нæниздзинад кæй фæцудыдта, уый аххосæй ныууагъта ахуыргæнæджы куыст æмæ йе ’ргом аздæхта сфæлдыстадмæ. Йæ литературон бынтæ фылдæр уыдаиккой, фæлæ рын сыстад, æмæ Иуане йæ амæттаг баци.

Архивон документты иу æмæ дыууæ хатты нæй Ӕгъуызаты Иуанейы хорз куысты кой. Арæх ын банысан кæнынц йæ мæгуырдзинад æмæ, цардæн исты пайдайагæй йæм кæй ницы хæццæ кæны, уыцы æууæлтæ. Уымæ гæсгæ йæ 1802 азы паддзахадон службæмæ куы истой тæлмацгæнæгæй, уæд ын инæлар Кнорринг К. Ф. сæвæрдта мызд 250 сомы. Фæстæдæр, иры æруисæн кæныны хъуыддаджы куыд зæрдиагæй архайы, уый куы федтой, уæд сæйраг æфсæддон разамонæг инæлар Тормасов А. П. бардзырд радта, цæмæй 1809 азы Майрæмкуадзæнты 12 бонæй фæстæмæ йæ афæдзы мызд уа 120 æвзист сомы.

Биографи фыст у 1820 азы, æмæ дзы, Сыгъдæг Евангели ирон

ӕвзагмӕ раивынил кӕй кусы, уый тыххӕй ницы загъдӕуы, афтӕмӕй та арфӕйаг куыст райдыдта уыцы азы Джеоргуыбаты. Сразӕнгард ӕй кодта Йӕ Бӕрзондсыгъдӕгдзинад Гуырдзыстоны екзарх Теофилакт. Куыст кӕронмӕ ахӕццӕ кӕнын йӕ къухы бафтыд 1823 азы уалдзӕджы, екзарх Ионӕйы заманты. Уыйбӕрц рӕстӕг ыл кӕм бахардз кодта, уым, ӕвӕццӕгӕн, Сыгъдӕг Евангели ирон ӕвзагмӕ раивын ӕнцон хъуыддаг нӕ уыди.

Уӕлдӕр дыууӕ документы ӕрхӕссынӕй зӕрдӕ бавӕрдтон. Иу дзы, кӕй кой ракодтон, уыцы автобиографи у. Дыккаджы та дзырд цӕуы, Ӕгъуызон йӕ тӕлмацыл куыд куыста, уый тыххӕй. Сыгъдӕг Евангелийӕн цы разныхас ныффыста тӕлмацы автор, уымӕй зӕгъын.

Зындгонд уырыссаг скӕсӕниртасӕг Залеман Карл Гермӕны фырт (1849–1916) ссардта тӕлмацы къухфыст акад. Шегрен Андреасы архивы гӕххӕттыты 'хсӕн. Раныхас гуырдзиаг графикӕйӕ транслитераци скодта уӕды ирон абетӕм ӕмӕ йӕ раивта немыцаг ӕвзагмӕ. Афтӕмӕй мыхуыргонд ӕрцыд Уӕрӕсейы Зонӕдты академийы уацты «Азиаг арвистон»-ы. Залеман уыди стыр иранист ӕмӕ тюрколог, бирӕ азты дӕргъы фӕкуыста Бетъырбухы университеты ахуыргӕнӕгӕй ӕмӕ Азиаг музейы (ныры Бетъырбухы Скӕсӕниртасӕн институт) директорӕй. Ацы фӕлтӕрд иртасӕг Иуанейы ӕвзаджыздӕхт ӕнӕ редакцигондӕй ныууагъта, цӕмӕй фӕсхохаг ирӕтты ӕвзаг ахуыргӕндтӕм ирдӕй разына. Йӕ бирӕ алыхуызон зонадон куыстыты 'хсӕн ис егъау иртасӕн уац ирон ӕвзаджы мивдисӕджы тыххӕй. Немыцагау 1874 азы мыхуыргонд уыди Берлины, фӕлӕ нырма ивд нӕма у нӕдӕр ирон, нӕдӕр уырыссаг ӕвзагмӕ.

О, фӕлӕ Иуанейы разныхасмӕ раздӕхӕм ӕмӕ йӕ, куыддӕриддӕр у, афтӕмӕй ӕрхӕссӕм.

«Разӕй дзырдад.

Фӕлой гӕнӕгӕй ыскӕнынил Хвычаон чиныг Сыгъдӕг Сахаребайы ирон ӕвзагил.

Мыггаг ӕнӕ чӕвӕтӕй ироны, канӕг сывӕлонымӕ ӕркодта мӕн, Гвырдзыстоны мӕлиг Ерекле дыгаг. Ӕмӕ мӕ рада мӕн чиныг ахвыр гӕнӕнмӕ идӕг зӕрдӕйӕ, ачы фӕндӕй ӕмӕ кӕд сымах мемирон мыггагӕн еафоныл исдӕмӕй бӕзон ахъаз хъом фӕчаин. Афтӕ ӕздӕр мӕ мӕнгард хъомсӕй архийдон ахвыр кӕнынил. Ӕмӕ ысдыр Хвычав качы у ӕбӕтӕн хӕрз вӕндон,

мæмæдæр ехорзæхы æрæвдивнæй æркасди. Æрхæдзæмæ кода мæн айонг æмæ, гæзæма, байгом ысды менæхъомыл зæрдæй чысдытæ, кæй фæрчы бафæрæсдон гвырдзиаг æвзагвыл чиныджы вавæрын. Екæронæй гæзæмæ бакæсын. Æмæ дзы базыдон ай æмæ. Мыгаг кæмæн нæй чиныг, вый хъаджын у расд æмбарынæй. Нæ зоны агагав Хвычавы. Æмæ нæдæр ехи. Хвычаон дæсны гæнæг чиныг, ивмæ æбæтыл хæс æвæры, афтæ æмæ чи чæмæйдæридæр фесквыса, умæй емыгаг æмæ емзахонтæн хъава æмæ ысбæзон æхъаз фæвыныл архайа ебонæй. Афтæвæ æз федон сымах мемиронты, мыгæгдæн æбæты æхсæн хъаджын ачы ысдар миа. Нæвын выди сымахæн чиныг. Авыл мæтгæнæг мæзæрдыл дардон мæлиг Ереклийы амондзинады, фæлæмын нæ выди мæнæн фадат. Амæнæмæ ачы хъвыдагæн бахъæваг у бæрзонд сæрадæй ахъаз бакæнын, æмæ кæд ивгæр ысдыр Хвычав у хичав æрвды æмæ зæхы. Æмæ вый армы ысды æгæсдæ æмæ мæрдæдæр. Вый у æбæтæн хæрз аразæг. Качы махдæр нæ вадзы æмæ арæд, æмæнæмæ ивгæр кæд чиныджы дзырав “зæрдæтæ мæлиджыты ысды Хвычавы армы”, учы Хвычав раздæхæд махмæдæр зæрдæйы ехичæй хæрз вæндон æвæрсд ысдыр падзах Император Александр Павлеы фырты, кæчыйы хорзæхы æрæрдивнæй ысрухс ысдæм чырыстойнады райсынæй, амæй æздæр ныфсджын фæдæн, æмæ бавæндыдæн чæмæн мæ мæнгард хъомысæй ысфæлварон ирон æвзагæй чиныг ыскæнынывл. Æмæ афтæ ыскодон ирон æвзагыл ачы чиныгы, кæчы хвыйны гвырдзиаг æвзагвыл Сахареба. Ома чиныг вадз хъвыдон, амæнæмæ вæлæрвон Хвычавы, зæды, æмæ сыгъдæгды вадз хъвыды нын ай амоны. Авыл фæлой фæкодтон æртæ азы бон æмæ æхсæвæй, качыйы райдыдтон 1820 азы ноембыры 15 боны. Хæрз амондзинадæй Гвырдзыстоны Теофилакт митрополиты егзархады. Æмæйæ фæдæн 1823 азы маисы 25 боны, Гвырдзыстоны савджын сæр Ионæйы егзархады. Афтæ мæ хъомыс час выди. Мæхивыл нæ бачаварсдон, чæмæн сымах мемиронтæ ма фæват хъаджын а чы ысдыр хъвыдагæй. Ныр кувын æмæ лæхсдæ кæнын æбæты хæрз аразæг Хвычавæн, чæмæн сымах вæхвыдæг. Æмæ вæ зæнæг квыд фæсдæмæ ысрухсдæр ват зæрдæйæ, æмæ бафæразæт базонын бæлвырдæры» (Salemann Carl. Die Sjögrenischen Handschriften // Mélanges Asiatiques. T. X, livr. 2. St.-Ptg. P. 283–284).

Ацы цыбыр разныхасы Æгъуызон раргом кодта йæ зæрдæйы

сагъæстæ æмæ йæ сыгъдæг уды хъизæмæрттæ. Куыд уынæм, афтæмæй тæлмацгонд нæу, нæ разы ис, сæрмагондæй иронау фыст чи æрцыдис, ахæм цыбыр æмæ мидисджын уацмыс. Йæ фыстыздæхт æмæ иумæйаг стилистикæйæ нын ирдæй æвдисы фыццаг ирон интеллигенты удысконд. Чырыстон джиппы бынæй бырсы уæды заманты ирон удварны тых æмæ дзы æнкъарæм адæмы хъынцъым чиныгыл. Цыбыр дзырдæй, зыны дзы ирон чиныджы разистори (предыстория. – У. В.). Уымæн афтæ арф бахъарынц адæймаджы зæрдæмæ разныхасы фæстаг рæнхъытæ. XIX æнусы райдианы ахæм хъуыдытæ æнцой кæмæн нæ лæвæрдтой æмæ йæ талынг æнæчиныг адæмы тыххæй йæ удыл чи нæ бацауæрста, уый уыди стыр патриот. Йæ царды уæззау уавæртæ дæр ницæмæ дардта, афтæмæй рæсугъд фидæныл сагъæс кодта æмæ йын удуæлдайæ бындур æвæрдта.

Разныхас кæсгæйæ, æнæ бафиппайгæ нæй, неологизмтæ æмæ дзы Иуанейы æрхъуыдыгонд дзырдбæстытæ цас ис, уый. Уыдон æвдисынц, рухстауæг йæ зæрдæйы фæндон йе 'мзæххонтæн бæлвырддæр раргом кæнынмæ куыд тырныдта, уыцы æууæл. Тæлмац кæнын-иу йæ ныфс кæм нæ бахаста кæнæ-иу кæм нæ бафæрæзта, уыцы бынæтты пайда кодта гуырдзиаг æмæ уырыссаг лексикæйæ. Дæнцæгæн æрхæссæн ис рагон бердзенаг дзырд Евангели. Иронау нысан кæны Хæрзуац, уырыссагау та – Благовестие. Иуане йæ разныхасы пайда кæны, фæсхохы хорз кæй зыдтой, дзырды уыцы гуырдзиаг халдихæй – Сахареба.

Ахæм дæнцæгтæ, иу хатт ма йæ банысан кæнон, Æгъуызаты Иуане йæ рухстауæн куысты интеллектуалон фæллой цæмæй йе 'мзæххонтæн æнцон æмбарæн уа, уымæ кæй тырныдта, ууыл дзурæг сты. Афтæ домдта чырыстон чингуытæ тæлмацгæнджыты фæтк. Фыццаджыдæр, гуырдзиаг тæлмацгæнджыты скъолайæ зæгъын. V æнусы йын бындур æрæвæрдта зынгæ чырыстон архайæг Сабацъмидели (439–532). Иуане гуырдзиаг ахуырдзинад кæй райста, уымæ гæсгæ сæ сæйраг тенденцитæ фæзындысты йе сфæлдыстадыл. Фæндзæм æнусы Сабацъмиделийы ахуыргæнинæгтæ æмæ фæдонтæм цы хъуыдытæ уыд, уыдон Æгъуызон анывæста XIX æнусы райдианмæ. Бынтон æндæр социокультурон уавæртæ æмæ сæ бынтон æндæр адæмы 'хсæн цæрæццаг скодта.

Тæлмацы хъуыддаджы зындзинæдтæ дунейы кæддæриддæр уыдысты æмæ абон дæр сты цардæгас. Кæд нæ рæдийын, уæд Ныгуылæн Европæйы фыццаг хатт уыцы фарст æрæвæрдта æмæ

йыл бинонығæй бакуыста зынгæ англосаксаг чырыстон фыссæг æмæ тæлмацгæнæг Элфрик (995–1025). Уæдæ испайнаг философ Ортега-и-Гассет Хосе (1883–1955) дæр ацы темæйыл 1939 азы ныффыста æвæджиауы цымыдисаг уац «Тæлмацы æгуыдзæгдзинад æмæ йæ тæмæн» (Miseria e Eslendor de la Traduccion).

Екзарх Ионæйы уынаффæмæ гæсгæ Сыгъдæг Евангелийы къухфыст æрвыст æрцыди Бетъырбухмæ – Сыгъдæгдæр хицауадгæнæг Синодмæ. Уым æм хъуамæ æркастаиккой æмæ йын йæ дарддæры хъысмæт сбæлвырд кодтаиккой. Библийы Уæрæсейаг æхсæнады сæрдар, монон хъуыддæгтæ æмæ адæмон рухсады министр уæд уыди кънйаз Голицын А. Н., æмæ йæм 1823 азы Майрæмкуадзæнты Синод фæхабар кодта. Уый хъавыд Æхсæнады хардзæй ногдзуарæфтыд ирæтты пайдайæн тæлмац 600 чиныгæй джиппы рауадзын, фæлæ цыдæр æбæрæг аххосæгты тыххæй хъуыддаг фæсыкк. Афтæмæй иры дзыллæ Ног Фæдзæхсты сыгъдæг чиныг федтой æрмæст 1848 азы. Раивта йæ ахуыргæнæг Мжедлов (Мчъедлишвили) Григол, дыккаг хатт дæр æй джиппы рауагътой Калачы – 1864 азы.

Ионæйы Астæрханмæ ног куыстмæ куы аивтой, уæд Гуырдзыстоны екзарх сси Euджен. Уый 1836 азы Дзæуджыхъæуы байгом кодта монон ахуыргæнæндон. Фæлгæсæг æмæ дзы ирон æвзаг æмæ Хуыцауы æгъдауы ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Двалишвили Сио, инспектор æмæ иннæ зонæдты ахуыргæнæгæй та Мжедлов Григол. Чырыстон диныуаг хъомылгæнинæгтæ ахуыр кодтой Калакæй æрвыст Æгъуызаты Иуанейы тæлмацгонд чингуытæм гæсгæ. Уыдон уыдысты «Ирон абетæ» æмæ «Къатъехисмос».

Фæлæ хъуыддаг нæ фæрæстмæ: ардыгон ирæттæн зын æмбарæн уыдысты Æгъуызоны гуырдзиаг дамгъæтæй фыстытæ. Стæй ма умæй уæлдай иуæй-иу фæсхохаг ныхæстæ сабитæм худæг дæр кастысты. Умæ гæсгæ Сио фæхабар кодта Калакмæ, семинары хицауадмæ, цæмæй йын бар радтаиккой бынæттон æвзаджыздæхтыл ног тæлмац бацæттæ кæнынæн, фыссынмæ та йæ хъавыд уырыссаг дамгъæтæй.

Уæдмæ ахæм абетæ бацæттæ кодта акад. Шæгрен. Уыцы азы кæфты мæйы 12 бон Сио Калакæй дзуапп райста. Уым фыстæуыд, цæмæй хохæгты сабиты мауал ахуыр кæной гуырдзиаг дамгъæтæй, умæн æмæ уый у бынтон æнæпайда æмæ рæстæгсафæн хъуыддаг. Уыйадыл Иуанейы тæлмацгонд чингуыты рухстауæн дуг ахицæн. Акад. Миллер

Всеволод (1848–1913) ын 1880 азы Стырдыгурыхъæуы æнæнхъæлæджы ссардта йæ чингуытæй иу. Ахуыргонды ныхæстæм гæсгæ, уый уыд Хуыцаумæ куывдтыты æмбырдгонд, 1820 азы Калачы джиппы кæй рауагътой, уый.

Ацы дæнцæгтæ, XIX æнусы райдианы Иры культурон царды цы стыр ивддзинæдтæ æрцыди, уыдоныл дзурæг сты. Æгъуызаты Иуанейы сфæлдыстадон бынтæ разындысты гуырдзиаг культурон тæваджы фæстаг уылæн. Аллон-иры культурон историйы, æнусты дæргъы сыхаг Гуырдзыстон кæй æххæст кодта, иу ахæм чырыстон дуг фæцис. Ромейаг бердзенты фæстæ уый нæ бауагъта Иры чырыстон удварн фæцудын. Ир, стæй Гуырдзыстон Уæрæсейы империйы дæлбар куы бацыдысты, уæд райдыдта ног, бæлвырддæр дзургæйæ та – æртыккаг дуг.

Уый фидар баст уыди Уæрæсеимæ, æмæ чырыстон дуг Ирыстоны сног ис бынтон æндæр, зæгъæн ис, уырыссаг хуызы. Ног истори-он-культурон уавæртæ Иуанейы зæрдиаг фæллæйттæн сæ райдиан æмæ сæ кæрон банысан кодтой. Уырысы хицауад хорз æмбæрста, Кавказы, ома империйы ног зæххытыл цæрæг адæмы, кæй хъæуы культурон централизаци. Уыдон хъуамæ фидар баст æрцыдаиккой уырыссаг культурæ, чырыстон дин æмæ паддзахады иудзинадыл. Æгъуызон бынтон рохуаты нæма аззад, афтæ ног дуджы райдианы фæзынди ног рухстауæг. 1835 азы Бетъырбухæй Калакмæ зонадон балцы æрбацыд акад. Шæгрен Андреас Йохан (1794–1855). Цыбыр рæстæгмæ уый сахуыр кодта ирон æвзаг æмæ бацæттæ кодта ирон абетæ уырыссаг дамгъæты бындурыл. Уый фæстæ та ныффыста æвзаджы грамматикæйы арæзты тыххæй иртасæн куыст «Ирон æвзагахуыр» (СПб., 1844).

Уæлдæр кæй æрхастон, уыцы дæнцæгтæ æмбарын кæнынц, нæ рагфыдæлтæ ромейаг-европæйаг удварны культурæмæ афтæ æмхиц цæмæн уыдысты, уый. Чырыстон дины руаджы аллон-ир размæ уæндонæй цыдысты иумæйаг историон тенденцимæ гæсгæ. Сæ сыхаг адæмтæ – сомих, гуырдзы, абхаз æмæ уырысимæ сæхи Византийыл барстой, афтæмæй æмдзу кодтой. Мангол æмæ Ахсахъ-Темыры æрбалæбурды фæстæ ацы политикон æмæ культурон бастдзинæдтæ фехæлдысты, фæлæ чырыстон дин арф уидæгтæ ауагъта иры ’хсæн. Уыцы хъуыддагæн чысыл ахъаз нæ фæци гуырдзиаг динон-интеллектуалон æхсæнад.

XVIII æнусы раст æмбисæй фæстæмæ фарны ивддзинæдтæ сарæх сты Ирыстоны. Уый канд йæ зæххытæ нæ баиу кодта Уæрæсеимæ. Уæдæй фæстæмæ уый чырыстон дины руаджы культурон æгъдауæй æмхуызонгæнгæ рацыд, скæсæйнаг æмæ бердзенаг чырыстон динæн рагæй дæр фидар бындур кæм уыди æмæ уымæ гæсгæ йæхи «Æртыккаг Ром» чи хуыдта, уыцы бæстæйы удварнимæ. Афтæмæй Ирыстоны дæргъвæтин рæстæджы фæстæ дыккаг хатт гуырын райдыдта чырыстон дин æмæ стыр ахъаз фæци ирон адæмы культурон рæзтæн.

Фæзынд ирон чиныг æмæ райдианты Стыр Хуыцауы Сыгъдæг Дзырд хаста йемæ. Уый фæрцы ахуыргонд адæм ныфсджынæй тырныдтой чырыстон дунемæ, размæдзыд европæйаг культурон æхсæнадмæ. Ацы æрдхæрæны цауы ратæдзæны та лæууы ирон дзырддзæугæ лæг Æгъуызаты Иуане йе сфæлдыстадон фæллæйттæ æмæ рухстауæн змæлдимæ. Махæй йын алчидæр хъуамæ йæ сыгъдæг ном йæ зæрдыл дара æмæ йæм æргом дзуармæ кувæгау кува. Нæ мæгуыр талынг æмæ æнæчиныг адæмæн чырыстон дунейы рухсмæ, ахуыр æмæ зонындзинæдтæм уæрæх фæндаг фыццаг уый айгæрста.

*Вилен æмæ Лизæйы иумæйæг*
*тæлмæц уырыссаг æвзагæй,*
*журнал «Чырыстон ИР»*

# ПОЭЗИ

# УЫЦЫ РУХС

*ФИДАРАТЫ Руслан*

Уарзæн та æнæ æнкъардæй
А  зæххыл кæм ис?!
Фæззæгæн йæ рæдау рардæй
Дзаг кæны къæбиц.

Цин у, цин, æмæ æрхæндæг –
Сæрды фæстиуæг.
Уарзтæн дæр йæ цин, æнхъæлдæн,
Бафæстиат уæд.

Фæззæг рог æмæ уæзбынæй
Цардæй афтыйы,
Æрдз – бæгънæг, бæркад – рæбынæй.
Уарзт дæр афтæ у.

* * *

Нæ хорз хъуыдытæ сты мæкъуылтæ.
Сты нæ митæ – фæтæхсæн…
Нæ цард, нæ цард – цæстыфæныкъуылд, –
Ныртæккæ – бон, ныр та – æхсæв
Æмæ та – бон…

# ХÆСТОН

Хæстон, дæ зард – дæ хъарæджы фæндиаг,
Дæ хъарæг та дæ зарæджы æрцард…
Нæ уыд æнцон уæлахизмæ дæ фæндаг.
Нæ уыд æнцон хæсты фæстæ дæ цард.

«…Æнцон-æнцонæй уыцы бæстæ байсæм.
Æнцон-æнцонæй чи нын зæгъдзæн «ма кæ»,
Æнцон-æнцонæй, абон – тæккæ райсом
Германы æфсад сараздзæн атакæ».

Бырста, бырста, нæ тарст ныххъуырдæй,
Æнхъæл нæ уыд, йæ атакæ фæсыкк уа.
Фæлæ у лæг лæгыл амад йæ гуырдæй,
Æмæ сæтты цæваг галæн йæ сыкъа.

Нæ уыд æнцон уæлахизмæ дæ фæндаг.
Нæ уыд æнцон хæсты фæстæ дæ цард.
Хæстон, дæ зард – дæ хъарæджы фæндиаг
Дæ хъарæг та дæ зарæджы æрцард.

* * *

…Уыцы фæндаг, уыцы рухс,
Ног миты хъыррыст.
Асæрфын мæ уазал рус,
Алидзы мæ рыст.

Рог фæлладæй ахуырæй
Æз хæссын хызын.
Цух дæн мастæй, хахуырæй,
Дард мæ у хъызын.

Асæрфын мæ уазал рус,
Алидзы мæ рыст.
Уыцы фæндаг, уыцы рухс,
Ног миты хъыррыст.

* * *

Æмпъызт хæлаф, хæцъил дзабыртæ.
Тъæбæртгæнгæйæ, сысты рыг…
Ныр дæр цæуыс, фæлæ æрсабыр дæ.
Дæ фæндаг – лæгъз, нæу хæрд, уырдыг.

# БÆЛВЫРД ЦЫ ЗОНЫН, УЫЙ ЗÆГЪЫН, ХУЫЦАУЫСТÆН

*РÆМОНТЫ Геор*

## ЧЫЗДЖЫ ДЗУАПП

Уындæй бæргæ дæ, хорз лæппу, æххæст,
О, фæлæ сæрæн фердæхтæй цух:
Æрæвæрдтон дæ фидауцыл мæ цæст,
Исын дыл, мæгуыр кæй дæ, – мæ къух.

* * *

Раст цыма бæзæрхыг Дзиу къæдзæх у, –
Йæ урс хилмæ уæнгвидарæй фæцард.
Галы фых сæр фенгæйæ, фæзæгъы:
– Сæр дæ, мæнæй уый, бахъуыд æмæ кард.

## КОЗБАУГÆНÆГ

Æрвылбон нын хъæрзы йæ синтæй, мах
Хъусæм уый, нæхи хæссæм ыл худынæй:
Уæргътæ хæссынæй не схауди йæ рагъ, –
Хицæутты уæззау къæхты бын тулынæй.

## ДЫУУÆ ГРАФОМАНЫ

– Дæ ног романы цард æвдисыс арфдæр,
О, уый дæуæн – ыстыр ысгуыхт, æфсымæр!
Козбау кæнын нæу диссаг, фæлæ афтæ
У иу графомаг иннæмæй ныфсæвæрд.

*2014*

# ХЪÆЗДЫГ БИНОНТÆ

Ныззылдтой ног галуан æрæджы.
«Джипп», «Лексус»… Бирæ ’хца – æрмæджы.
Хæлиу ныллæуууыдысты, хиу, –
Сæ фæдыл иу рыгъд саби, иу.

* * *

Зæгъын: «фæци мæ цард».
Фæлæ цæуыл – мæ дис:
Куы уаин иугæр мард,
Куыд ма æнкъарин рис?!

# ДЫУУÆРÆНХЪОНТÆ

* * *

Бон дæр райхъал, уарзт дæр райхъал, –
Де ’рфгуытæн ма се’ лхынцъ райхал…

* * *

Бæлвырд цы зонын, уый зæгъын, хуыцауыстæн:
фæцæрын мын адзалы бонмæ бантысдзæн.

# ЦАРДУАРЗÆГ

Æрвылаз йæ дыргъдоны талатæ сагъта.
Мæрдтæй дæр сызгъæрин талатæ суагъта.

# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



## КÆСТÆРТЫ ХОНЫНЦ АРГЪÆУТТЫ ДУНЕМÆ

*Дзгойты Маринæ каст фæцис ЦИППИ-йы ирон филологийы факультет. 2006 азæй кусы Беслæны 5-æм рæвдауæндоны ирон æвзаджы ахуыргæнæг-хъомылгæнæгæй. Æмдзæвгæтæ æмæ аргъæуттæ фыссын райдыдта æртæ азы размæ.*

*Ирон аив дзырдæй Маринæ зæрдæскъæфт кæны йæ чысыл хъомылгæнинæгты.*

*Æрæджы чингуыты рауагъдад «Ир»-ы рухс федта æрыгон фысджыты аргъæутты æмбырдгонд «Аргъау-биргъау». Арæзт у РЦИ-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты комитеты цур Æфсæддон-патриотон хъомылады центры хъæппæрисæй. Уыцы сфæлдыстадон ерысты Маринæйы аргъау бацахста фыццаг бынат!*

*– Аргъæуттæ æмæ æмдзæвгæтæ фыссын мæ хъуыдыйы рагæй уыд. Мæ фыццаг уацмыстæн аргъгæнджытæ уыдысты сывæллæттæ. Сæ зæрдæмæ кæй фæцыдысты, уый мæ ноджы тынгдæр сразæнгард кодта сфæлдыстадон куыстмæ. Уæлахиздзауы ном та мæ уæлдай ныфс бауагъта. Цæттæ кæнын ног уацмыстæ конкурсмæ, – зæгъы Маринæ.*

*Рæствæндаг уæд уæдæ Маринæ сфæлдыстады æрфытæ æмæ бæрзæндтæм, йæ хъайтартæ сывæллæтты æвæсмон зондыл æфтауæнт кæддæриддæр!*

*ДЗГОЙТЫ Маринæ*

# АЦЫРУХС ÆМÆ МÆЛДЗЫГ

1

Раджыма-раджы царди иу æлдар. Уыдис ын æртæ фырты. Домбай æмæ хъаруджын. Уыдис ма æлдарæн иу цъæхдзаст чызг Ацырухс. Хуртæ æмæ дзы мæйтæ кастысты. Йæ цыллæ хъуымбыл дзыкку хæццæ кодта раст йæ фадхъултæм. Нарæгастæу æмæ гуырвидауц. Уый хуызæн рæсугъд хъæлæс æнæхъæн хохбæсты никæмæн уыд. Раст булæмаргъы зард кодта алы райсом дæр, чызджытимæ доны былмæ цæугæйæ. Тынг бирæ курджытæ йæ уыд, фæлæ йæ æлдар никæмæн аккаг кодта.

Æлдар арæх цыд цуаны йæ фырттимæ. Иуахæмы та фæраст сты. Мит тъыфылæй уарын райдыдта. «Афтæ хуыздæр дæр ма у, – загъта æлдар, – кæд нæ сырдтæ нæ иртасиккой».

Тымыгъ миты къуыбылæйттæ тъыфылгай зæхмæ æппæрста. Хъæд урс-урсид фестад. Цæвæг марæджы нал æвзæрста. Æлдарæн йæ къах миты фæсагъд, æмæ йæ йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, куыд фæдзæгъæл. Хæцæнгарз миты аныгъуылд. Ахæм тымыгъы ма йæ чи ссардзæн?

Бæстыл цъиуызмæлæг – нал. Кæцæйдæр бирæгъты ниуын ссыд. Æлдар, йæ царды кæрон æрцыд, уый бæмбæрста. Йæ дуг йæ цæстытыл ауад. Ницæуыл фæсмон кодта. Хорз фæцард. Æрмæст... Ацырухс. «Тæхуды, фæстаг хатт ма йæ фен, дæ хъæбысы йæ акæн. Куыд уыдзæн мæ чызг æнæ мæн? Нæй, мæнæн мæлæн нæй ырма!» – скарста лæг. Бирæгъты ниуд хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Раст уыцы рæстæг æлдарæн йæ къæхты бын зæхх фæцыдæр, æмæ лæг миты аивгъуыдта.

2

Йæ цæстытæй куы ракаст, уæд афтæ фенхъæлдта, цыма мæрдты бæсты ис. Рухсы цъыртт никуыцæй калд. «Мæнæ цы диссаг у, кæд амардтæн, уæд мæ фæрстæ та, цымæ, цæмæн риссынц?» – дис кодта лæг. Фезмæлынмæ куыд хъавыд, афтæ фембæрста, йæ къухтæ æмæ къæхтæ баст кæй сты.

Раст уыцы тæккæ афон кæцæйдæр цыдæр æнахуыр богъ фæцыд. Лæгæты æлдары уæлхъус фестад уæйыг. Æлдар ныззыр-зыр кодта, фыр тæссæй йæ цæстытæ ахгæдта æмæ та сæ байгом кодта, кæд фын уынын, зæгъгæ. Ахæм удхæссæг аргъæутты дæр нæ уыд. Уæйыг арт æндзарын райдыдта стыр аджы бын, æмæ лæгæт фæрухс. Уыцы рæстæг кæцæйдæр мæлдзыг рабырыд. Уый тынг диссаг фæкаст æлдармæ, уымæн æмæ раст хъомыл мысты йас уыд уыцы мæлдзыг.

– Уæ, хорз лæг, ныртæккæ дæ сфыддзæн æмæ дæ бахæрдзæн ацы уæйыг.

– Фервæзын мæ кæн, æмæ дын дæ цыфæнды фæндон дæр сæххæст кæндзынæн! – лæгъстæмæ фæци æлдар. – Æлдары дзырд дын дæттын!

Мæлдзыг хæстæгдæр бабырыд æмæ бæндæн бахсыдта. Æлдарæн йæ къухтæ æмæ къæхтæ феуæгъд сты, æмæ сындæггай абырыд лæгæтæй мæлдзыгимæ.

– Ныр мæ де уæхскыл сæвæр æмæ лидзгæ! – загъта мæлдзыг.

Лидзынтæ райдыдтой. Уæйыг тагъд фембæрста, йæ амæттаг кæй алыгъд, уый æмæ йæ фæдыл ацагайдта. Æййафын æй куы райдыдта, уæд мæлдзыг дзуры æлдармæ:

– Тулдз бæласы бынмæ балидз, æз ын балæгъстæ кæндзынæн!

Тулдз бæлас сæ æрæмбæрзта йæ сыфтæй, æмæ уæйыг йæ иувæрсты аивгъуыдта. Лæг та лидзынмæ фæци, уæдæ цы. Уæйыг хъæд æмæ быдыртыл иу зылд æркодта æмæ та æййафын райдыдта æлдары. Уæд та мæлдзыг дымгæйæн лæгъстæмæ фæци.

Уайтагъд сыстад диссаджы дымгæ æмæ уæйыджы быдыры иннæ кæронмæ баппæрста. Раздæрæй тынгдæр згъорын райдыдта фыр мæстæй уæйыг. «Ницы йыл тых кæны, мæ кæрон æрхæццæ», – ахъуыды кодта йæхинымæр æлдар. Мæлдзыг æм дзуры:

– Ма тыхс, ме ‘мбæлттæ нæ сæрмæ дзæгъæлы нæ фестадысты!

Æлдар уæлæмæ скаст æмæ уыны: æртæ цъиусуры зилдух кæнынц.

Уæйыг æлдары рацахса, зæгъгæ, афтæ цъиусуртæ фаттау ныццавтой сæхи уæйыгыл, йæ цæстытæ йын акъахтой, æмæ уæйыг йæ зонгуытыл æрхауд.

Афтæ мæлдзыг æлдары мæлætæй фервæзын кодта.

3

Ӕлдар куы фесæфт, уæд æй бирæ фæцагуырдтой йæ цот, хъæубæстæ. Чызг фæрынчын фыр мæтæй. Фыды æгасæй куы федтой, уæд бинонты цинæн кæрон нал уыд! Авд боны æмæ авд æхсæвы æвæрдтой цины фынгтæ, адæм кафыдысты æмæ зарыдысты æлдары хæдзары. Ӕрмæст уыдон куы ныххæлиу сты, уæд радзырдта æлдар, чи у йæ ирвæзынгæнæг, æмæ сын æй равдыста. Ӕлдары фырттæ æрлæууыдысты мæлдзыджы раз æмæ йын раарфæ кодтой.

– Ныр афон æрцыд дæ фæнд раргом кæнынæн, цæмæй дын бафидон дæ хорздзинад. Цы дæ фæнды, уый ракур! – загъта хъæлдзæгæй æлдар.

– Хорз бинонтæ дын и, æлдар. Дæ чызг та мæ зæрдæйы ныххауд, куыддæр æй федтон, афтæ. Дæ чызджы мын ратт!

Смæсты сты бинонтæ, фæлæ гæнæн нæй. Ӕлдар радта ныхас мæлдзыгæн. Афтæ мæлдзыг сси æлдары сиахс.

Бонтæ цæуынц. Чызг бирæ цæссыг фæкалдта – кæй фæнды мæлдзыгмæ мой кæнын? Уæлдайдæр та, Ацырухсы хуызæн рæсугъд чызг куы уа, уæд.

Рæстæджытæ-афонтæ кæрæдзи ивтой, æмæ ахæм заман æрцыд, æмæ æнæ кæрæдзи хæргæ дæр кæд нал кодтой. Иу райсом та чызг йæхи куыд цæттæ кодта арæдонмæ цæуынмæ, афтæ йæм мæлдзыг дзуры:

– Абон хæдзары лæуу. Иннæ чызджытæн дæр зæгъ, цыдæр бæллæх æрцæудзæн, мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры.

Нæ байхъуыста чызг мæлдзыгмæ, сыхаг чызджытимæ ацыд. Мæлдзыг сæ фæдыл ахъуызыд, уæдæ ма цы кодтаид.

Куыддæр доны былмæ бахæццæ сты, афтæ сæм къудзитæй дынджыр калм рабырыд. Чызджытæ фыр тæссæй сагъдауæй аззадысты, разæй та лæууыд Ацырухс. Калм æм фæлæбура, зæгъгæ, афтæ йыл мæлдзыг йæхи ныццавта. Бирæ фæтох кодтой. Уалынмæ калм мардæй æрхауд, фæлæ ма йæ бон сси мæлдзыгыл дæндагæй фæхæцын. Ацырухс ныккуыдта æмæ йæм базгъордта. Мæлдзыг нал улæфыд. Чызджытæ йæ кæугæйæ ахастой хæдзармæ. Бинонтæ тынг фæхъыг сты, йæхи сын тынг бауарзын кодта хæларзæрдæ, цыргъзонд мæлдзыг. Ӕнæхъæн хъæу дæр фæфæдис.

Ацырухс агъуысты мæлдзыгимæ куы аззад, уæд дын агъуыст

ныррухс. Ацырухс иуцасдæр уынгæ дæр ницыуал кодта. Йæхимæ куы ‘рцыд, уæд кæсы, æмæ мæлдзыджы бынаты хуыссы диссаджы лæппу, раст саджы фисынтыл амад. Чызг фестъæлфыд. Лæппу бацыд чызгмæ мидбылхудгæ:

– Ма тæрс, Ацырухс. Æз дæн Мæлдзыг. Кæлæнгæнæг ус мæ ралгъыста, уымæн æмæ йын йæ фыдцъылыз фырты мæлдзыг хуыдтон. Бирæ азты фыстон уыцы тæригъæд. Бамбæрстон мæ рæдыд, фендæрхуызон дæн. Цæмæй фæстæмæ суон адæймаг, уый тыххæй мæ хъуамæ мæлдзыгæй бауарзтаид æмбисонды рæсугъд чызг, науæд мæлдзыгæй мæ царды бонтæ арвыстаин. Дæу куы федтон, уæд дæ æнæкæрон уарзтæй бауарзтон, фæлæ мæ нæ уырныдта, дæуæн дæр дæ бон кæй суыдзæн мæн афтæ бауарзын. Ныр кæлæнгæнæг усы хинтæн кæрон æрцыд! – æмæ йæ хъæбысы ныттыгъта чызджы.

Ныццин кодта чызг дæр. Иумæ рацыдысты адæммæ. Фараст боны æмæ фараст æхсæвы чындзæхсæв фæкодтой Мæлдзыг æмæ Æлдары чызгæн. Арвыл хур æмæ мæйау фидыдтой иумæ. Сæ фæндыры зæлтæ сын Хуыцау дæр хъуыста...

# НОГ ТÆЛМАЦТÆ

# ÆФСÆДТОН БАРДЖЫТЫ ПОЭЗИ

Æвзæгтæ æмæ Культурæты дунейы ис хи денджызтæ, фурдтæ æмæ сакъадæхтæ, сур зæхх, егъау бæстæтæ, рухс та сæ кæны æмæ сæ тавы Поэзийы хур. Национ литературæ цæры уыцы дунейы мидæг, йæ монон исбонæй йæ хайджын кæнгæйæ, стæй, иннæ адæмтæн сæ къухы цы æнтыстытæ бафтыд, цæмæй фесгуыхтысты, йæхæдæг дæр уыдæттæм тырнгæйæ.

Сæ фæстагæттæн фыдæлты лæваргонд хæзнатæ цас зынаргъдæр сты, историйы мидæг цас ахадгæдæр у сæ фæд, уыйас парахатдæр у сæ байзæддæгты культурон хæстæгдзинад. Æмæ нын æппæт уыцы æууæлтæм гæсгæ хион сты, зонгæ, европæйаг литературæты стыр кад цы лæджыхъæд æмæ фырнымд, уæздан туг æмæ рæстад, хæларад æмæ уарзтæн кæнынц, уыдон.

Мин æмæ ‘рдæг азы размæ Ныгуылæн Европæмæ алантæ семæ фæхæццæ кодтой æфсæддон культурæ æмæ разагъды барджыты æгъдæуттæ. Алайнаг хæстон гуырды сурæт гермайнаг æмæ кельты знæмтæн басгуыхт фольклорон æмæ литературон сфæлдыстады барæджы идеал. Уый охыл фаг у æрмæстдæр раггермайнаг хуыцæуттæ – асты – æрымысын. Кæнæ та къарол Артуры æмæ Тымбыл фынджы хæстон барджыты тыххæй кадджытæ зæрдыл æрлæууын кæнын. Сæ нæмттæ дæр сын æрмæстдæр алайнаг æвзагыл ис бамбарæн.

V æнусы Орлеан уыд аланты къарол Гоары сæйраг горæт. Уый фембæлд Сыгъдæг Германимæ (францæгтæ йæ Сен-Жермен хонынц) фæахъаз хæстон барджыты уырнынады фæзындæн æмæ аргъуаныл къаролы æрмдардæн. Епископ Герман бауæндыд æфсæн фæлыст аланты ‘фсад бауромын, къаролы ‘фсургъы рохтыл æрхæцгæйæ, æмæ, ‘ппæт æмризæджы цы къаролы тасæй рызтысты, уый дисы бафтыдта чырыстон Европæйы – йæ бæхæй æрфистæг, нымдгæнгæйæ ныхас кодта рæстадон ауыдæнгæнæгимæ æмæ стæры нал ацыд, цæмæй йын йæ курдиат сæххæст кодтаид.

Хурныгуылæн Европæйы аланты тыххæй англисаг историиртасæг Говард Рид фыссы: «Уыдон дæр се ‘ххуысы хай бахастой, цæмæй

* Ам дзырд «рыцарь» фыст цæуы «барæг»-æй. Уымæн æмæ рыцарь фыццаджыдæр у барæг, уый фæстæ та – хотыхдар. Немыцаг æвзагыл рыцарь у – ritter, испайнаг æвзагыл – caballero, французæгтæм та – chevalier .

Ромы империи базгъæлæнтæ уа, гунтæ дæрæнгонд æрцæуой, æфсæддон барджыты цардыуаг фæзына æмæ срæза, стæй суанг нормантæ Гастингсы цур сакстыл фæуæлахиз уой. Астæуккаг æнусты гæнæхты, уæрæхзылд залты, гомдзых пецты гуыргуыргæнаг арты фæрсмæ бадгæйæ, бирæ хабæрттæ-таурæгътæ радзырдæуыд хæстон лæгдзинад æмæ намысы тыххæй, кадæггæнджытæ сæ фæлхат кодтой сæ балладæты».

Æмæ афтæ ‘рмæст Европæйы нæ уыд хъуыддаг. Профессор Чэнь Ли куыд зæгъы, афтæмæй, дам, Китайы астæуккаг æнусы романты аланты тыххæй дзырдæуы, зæгъгæ, уыдон уыдысты æмбисонды хъæбатыр хæстонтæ æмæ сæ алы ‘гъдауæй дæр фæзминаг æфсæддон барджытæ.

Сæ царды дæргъы алантæ цы адæмтимæ ‘мбæлдысты Европæ æмæ Азийы историон фæндæгтыл, уыдонæй бирæтæ уæлæуыл рагæй нал сты. Фæлæ, абоны онг цардæгас чи у, уыдон цæсты гагуыйау хъахъхъæнынц незаманты идеалтæ – нырыккон культурæйы сæ цæрæццаг, æнæмæлгæ кæны стыр, бæрзонд поэзи.

Ис ын базæронд уæвæн, банымайæн, чи нал фидауы æмæ чи нал хъæуы цæугæ царды, ахæмыл уыцы поэтикон азфыстæн?

Никæддæр, ницы хуызы!

Уымæн, æмæ уым тъымы-тъыматæм баззадысты рæбинаг æвæрдæй хъомысджын зонды, æхсар-лæгдзинады, хатыргæнæг æмæ рæвдауæг зæрдæахаст – удысконды цæвиттонтæ.

Поэтикон историйы нысан уый мидæг нæй, æмæ, цы уыд ивгъуыд дугты, уыдон-иу радзура, равдиса. Уыцы хæс историйæн быгъдуангонд у, æмæ йын йе ‘ххæст кæнын æнтысгæ дæр кæны. Комкоммæ поэзийы нысаниуæг та у, цæмæй зæрдыл лæууын кæна, алцыдæр куыд хъуамæ уа, уый. Поэт дзуры удуæлдай уарзт æмæ, фыдыбæстæ куыд æгæрон зынаргъ у, уый тыххæй, цæмæй адæм сæ райгуырæн зæхх, сæ намыс æмæ сæрибар макуы макæй фыццаг скæной.

Раг-рагон алантæн сæ фæд нæ фесæфт, сæ ном цæргæйæ уымæн баззад, æмæ сæхицæн равзæрды адджын къонайæн æндæр бæстæтæ нæ саккаг кодтой, кæддæриддæр-иу сæхи хæхбæстæм – арвы риу рæхойæг хæхтæм – раздæхтысты. Фынддæс æнусы размæ Ныгуылæнмæ афтгæйæ дæр, æгæр хорз дæр ма зыдтой, райгуырæн уæзæг барвæндæй æвзаргæйæ кæй нæу, уый.

Æмæ уæдæ нæ фыдæлтæй махæн æнустæм баззад цардбæллон уды хорзæхтæй дзаг райгуырæн бæстæ. Уый йæ сойæ, уæле исгæ – бынæй ахадгæ хъаймагъæй иу дугæй иннæмæ ‘фсады европæйаг культурæйы æнæфсис уидæгтæ.

Немыцаг æмæ англисаг поэзийы рæнхъытæ Золойты Аркадийы ардхæрæны дæсны тæлмацы нырæй фæстæмæ суыдзысты ирон литературæйы ахсджиаг хай. Аланты ‘взагмæ ивдæй, уыдон сæ ног фисынтæ-тигътæй тæмæнтæ калынц æмæ зæрдæмæ æвгæнынц «Уалдзæджы ныфс» – Людвиг Уланды æмдзæвгæйау – уымæн та Токаты Алихан йæ поэзи раст æнусы размæ райдыдта тæлмац кæнын.

***БЗАРТЫ Руслан***

# СИНОНХÆССÆГ

*Хуго Фон Хофманштал*

Барæг йæ синоны сисы бæрзонд.
Абухы размæ: хæрзифтонг, хæрзконд.
Аивæй сиры йæ саргъы бын бæх
Синонæй не ‘ркæлдзæн саргъыл æртæх.

Барæгæн дурау у фидар йæ къух
Ферттивы хурмæ йæ фæлыст æдзух.
Йæ ‘фсургъ фыр хъалæй нæ уадзы йæ хъазт,
Фæлæ фæлæууыдис иу ран æваст.

Барæгæн синон у кад æмæ ‘фсарм,
Уайтагъд йæ уæзæй æрфæллад йæ арм.
Барæг ныррызти, йæ саулох фæкалд,
Сау сæн йæ саргъæй нæ сау зæхма калд…

# РОНДЕЛА

*Шарль Орлеанаг*

Мæ уарзты фæдыл, о мæ уарзон, цу –
Фæкæс æм балцы, бахæрон уæ низтæ!
Лæггад кæнгæ дæ рауайæд хæддзу –
Йæ мидбылты дæм бахуддзæнис искæд.

Куы нал æййафа уарзт нæ фарнæй цух,
Нæ ардыл уæд нæ ауигъдзæн йæ къух.
Мæ уарзты фарсмæ, о мæ зæрдæ, цу:
Фæкæс æм балцы, бæхæрон уæ низтæ!

Уыдзынæ иунæг, о мæ хур*,б*ынтон, –
Зыбыты иунæг хилдзынæ зæх-арвыл,
Уæддæр уын уæнт уæ райсомтæ æхцон,
Фæлмæн – уæ лыстæн, уе ‘хсæвæртæ – царвыл.

Мæ уарзты фарсмæ, о мæ зæрдæ, цу:
Фæкæс æм балцы, бахæрон дæ низтæ!

## ОЙНА-МОРУЛ

*(Оссианы зарджытæй, Джеймс Макферсон)*

Хивæнд хур Лармæны цъæх обауы
Йæ тынтæй куыд байдзаг кæны,
Афтæ та дысон мæ зæрдæ байдзаг рагон таурæгътæй.
Кадæггæнжытæ сæ хæдзæрттæм куы фæраст сты,
Сæ фæндыртæ Селмæ уаты къулыл куы æрцауыгътой,
Уæд Оссианмæ фæдзырдæуыди, æмæ райхъал йæ уд.
Уый уыди незаманты азты хъæлæс:
Мæ разы абухынц, æмызмæлд кæнынц сæ цаутæ – сæ нывтæ…
Таурæгътæ куы `рбацæйцæуынц мæ рæзты,
Уæд сæ æрцахсын æмæ сæ бафтауын мæ зарджытыл.
Молвайна йæ урс къухтæй куы бавналы фæндырмæ,
Уæд райхъал вæййынц фурды был айнæг къæдзæхтæ.
Сонт хъуыдыты рухс атоны мæ уды тар.
Згъæрхудджын Тоскары чызг,
Нæ дæ фæнды зарæгмæ байхъусын?
Луты чызг, уæдæ та ивгъуыд азтæм фæсидæм…
Мæ сæрыл нæма сбадти халас.
Фæсидтис мæм фурды былæй Конклатин-паддзах,
Фæсидтис мæм цытдджын Фиорвед сакъадахмæ.
Мæ фыд Фингæл мæ арвыста фæдисы Фиорведмæ.

Хæст цыди йæ алыварс
Кæддæр нæ фыдæлтæ фæзонгæ сты куывды.
...Нæ науы пæлæзтæ æруагътам,
Мæ цирхъ барвыстон Мал-орхол – кадæггæнæгмæ.
Уый зыдта Албионы æгъдæуттæ, æмæ стыр цины бацыд йæ зæрдæ.
Рацыд мæ размæ, æмæ мын мæ къух æнкъардæй æрылхъывта…
– Цæмæ мæм фæзындтæ, хъайтарты байзæддаг, мæнмæ, æфхæрд паддзахмæ?

Арцæй хæцæг, Тан-тормод – Сон-дронлойы фæтæг, федта мæ чызджы æмæ йæ бауарзта.

Бауарзта мæ уарзон урс дæллагхъуыр Ойнæ-морул, мæ сатаджы!
Бæргæ мæм æрбацыди йæ курæг,
Фæлæ йæ аздæхтон, нæ фыдæлтæ туджджын уыдысты!
Æмæ мæм æрбабырста ныр æд æфсад тыхагур.
Ныххæлиу ис ме 'фсад, фæпырх ис.
Цæмæн мæм æрбацыд хъайтартæн сæ байзæддаг,
Мæнмæ, æфхæрд æмæ æнамонд паддзахмæ?
Æз ын уæд загътон: «Ардæм мæ мæ фыд Фингæл сабийау тохмæ дардæй кæсынмæ не 'рбарвыста, –
Фæдисы æрбацыдтæн ардæм!
Нæу дзы рох Мал-орхол, уазæгуарзаг æмæ зараг.
Фурд мæ æрбаласта ардæм,

Мæ цирхъмæ фæсидтысты ардæм –
Йæ амæттаг де знаг кæндзæн!
Тæссаг бон æмгары нæ уадзæм мах иунæгæй».
Хъæбатыр Гренмары фырт,
Дæ кард Грут-лодæйау зыланг кæны!
Мæ куывдты бæргæ бирæтæ фæбадтысты,
Фæлæ сæ æрбайрох ис уайтагъд Мал-орхол!
Цæгатмæ ныгуылæнмæ кастæн,
Стæй – хуссармæ скæсæнмæ,
Нæ уыдтой мæ цæстытæ наутæ!
Æндон ныр мæ галуаны зары,
Мæ фæндыр æгомыгæй бамыр.
Рахиз мидæмæ, хъайтарты байзæддаг,

Ӕмӕ уал байхъус Фиорведы чызджы зарӕгмӕ.
...Мидӕмӕ бахызтӕн,
Ойнӕ-морулы тӕнӕг, даргъ ӕнгуылдзтӕ фӕндыры тӕнтыл ӕрынцадысты.
Ӕнкъардӕй мын кодтой йӕ хабар…
Ныхъхъус дӕн, ӕрттиваг дзыккуты кӕсӕнау
Ӕз ме 'мгӕрттӕм кастӕн,
Йӕ цӕстытӕ дардмӕ ӕрттывтой,
Сӕ уындмӕ бӕллыдысты наутӕ
Ӕмӕ сӕ Хуыцауыл фӕдзӕхстой.

Тымбыл кодтой Тормоды уартыл знаджы 'фсӕдтӕ.
Хӕст стынг и, нымхӕццӕ сты знӕгтӕ,
Лӕбурдтон ӕдасӕй сӕ фӕтӕгмӕ.
Цыргъ цӕвӕгау карста йӕ хъама.
Ӕз баййӕфтон паддзахы тохы.
Цины куывд Фиорведы сцырен.
Тан-тормод ӕд ӕфсӕдтӕ аздӕхт.
Фӕпырх сты алырдӕм знӕгтӕ.
Мал-орхол мӕм хатыди:
«Фингылы фырт, фӕндӕгтӕ мӕ къӕсӕртӕм зоныс,
Дӕ науы дӕм бацӕуӕд рухс,
Мӕ чызг Ойнӕ-морулы рустӕй
Дӕ сахъзӕрдӕ цингӕнгӕ судзӕд».
…Чызг уатмӕ хъавгӕ ӕрбахызт,
Хуыссыдтӕн мӕ хуыссӕны тары,
Хуыссӕг мӕ нӕ ахста ӕппындӕр.
Мӕ хъустыл фыдрӕсугъд зӕл сӕмбӕлд,
Стӕй суадӕттӕм атахт мӕ сӕрты.
Уый зарыд ӕхсӕвӕн, ӕмбӕрста, суадон мӕ уд кӕй у,
Ӕмӕ кӕй ивылдзӕн зарӕджы зӕлтӕй.
…Уый чи кӕсы сау хохӕй фурдмӕ?
Ӕнккъард, фӕлӕ фидар йӕ къахдзӕф,

Йӕ цӕссыг ӕрызгъӕлд йӕ русыл,
Йӕ риу ма тыхулӕфт куы кӕны.
Мӕнмӕ уый фӕндаг дӕр куы н' ардзӕн,

Куыд систы нæ фыдæлтæ знæгтæ,
Тан-тормод, мæ сæнттæн сæ бæллиц!
Нырхæндæг æвзонг хъæлæс Тары!
Нæу саузæрдæ Гренморы сахъ фырт!
Рæсугъд чызг, дæ хæдзары баззай,
Уæздан чызг, рæсугъд Ойнæ-морул!
Дæ хъæлæс мæм уардийау хаты,
Æнамонды сагъæстæ бамбар…
Тан-тормод нæ кæсдзæн æнкъардæй…
…Сæумæцъæхты Фиорведы ныууагътон,
Йæ фыдмæ мæ чындзаджы радтон.
Хъуыста мæм æнкъардæй Мар-орхол:
Цæмæн судзы сау мæты Тормод?
Хъайтартæн сæ фæдон у уый дæр.
Уый сау хæсты артау куы судзы,
Уæ фыдæлтæ туджджынтæ фесты?
Æндæргтæ, дзæнæты фæбадынц,
Сæ зарджытæ иу фынгыл зарынц.
Ныууадзут уæ фыдæхтæ, курын,

Сæумæцъæхты уалдзыгон мигътау!
...Мæ сæрыл нæма сбадти халас,
Хъайтарæн æгъдау уыд йæ сагъæс.
Фæзын-ма мæм, Луты чызг, иу хатт,
Цы фестут, мæ уалдзæджы бонтæ!

*Дитмар Фон Айст*

## ЗАРÆГ

Нæ сусхъæдимæ абон æрттивгæ хъазы тын,
Тæмæнтæ калы Дуне, мæ риу мын судзы рын –
Æрлæууыди мæ зæрдыл мæ рагон уарзт – мæ цин,
Йæ иунæг фендыл раттин мæ царды бонтæй мин!

# АВГУСТ ФОН ПЛАТЕНЫ ПОЭМÆ «ТРИСТАН»-ÆЙ СКЪУЫДДЗАГ

Рæсугъдыл куы андзæвай дæ цæстæй,
Уæд зон – дæ разы ис мæлæт:
Æнтæфы риздзынæ æргъæвстæй,
Хæрдзæн дæ алы исдуг мæт, –
Рæсугъдыл куы андзæвай дæ цæстæй.

Йæ рыст нæ банцайдзæни уарзтæн,
Фæкалдзæн дудгæ цæфыл цæхх:
Зæгъ мын, цы мадзал ис йæ мастæн?
«Хæрзбон» рæсугъдæн тагъддæр зæгъ, –
Йæ рыст нæ банцайдзæни уарзтæн.

…Фæхъæстæ уарзты суадон маргæй,
Йæ урс дон байсысти хъызтæй.
Уыди дæ уарзт мæнгæвсон авгау,
Нæ зæрдæ не 'нцайы рыстæй, –
Фæхъæстæ уарзты суадон маргæй.

*НОЙТХАРДТ ФОН РОЙЕНТАЛЬ*

# УАЛДЗÆДЖЫ АРФÆ

*XIII æнус*

Нæ уалдзæгæй мын арфæ 'рхаста йемæ уад,
Мæ хæдзарæн йæ фарсмæ сырх дидинæг æрзад.
Нæ фæхсытыл æрттивы цъæх гауызау кæрдæг.
Цæмæ у каст, фæсивæд, æрсимæм ыл цæрдæг!

Йæ зарæг сау мæлгъ сисы: æмбал йæ зардæн нæй!
Фыр цинæй æмæ дисæй куы нал кæнын фынæй:
Цæхæртæ калы бæстæ, фæлыгъд мæ цардæй рис,
Фыдбон æмæ фыдлæгæн кæрон, бæгуыдæр, ис!

*ВАЛЬТЕР ФОН ДЕР ФЕГЕЛЬВАЙДЕ*

Фæлладæй бадтæн дурыл,
Æрттывта æрдз мæ цуры.
Мæхи цъæх нæууыл руагътон,
«Хуыцауæй бузныг» загътон,
Цæрын куыд хорз у, куыд!

Фæлæ цæрын куыд хъæуы?
Мæ зæрдæйыл æрлæууы
Æртæ хъуыддаджы – зондæй,
Сæ бакастæй, сæ кондæй
Фæйнæ хуызæттæ – иумæ фæцæйрæмудзынц риу!

Зæгъон уæдæ сæ нæмттæ:
Хæрзвидауц, мулк – хъæдгæмттæ
Ныууадзынц арæх цардыл.
Хуыцауы фарн сын дардыл,
Æрзилгæ, дары рухс!

…Æз та сæ ссардтон хъæды
Хæрисæй быд чыргъæды:
Йæ мулк, йæ фарн, йæ кадыл,
Хуыцауæй рухс бæркадыл
Мæ зæрдæ кодта цин.

Цæлхдуртæ ис сæ надыл,
Мæнгард рæсæнты бады,
Йæ уæнгты тых æлдар у, –
Æппындæр сын нæ бары.
Æхсайæггаг куыд не стæм,
Фæлæ нын Фарн у – ныфс!

*ОСВАЛЬД ФОН ВОЛЬКЕНШТЕЙН*

# МÆ ЗÆРДЫ – ХЪЫЗТ

Мæ зæрды хъызт,
Мæ иунæг, сыст:
Æврæгътыл тын, цæхæртæ калгæ, ризы.
Нырмæ нæ арв
Æмбæхста арф,
Фыдбон йæ цырвыл арв-зæххæн æнхъизы!

Æз федтон фын –
Уыдис мын зын!
Мæ иунæг, байхъус: булæмæргътæ зарынц!
У се 'взаг мæлгъ,
Сæ зардмæ æлгъ
Кæны мæ зæрдæ – сагъæстæй йæ марынц!

…Мæн ауадз уæд,
Æхсин!.. Æгъгъæд,
Хæрзбон, мæ къах мæ нал хæссы дæ разæй!
…Мæ цард – мæлæт,
Мæ монц – къæлæт,
Хæрзбон, мæ иунæг, хур æврæгътыл хъазы…

*Англисаг æвзагæй ЗОЛОЙТЫ Аркадийы тæлмац*

## КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

# ÆФСЫМÆРОН ИНГÆНЫ ЛÆППУТÆ

Раджы банцад Фыдыбæстæйы Стыр хæст йæ нæрынæй, уæддæр ма адæймаджы цæстытыл ауайынц уæды æвирхъау нывтæ. Нæ мæ рох кæны мæнæй дæр 1942 азы ноябрь. Уæд мах Хæтæлдоны цардыстæм. Мæ фыдыфсымæр Кцойты Саханджери та Дзуарыхъæуы тæккæ хъæдрæбын царди. Йæ алыварс иууылдæр Кцойтæ сты, уымæ гæсгæ сæ Кцойты сых хонынц абон дæр.

Уыцы заман Саханджери Дзуарыхъæуы колхозы бригадирæй куыста. Уыдис ын авд сываллоны, æнахъом сабитæ. Фæндыд æй хæстмæ ацæуын, фæлæ йæ хъæуыхицау фæстæдæрмæ æргъæвта. 1942 азы октябры фæстаг бон нæм æрбацыд бидаркæйæ. Мæ фыд Хадзыбатыримæ бирæ фæныхас кодтой, цæуыл, уый нæ хъуыды кæнын. Бидаркæйы бадын мондагæй балæгъстæ кодтон Саханджерийæн æмæ мæ йемæ бæхтæрæгæй акодта Дзуарыхъæумæ. Мæнæй хъалдæр ма чи уыдис! Фæлæ æз цы авирхъау нывтæ федтон, уыдон фыдфынау мæ зæрдæйæ нал цух кодтой. Фæлтау куы нæ ацыдаин…

Рæстæг уыд карз æмæ æгъатыр. Алыхуызы зæрдæхалæн хабæрттæ хъуысти хæстæй. Дыккæгæм аз ралæууыд, хæст куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ. Зæрдæ мæгуыр кодта Совинформбюройы хабæрттæй: «Знаг бырсы, мары, судзы, дæрæн кæны æнауæрдонæй, йæ размæ цæуылдæриддæр æмбæлы, уый».

Цал æмæ цал «Сау гæххæтты» ссыди зынгхуыст хæстонтæй. Уыцы аз фæззæджы хæст æрбахæццæ Кавказы хохрæбынтæм. Сырх æфсад, æхсæв уа, бон уа, æнæрынцойæ цыдысты фæстæмæ. Сæ фылдæр Дзæуджыхъæуырдæм, иннæтæ – Куырттаты коммæ. Ам хохмæ бацæуæнты арæзтой фидæрттæ. Дзуарыхъæуы алыварс къахтой акъоппытæ. Хæтæлдонæй Дзуарыхъæумæ бацауæнты скъахтой цалдæр километры дæргъæн арф уæрæх къанау немыцы танкты ныхмæ. Абон дæр ма бæрæг дары. Дзуарыхъæуы разагъды хъæбултæ фæцыдысты хæстмæ. Хъæуы ма баззадысты зæрæдтæ,

чындзытæ, сабитæ. Уыдонæй фæдисы хъæрмæ ничи бамбæхст, сабийы онг ракалдысты æмæ æххуыс кодтой Сырх æфсадæн фидæрттæ аразын куысты. Æнувыдæй куыстой семæ. Уæлдæфон фæдисы сигналтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ азæлдысты, фæлæ та-иу фашистон хæдтæхджытæ нæ сæрты афардæг сты. Æхстой пулуметтæй, згъæлдтой гранаттæ, фæстагмæ бомбæтæ дæр. Сырхæфсæддонтимæ-иу уæлдæфон фæдисы сахат акъоппыты аныгъуылдыстæм иуыылдæр. Иу бон та Дзуарыхъауы гыццыл лæппутæ бригадир Чъерджиаты Ладеимæ рацыдысты, хъæуы бын стыр фæндагæй Æрхонырдæм къахт цы акъоппытæ уыдис, уыдонмæ æрбахизæнты тулдз къудзитæ ныццæгъдынмæ. Куыддæр пыхс цæгъдыныл æрлæууыдысты, афтæ сæ сæрмæ фæзындис знаджы хæдтæхæг. Йæ фæдыл ныццагъта фæздæджы дæргъвæтин фæд æмæ азылдис фæстæмæ цæгатырдæм. Бирæ рæстæг нæ рацыдис, афтæ сæ сæрмæ, ныллæджыты тæхгæйæ, фæзындысты æртæ хæдтæхæджы, дыууæ зылды æркодтой, стæй сыл æртыккаг зылдæн æрызгъæлдтой бомбæтæ. Бæстæ æмбу ссис: лæджы хъæр, куыйты рæйын, сылгоймаджы цъæхахст.

Уыцы æвирхъау бон бомбæты схъистæй фæмардысты скъоладзаутæ Кцойты Мухадзыр æмæ Хаджысмел, Тохтиаты Махарбег, Хæдарцаты Умарбег, Чъерджиаты Эльбрус, Церекаты Толик, грекъаг лæппу Варкозиди Апостол. Сылгоймагтæй фæмард Фæрниаты Зинæ (уый сын хæринаггæнæг уыд). Бомæйы схъис ын атыдта йæ къах йæ рæбыныл. Удмидæг ма уыд, æмæ йæ къах æрбайста йæхæдæг, йæ куатæйы йæ батыхта, фæлæ йæ туг фæцыд æмæ амарди. Аст сывæллоны мад Чъерджиаты Верикка æмæ колхозон Брытъиаты Зырапп сонт мард фесты.

Уый уыд 1942 азы, 4 ноябры. Немыц цæгъдгæ æрбацыдысты Алагиры рæбынтыл. Æхстой сармадзантæй. Нæмыг-иу цы хæдзарыл æруад, уый-иу бабын. Чи фæмард, уыдонмæ нал уагътой цæуын æфсæддонтæ. Куыд дзыртой, афтæмæй тас уыди, ногæй та куы фæзыной знаджы хæдтæхджытæ æмæ та уæд иннæты дæр ныццæгъддзысты, зæгъгæ. Изæрдалынгты Кцойты Саханджери, Битъи, Кæсæбо, Хæдарцаты Бечмырзæ, чидæртæ ма дзы уыди, фæлæ сæ нал хъуыды кæнын, бричкæйы сластой мард лæппуты. Æрдиаг кодтой адæм уынгты, сæ размæ-иу кæугæ, хъарæггæнгæ хæдзæрттæй рауадысты. Иутæ мард лæппуты фæдыл ниугæ цыдысты, иннæтæ-та-иу кæугæйæ уынджы баззадысты. Тас уыди немыцæй, сæ ныфс

нал хастой дарддæр цæуын. Бричкæ мард лæппутæй кæй хæдзармæ хæстæг когда, афтæ сæ иугай истой. Фыццаг райстой Церекаты Толиччи, йæ галиу цонг уæхскимæ йæ уæлæ нал уыд, бомбæйы схъис ын æй атыдта æмæ зæххы бын сыджытимæ сæмхæццæ пырхытæй æмæ йæ нал ссардтой. Марой кодтой Церекаты кæрты сыхæгтæ. Уый фæстæ Хæдарцаты Бечмырзæйы кæртмæ раргъæвтой Умарбеджы мард. Афтæ байуæрстой сæ хæдзæрттыл Тохтиаты Махарбеджы, Чъерджиаты Эльбрусы, Кцойты Мухадзыры, Хаджысмелы мæрдтæ. Грекъаг лæппу Варкозиди Апостолы мард та раргъæвтой Кцойты Битъийы кæрты. Грекаг лæппуйæн хицау нæ уыд æмæ йæ Кцойтæ сæхимæ райстой. Хаджыстмел та Кцойты Кæсæбойы фырт уыди æмæ горæты цардысты.

Дзæуджыхъæуæй эвакуацигонд уыдысты æмæ Кæсæбо æд бинонтæ `рцардысты Кцойты Бызæтæм. Битъийы-фырт Мухадзыр куы цыди пыхс цæгъдынмæ, уæд Хаджисмел дæр йемæ фæраст, ахху-ыс уын кæнон, зæгъгæ. Кæсæбойæн уыцы сæрд фронты фæмардысты йæ хистæр лæппутæ: Елхъан – капитаны цины, Ладемыр – хистæр лейтенанты цины. Хаджысмел та йын – æртыккаг мард.

Битъийæн йæ хистæр лæппу Æхсарбег лейтенант уыд, фæмард уыцы аз Ныгуылæн фронты Украинæйы зæххыл, Мухадзыр та йын дыккаг мард. Сырх æфсады хæйттæ иугæндзонæй фæстæмæ цæуынц æмæ цæуынц. Мæрдджынты кæуынмæ-иу æфсæддонтæй иутæ кæртмæ бацыдысты æмæ-иу загътой: «Немец идет за нами, берегите себя!»

Цæй мæрддзыгой æмæ цæй æндæр, афтæ сыхæгтæ æмбырд сты æмæ æрдиагкæнгæ мæрдтæм базылдысты. Хистæн йæ кой дæр нæ кодтой, бæстæ фæдис уыди. Саханджери скъоладзау лæппутимæ æхсæвы уæрæх ингæн скъахта æмæ мæрдты: Мухадзыр, Хаджисмел, Тохтиаты Махарбег æмæ Апостолы иу ингæны æнæ чырынтæй боны цъæхтыл кæркуасанты бавæрдтой. Фæрсæй-фæрстæм сæ равæрдтой, ингæны уæлæ стъарапилы тымбыл лыггæгтæ æрæвæрдтой æмæ сыл сыджыт бакалдтой талф-тулфæй. Немыц æрбацæйхæццæ кодтой, уыдтой сæ дардмæ æмæ уæлмæрдтæй хъæдмæ балыгъдысты.

Хæст цыренæй-цырендæр кодта, сармадзаны богъ-богъ, автоматы къæр-къæр, хæдтæхджыты гуыв-гуыв, бомбæты нæрын, удисæг салдæтты хъæрзынмæ хъусынæй лæг дзæгъæлтæ кодта.

Битъиты хæдзары сармадзаны нæмгуытæй архауди дыууæ, æмæ

хæдзар бабын. Адæмæн сæ сæр сæ кой сси. Уыцы æвирхъау хабæрттæ мæхи цæстæй федтон æмæ алы хатт дæр ме уæнгты æнхъæвзынц цавæрдæр æбæрæг тыхы уылæнтæ. Иннæ мæрдтæ æндæр сыхтæй уыдысты æмæ сæ сæхи уæлмæрдты баныгæдтой уыцы `хсæв.

Хъуыды ма кæнын, цыппар лæппуйы марды иу ингæны былыл куы равæрдтой, Кцойты Кæсæбо йæ худ систа, йæ цæссыг калди, афтæмæй стыр мæстæлгъæдæй раныхас кодта:

«Быныхъæр нæ рауагътой не 'знæгтæ, нæ хуыздæртæй цæйбæрц бабын, цæйбæрц, тохы быдырты. Уый æгъгъæд нæу, фæлæ ма нын ам нæ къонайы рæбын нæ сывæллæтты ныццагътой.

Не `фсымæртæ, нæ хотæ, фидарæй уæ уырнæд, ацы ингæны лæппуты тæригъæд Хуыцау нæ ныббардзæн, нæ батайдзæн фашисттæн. Фыдлæг æмæ фыдбон бирæ нæ хæссынц, фæразынæй хуыздæр хос нын нæй ацы сахат.

Хуыцау нæ кæд бынтон сафын нæ бауадзид.

Не `знæгтæ авддæлдзæхы фæуæнт!»

Афтæ фыдохы бонтæ скодта Дзуарыхъæуы цæрджытыл. Ӕдæм Гагабарзы рагъыл тар хъæды бамбæхстысты. Уырдыгæй сæм хъæу дзæбæх зынди, уыдтой, сæ хæдфæстæ немыц бабырстой æмæ хъæу куыд ныггæныстон. Саханджери мæн Гагабарзы рагъыл хъæдбынты Хæтæлдоны коммæ ныккодта. Хъæуы цæрджытæ немыцæй ралыгъдысты хъæдмæ, æмæ уым баиу дæн нæ бинонтимæ.

Саханджери та фæстæмæ аздæхти.

***

*4 ноябрь у ацы æдзард лæппуты мæлæн бон. Хъæубæстæн та – æнустæм рухс мысинаг сæ нæмттæ.*

***КЦОЙТЫ Астемыр***

# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

## ФИДИС

Ирон лæгмæ Уæллаг йæхи æргомæй равдыста, зæгъгæ, уæд уый Уымæн дæр истытæ æнæ бафидисгæнгæ нæ уаид, æвæццæгæн. Гъемæ, – æппæт Зæххы къорийы адæмты уаг кæцæй зонын, – фæлæ фидис кæнынæй Олимпаг ерыстæ куы расидиккой, уæд дзы мах, чи зоны, æмæ фыццаг бынат æрцахсиккам…

О, ацы хатдзæг дæр та йæхæдæг фидисгæнæгау уайы ирон дзырдифтонг адæмæн…

Фæндырты, дам мæ фæцæгъддзысты, къуыппæн зарæг мыл скæндзысты, зæгъгæ-иу схъиудтой кæддæрты, кадылмард чи уыдаид, уыдон.

Ноджы ма, дам, чызджы йæ фидис мæрдты дæр нæ уадзы æнæ къæмдзæстыгæй.

Фидис æрмæст иу иннæмæн нæ кæны, фæлæ ма фидиссаджы ном сбадт æнæхъæн мыггæгтæ, хъæутæ æмæ кæмттыл дæр, стæй суанг æндæр адæмыхаттыл дæр ма – нæ сæ нымайдзынæн, алкæмæн йе 'взаджы кæрон гæппæввонгæй бадынц уыцы мæстæлгъæд ныхæстæ.

Фидисмæ афтæ рæвдз кæй стæм, уый не 'взæр миниуæгыл дзурæг, мыййаг, нæу, фæлæ нæ рæтъузæг-рæхойæг цыргъзондыл, ахъаззаджы хъомыладон мадзал кæй у, алы 'взæр митæй фæдзæхсæг, ууыл. Кæд уый тыххæй мæ хъуыды раст у, уæд…

Кæддæрты мæ, цыдæр уацмысгонд нывæндгæйæ, фидистæ бахъуыд – исты ахæм ног, мæнæн æнæзонгæ. Æмæ дын мын рухсыбадинаг Дегъуаты Соня сæ хъæуккаг фидис куы 'рхæссид – иу кæйдæр хæдзарвæндагæн дам-иу æй бадардтой сæ цæстмæ: «Сымах хомхортæ куы стут!» Ома, сæ хæринаг æххæст сфыца, уымæ-иу нæ банхъæлмæ кастысты…

Зилгæйы нæ сыхæгтæй иу хæдзар та «бæдулхортæ» хуыдтой – сæ фыд сæ уарзта: æд стæг, дам, бæззынц хæрынмæ… Мæ фыдымад Хъæстион Хъызмыдæйы (Гуымыдæ) фæсномыгæй сыхбæстæ Æнкывыды хуыдтой (ома НКВД), йæ фидистæ æмæ йын йæ цæуаг æлгъыстытæй кæй тарстысты, уый тыххæй.

Хæсты хæдфæстæ хицауад иу цъаммар хотых æрхъуыды кодтой: зæгъæм, ме 'рыгон фыдыхо-иу колхозы лæварæмхасæнты куыстæй алы 'фсæнтты йæхи æмбæхста.

Æмæ дын нæм, иу сæрдыгон бон куы уыдис, уæд дыууæ лæджы æд белтæ 'рбацыдысты æмæ нын нæ картоф фæйлауынц – бæлоны æйчыты йас уыд йæ къуыртт губаччы. Фыддæрадæн, уæ чызг Кæлимæтæн, дам, иу трудодень-фæллойбон дæр нæй колхозы, зæгъгæ.

Гуымыдæ-Дыдта сæм мæн – иу авд, аст азы мыл цыдаид, æмæ мæ кæстæр хойы ракодта æмæ сæ фæрсы:

– Уе 'мгар, адоны фыд, хæстæй кæй нæ сыздæхт, уый уæ рох у? Йæ хъæбулты йын сымах сыдæй маринаг стут?!

Ницы дзурынц. Сæ куыст хъазуатонæй кæнынц, æцæг – сæркъул-сæргуыбырæй. Уæд дын сын сæ иуæн Дыдта афтæ:

– Æмæ ды та, Хъулон Бæхы фыртыфырт, де 'лгъыстаджы трутдентæ нæ цъæх картоф фæйлаугæйæ бакусинаг дæ, уый срæгъæдмæ дæ цотæй мачиуал аирвæза!

Уый дын йæ бел иуварс ныззыввытт ласта æмæ дæлæ фæцæуы. Иннæ дæр йæ фæдыл фæраст.

Æз фæрсын мæ фыдымады:

– Дыдта, уый та циу: Хъулон Бæхы фырт?

– Йæ фыдыфыды мад чызгæй кæмæйдæр банхъæлцау, æмæ йæ фæрсынц, чи дын уыди, зæгъгæ, æмæ, дам æй нæ зонын, хъулон бæхыл бадти…

Фидис уырыссагау цыдæр лæмæгъ дзырд уайы: укоризна… колоть глаза. Уый дын æмæ нæхи хохбæстаг – исын та дзы Гуытъиаты Хъазыбеджы чиныгæй:

***– Йæхæдæг фидиссаг чи у, уый фидисмæ 'мхиц у.*** Ома, фидисмæ фæразæй вæййы.

***– Фидисæй æвзæр йæ мæстытæ уадзы.***

***– Фидис карды цæфæй риссагдæр у.***

***– Адон Быцентау кæрзмастысты: фидисæй рынчын кæнынц, уайдзæфæй – мæлгæ.***

Фæлæ-иу æцæгдæр афтæ хъуамæ уаид:

***– Хорз æфхæрд зонд дæтты.***

Стæй дын мæнæ ай та ахъаззаджы арфæ:

***– Æвал-æвидисæй баззай!..***

Стæй, æвидис нæ ничи у, зæгъгæ, уæд та нæм дзырдæн баззад:

***Сæтти Бæттийыл худти, Бæтти та – Сæттийыл.*** Фæлæ уæддæр æнæдиссаг не сты, къæмджынæй æнæбасæттонтæ чи у, уыдон:

***– Хæдмæлхор хомхорыл худти… Зулкъ æлгъæй марди…***

***Бæхты хъæрмæ, дам, хæрæг куыд срог уа, уыйау.***

Уырыс дæр хорз фæцарæхсынц зонд амонынмæ:

***– С кем поведешься, от того и наберешься.***

Æмæ та йæ нæхи ирон дæр комкоммæ зæгъы:

***– Дæ бæхы хæрæджы фарсмæ ма бабæтт, æмæ дын хæрæджы 'гъдæуттæ ма райса.***

Ивгъуыд замантæй нæм æрцæугæ сты, раст нæм историон æвдисæндартау æрхæццæ сты къордæй, зæгъæм:

***– Бадтæй Бадилаты фæзмы, цыдæй – Тæгиаты.***

Цы хорз сюжетгонд ис ацы таурæгъгондæн та, цы! Кæуылты æнхъæвзы йæ худгæбылæй загъд зонд! Лæмбынæгæй ма йæ бакæсæм:

***Уæрыкк æмæ, дам, сæныкк доны был цъæх кæрдæгыл хызтысты. Уæд иу афон уæрыкк чи у, уый чысыл къабазы сæрты сакъадахмæ батæррæст-багæпп ласта: æнæхæрд ранмæ йæ зæрдæ бахъазыд…***

***Сæныкк фыр худæгæй гуыбынхæлдтæ, артæныскъуыдтæ кæны. Уæрыкк æй фæрсы:***

***– Цæуыл бацирк дæ, цы мæлыс худæгæй?***

***– Гæпгæнгæйæ дæ дымæг фæхъил, æмæ дæ худинаг разынд…***

***– Æмæ дæуæн æппынæдзух куы у гом!***

Уæдæ, уæдæ, дзæгъæлы нæ уыд мæ фыдыхо Чабæхан дæр афтæ дзураг:

***– Æз сæгъы фæстагау æргомдзырд дæн.***

Уæвгæ та, кæд зæрдæйы сындз у æмæ 'фсарм рæхойæг вæййы, уæддæр, дам, ***фидисæй ничи мæлы.***

Мæнæ мæн та дисы иу хъуыддаг бафтауы: советон дуджы иу æмбисонд цæуылнæ рантыст дунемæ раздæронтау цæрæццагæй?! Æви дзы ис уæд та ма иу?..

*ЕГАР*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ

(17.09.1947)

*Черчесты Хъайтыхъойы фырт Хъасболат райгуырд 1947 азы 17 сентябры Ставд-Дурты хъæуы. Астæуккаг скъолайы фæстæ 1976 азы каст фæцис Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет æмæ 32 азы бæрц фæкуыста газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы, стæй пенсийы ацыд.*

*Æвзонджы бонтæй фæстæмæ ’ргомыздæхт фæци литературон сфæлдыстадмæ. Йæ фыццаг уацмыстæ фæзындысты Кировы районы газет «Размæ»-йы.*

*Фыссы новеллæтæ, радзырдтæ, уацаутæ. Цалдæр цыбыр радзырды йын уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй рацыдысты ростоваг журнал «Дон»-ы.*

*Хъасболат у Уæрæсейы журналистты, стæй Фысджыты цæдисты уæнг. Джиппы йын рацыд цалдæр чиныджы, уыдонимæ – «Мæлæтæй тыхджындæр» æмæ «Хурамонд».*

*Чингуыты рауагъдад «Ир» ын мыхуырмæ цæттæ кæны йæ ног уацмысты æмбырдгонд.*

*Æнтысæд ма йын!*

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат*

## МÆ ХÆСТОН ÆФСЫМÆР

...Уæд æз нæма æмбæрстон, цæмæн уыдысты адæм æнкъард, сагъæсхуыз. Кæдæм фæцыдысты нæ хъæуы лæгтæ... Кæдæм фæцыдысты мæ хистæр æфсымæр æмæ мæ фыд... Не ’мбæрстон, чи æрхъуыды кодта хæст, цæмæн змæлыди зæхх...

Уазал æхсæвтæй, æххормаг бонтæй зæрдæ мæгуыр кодта. Алчи бæллыди хæсты фæудмæ, йæ бæлццоны ссыдмæ. Æз та гомгæрццæй мæ уисын бæхыл ратæх-батæх кодтон. Нæма мæм хъардта адæмы рис, сæ зæрдæты мæт. Сармадзанты æмыр гæрæхтæ, бомбæты срæмыгъдтæ мæм арвы нæрдау кастысты...

Ærмæст тынг тæригъæд кодтон мæ мад Дзыццайæн. Дис кодтон, кæцæй йæм æвзæрынц уыйбæрц цæссыгтæ? Кæд басур уыдзысты йæ фæлурс рустæ?.. Кæд райхæлдзысты йæ ныхы арф æнцъылдтæ?..

Фæлæ иубон хур фыр цинæй зæххыл атылд. Уæлдæф байдзаг цины хъæлæстæй:

– Хæст фæцис!

Уал азы дæргъы цы фæндыр фæулæфыд, уый фыр цагъдæй йæ тæнтæ фæйнæрдæм скъуыдта. Уæлахиздзауты кафтæй зæхх æнкъуысыд...

...Здæхтысты фæллад хæстонтæ хъæумæ. Уæззау цæфтимæ, фæлмæст цæсгæмттимæ. Мах, хъæуы сабитæ, сæ размæ згъордтам. Хастам сын дидинджытæ, згъордтам хæдзæрттæм хæрзæггурæггаг. Хæлæггæнгæ-иу сын кастыстæм сæ хæстон дарæсмæ, се ’рттиваг стъалытæм.

Арæх-иу фарстон мæ мады:

– Дзыцца, махмæ та, сырх стъалы йæ худыл кæмæн уа, ахæм салдат кæд ссæудзæн?.. Уартæ Æхсартæм æмæ Махарбегтæм ахæм салдæттæ куы ссыдис.

– Махмæ дæр тагъд ссæудзысты ахæм салдæттæ, тагъд... Ма тыхс, дæ баба æмæ дын дæ хистæр æфсымæр бирæ стъалытæ схæсдзысты. – Ризгæ хъæлæсæй-иу дзырдта мæ мад.

Иубон та ме ’мбал сабитимæ хъæугæрон цъæх нæууыл хъазыдыстæм. Æртыдтам алыхуызон дидинджытæ æмæ, кæл-кæлæй худгæйæ, кæрæдзи расур-басур кодтам. Кæсæм, æмæ дын хъæуы ’рдæм иу æфсæддон æрбацæуы. Мах нæ хъазын фæуагътам æмæ азгъордтам йæ размæ. Фæлæ æвиппайды сагъдауæй аззадыстæм. Фæтарстыстæм хæстонæй. Йæ цæсгом уыдис арф ностæ, сыгъдвæд. Сæрыхъуынтæ – халас, рахиз дыс афтид. Куы нæм бахудти, уæд дзы ноджы тынгдæр фæтарстыстæм. Æз æнæнхъæлæджы бæлццонмæ комкоммæ скастæн.

– Кæй лæппутæ стут? – фæсус хъæлæсæй сдзырдта æфсæддон. Нæхи йын бацамыдтам. Æз ын куы загътон мæ мыггаг æмæ мæ ном, уæд йæ салдаты хызын йæ къухæй æрхауд. Комкоммæ мæм нымдзаст. Æрбахъæбыс мæ кодта йæ галиу къухæй æмæ ризгæ хъæлæсæй дзырдта:

– Мæ гыццыл æфсымæр... Ме ‘нæзонгæ æфсымæр... Æз дæ авдæны куы ныууагътон, уæд цæййас лæг сдæ, цæййас...

...Цæуæм соса фæндагыл дыууæйæ. Хъæумæ, нæ фыды уæзæгмæ. Æз ме ’фсымæры дæрзæг къухыл хæцын, афтæмæй цæуын йæ фарсмæ. Нæ йæм уæндын дзурын, йæ сыгъд цæсгом мын цавæрдæр тас уадзы мæ

зæрдæйы. Фæлæ йын тынг хæлæг кодтон йе стъалымæ, йæ пъагæттæм.

Æхсызгон мын уыд, ныр мæнæн дæр кæй уыдзæн æфсымæр. Мæ цæстытыл уад, куыд цин кæндзæнис дзыцца, уый.

Ницы дзуры ме 'фсымæр. Нæ йæ уæндын истæмæй бафæрсын æз дæр. Фæлæ иу заман мæхи фæхъæбатыр кодтон. Кæд дзы тынг тарстæн, уæддæр ын скастæн йæ сыгъд цæсгоммæ. Уымæн ставд цæссыгтæ йæ фæздæгхуыз рустыл лæсæнтæ кодтой, афтæмæй кастис хъæуы 'рдæм. Æз ын фæтæригъæд кодтон. Æмæ йæ уæддæр бафарстон:

– Хæсты тынг тæссаг вæййы?

– Тынг, ме 'фсымæр, тынг.

– Алкæмæн дæр дзы фæдæттынц ахæм цæхæркалгæ стъалытæ?

– Алкæмæн дæр.

– Дæуыл чи ис, уыдонæй дæр алкæмæн лæвæрдтой?..

– Алкæмæн нæ. Хъæбатыр чи уыд, æрмæстдæр уыдонæн.

– Æмæ ды дæр хъæбатыр дæ?

– Мæнæй дзы хъæбатырдæртæ бирæ уыд.

– Искуы ма цæудзынæ хæстмæ?

– Нал. Никуы ничиуал цæудзæн хæстмæ.

– Цы хорз у, науæд-иу алы бон дæр дзыцца кæугæ кодта. Хæргæ дæр-иу нывыл нал кодта, хæргæ...

Уæдмæ бахæццæ стæм нæ хæдзармæ. Дзыцца йæ изæры куыстытæ кодта. Мах куы ауыдта, уæд афæлурс, сагъдауæй аззад, йæ раздарæны кæронæй йæ цæстытæ амбæрзта æмæ ныккуыдта. Ныдздзой-дзой кодта. Фæцæйхауд, фæлæ йæм ме 'фсымæр фæцарæхст, йæ иу къухæй йæ тута бæласы бын бандоныл æрбадын кодта. Фемæхстысты дзыццайы судзгæ цæссыгтæ. Нал æмæ нал æнцад йæ кæуынæй.

Æрæджиау уынгæг хъæлæсæй сдзырдта:

– О, мæ сæры хицау, иунæгæй цæмæн ссыдтæ, иунæгæй? Куыд нæ мын бахъахъхъæдтай мæ хъæбулы?.. Æз æй дæуыл куы бафæдзæхстон, дæуыл...

– Дзыцца!.. Дзыцца!.. Уый æз дæн, æз!.. Дæ хъæбул. Бабайы фæстæ цæуын кæй нæ уагътай, фæлæ йæхи фæнд чи атардта, уыцы лæппу, – дзырдта ризгæ хъæлæсæй ме 'фсымæр. –Иу сармадзантæй æхсæг æфсады уыдыстæм бабаимæ. Иухатт нæ къорд æрхъулайы бахауд. Нал нæм уыд хæцæн æрмæг, фесты нæмгуытæ. Мах цалдæрæй нæ раздзог арвыста нæмгуытæ ласын мæ. Шофырæй та нын нысангонд уыд мæ фыд. Бахæццæ стæм нæ амынд бынатмæ. Сæвгæдтам нæмгуытæ, халæн æрмæг. Фæлæ, фæстæмæ куы рацæйцыдыстæм, уæд нæ бафиппайдтой

фашистты хæдтæхджытæ. Ихуарæгау ныл нызгъæлдтой бомбæтæ. Бæстæ фæздæг æмæ мигъ сси.

– Ныртæккæ ивуылдæр машинæйæ агæппытæ кæнут! –райхъуыст мæ фыды фæсус хъæлæс. Фæлæ йын ничи байхъуыста йæ бардзырдмæ. Райхъуыст иу срæмыгъд. Дыккаг... Æртыккаг... Ницуал бамбæрстон. Цæстытæ атартæ сты, уæнгтæ ампылдысты. Нал базыдтон, тæхгæтæхын мæ баба зæхмæ куыд фесхуыста, уый дæр. Ме ’муд æрцыдтæн госпитæлы. Уым фехъуыстон бабайы æнамонд хабар дæр. Бирæ цæссыг, бирæ уæззау æхсæвтæ арвыстон. Нал уыдысты фервæзын æнхъæл мæнæн дæр. Басыгътæн. Мæ цæсгом нал уыди цæсгомы хуызæн. Хирургтæ мæ уагътой туг, архайдтой ууыл, цæмæй ма бахуыскъ уой цæсгомы нуæрттæ, ма банцайа зæрдæ йæ куыстæй. Мæ риуы дзыппæй мын систой мæ фыды къам. Бафарстой мæ:

– Уый дæ къам у? – Æз тыхамæлттæй байгом кодтон мæ цæстытæ. Кæсын æдзынæгæй мæ фыды къаммæ.

Æмæ сдзырдтон:

– О, уый мæ къам у.

Тынг мæ фæндыди мæ фыды хуызæн хъæбатыр уæвын. Æхсæвæйбонæй дохтыртæ лæууыдысты мæ уæлхъус. Архайдтой, цæмæй мæ цæсгом суа цæсгомы хуызæн, чысыл æнгæстæ фæуа къамимæ...

...Дзыцца ныл йæ фæлмæн къухтæ ныттыхта:

– Мæ хъæбултæ!.. Мæ хъæбултæ!.. – æнæсцухæй фæзмыдтой йæ ризгæ былтæ.

Æз уæд фыццаг хатт банкъардтон мады хъарм хъæбыс, æфсымæры зæрдæйы уарзт...

## ХЪÆБУЛЫ УАРЗТ

*Новеллæ*

Мадæн амард йæ иунæг хъæбул. Фæмард ын фæндаггон бæллæхы. Кæугæ ’мæ дзыназгæ ахастой судзаггаг зиан.

Хæрнæджы хистæр фæстаг рæгъ рауагъта. Мæрддзыгой адæм зианджын бинонты бафæдзæхстой Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл. Алчидæр сæ бацагуырдта йæ хæдзар. Саударæг ныййарæг мад аззад иунæгæй. Афтид кæрты тута бæласы бын даргъ бандоныл йæхи фæлмæстæй æруагъта.

...Ӕризæр. Арвыл фæзындысты фыццаг стъалытæ. Мæрдты хур – дыдзы хур зианджынты хæдзары ’рдæм ныдджих. Кæрты дуары хъæр фæцыд. Уый хизæнуатæй æрцыд саударæг усæн йæ иунæг хъуг. Ӕрзылд кæрты къуымты. Нæ тагъд кæны скъæтмæ. Комкоммæ бацыд, абон ацы судзаггаг зианæн гал кæм аргæвстой, уыцы бынатмæ. Туджы тæфмæ гæсгæ хъуг базыдта, хистæн ын кæй аргæвстой, хизæнуатæй-иу фæсизæрты тъæбæрттæй цы цæрдæг хъулон родмæ згъордта, фæстæдæр стыр гал чи ссис, уый. Йе стыр хъоппæг цæстытæ разылдысты доны. Арф ныуулæфы. Ныууынæргъы. Раззаг къæхтæй радыгай ныххойы тугвæды бынат.

Саударæг ус йæ хъугмæ кæсы æнкъардæй. Ницы йæм сдзурын у йæ бон. Дзурын æй нæ уадзынц йæ судзгæ цæссыгтæ. Уæдæй нырмæ сæм æдзынæгæй цы мæрдты хур каст, уый дæр ныр сабыргай йæхи айста æмæ хохы фæтæн уæхсчыты фæстæ æрныгъуылд. Бæрзонд арвæй разынд мæй. Ӕнкъард цæстытæй йæм кæсы рыстзæрдæ мад. Йе стыр дондзаст хъоппæг цæстытæй мæймæ нымдзаст хъуг дæр. Хъугмæ афтæ каст, цыма уый мæй нæ уыд, фæлæ йæм бæрзонд арвæй разынд йæ роды сурæт... Ӕмæ мæймæ дыууæйæ дæр кастысты... Кастысты...

## МАД

Ах, мæ мад, мæ мад!.. Цал хатты-иу ахаудтæн ацы зæххыл, цал... Кæддæриддæр-иу мæ систай. Фæлæ мын ныр ды иунæг хатт æрхаудтæ, æмæ дæу сисын куы нæ бацис мæ бон...

## ФЫД

Фыд, дам, кæддæриддæр йæ фыртæн ныххатыр кæны. Ныххатыр кæн, о мæ фыд, мæнæн дæр!.. Дæ бирæ писмотæн дын кæй никуы радтон дзуапп, дæ хæстон æмгæрттæн кæй нæ кастæ мæ уац...

...Фæндыдис-иу мæ. Тынг мæ-иу фæндыдис бирæ хабæрттæ ныффыссын дæумæ. Фæлæ цыппараздзыд лæппуйæн кæд нæ вæййынц дамгъæтæ «тæргайгопп». Нæ кастысты коммæ æппындæр. Иу дамгъæ дзы иннæуыл кодта былысчъил. Ӕмæ-иу уæд мæ цæссыг куы фемæхстис фыр мæстæй...

...Ныр бæргæ базыдтон, о, мæ фыд, фыссын. Дамгъæтæ дæр мын нал сты æгоммæгæс.

Ӕрмæст æй нæ зонын, кæдæм дæм ныффыссон, уый.

Дæ фæстаг адрис дæр куы фенæбæрæг...

# ÆМБАЛЫ СÆРАППОНД

Амбулаторийы дуаргæрон лæууыд, иу-дæс æмæ ссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппулæг æмæ урсхалатджын чызгæн дзырдта:

– Илитæ, уæдæ, зæгъыс, нал аивдзынæ дæ фæнд?.. Ахъуыды кæн… Хасан нал раздæхдзæн. Ды та нырма æрыгон дæ…

Илитæ исдуг фæсагъæссаг, стæй загъта:

– Бахатыр кæн…Æз нал аивдзынæн мæ фæнд. Æрдз лæгæн дыууæ зæрдæйы нæ саккаг кодта…

Лæппулæг арф ныулæфыд, иу ныхас дæр нал схауд йæ дзыхæй. «Жигули»-йы абадт, дуар бахгæдта æмæ цæхгæрмæ уынджы фæауугон.

Медицинон институты фæстæ Илитæйы хъæумæ дохтырæй куы æрвыстой, уæд кæйдæртау нæ бахъынцым кодта. Къамисы уæнгтæн цыбырæй загъта, разы дæн, зæгъгæ.

Илитæ йæ кусæн уатмæ бацыд. Æрæнкъард. Кæсы, стъолыл авджы бын цы лæппуйы къам уыд, уымæ. Худтысты йæм дзы Хасаны цардбæллон цæстытæ. Цыма йын афтæ зæгъынмæ хъавыд:

– Илитæ! Ма тыхсын кæн дæхи. Дохтырæн хъуамæ фидар зæрдæ уа, быхсон.

Æрбауынгæг йæ зæрдæ. Ризгæ къухтæй амбæрзта къам æмæ хæкъуырццæй ныккуыдта.

Илитæйы фыццаг бонтæй фæстæмæ йæхи адæмæн уарзын кодта: суанг-иу æнафонтæм дæр бафæстиат йæ куысты. Уæвгæ, дохтырæн та нымад сахæттæм гæсгæ кæд уыдис йæ куыст?.

Иуизæр Илитæйы бахъуыд чысыл раздæр ацæуын: уыд йæ гуырæн бон. Тындзгæйæ уад сæхимæ. Уым æм дзаг фынджы уæлхъус æнхъæлмæ кастысты йе 'мбæлттæ, хæстæджытæ, сыхæгтæ. Фæлæ хæдзары дуарæй нæма бахызт, афтæ йæ хъустыл ауад сылгоймаджы тарст ныхас:

– Æз дæ мад, дæ фыды уазæг, мæ иунæг хъæбул сæфы!...

Мидæмæ дæр нал бацыд, афтæмæй усимæ фæраст. Фæндагыл ын ныфсытæ æвæрдта:

– Тыхсгæ ма кæн, ныртæккæ йын исты хос кæндзыстæм…

Сынтæджы уæлгоммæ хуыссыди хæрз æрыгон лæппу, хъæрзыд. Хъæццулы уæлæ йæ фæлурс къухтæ æнæбон æппæрст. Йæ бæрзонд ныхæй хиды фæрдгуытæ æрттывтой… Хус, скъуыдтæ былты 'хсæнæй хъуыст йæ фæсус хъæлæс:

– Æна! Дон!... Дон!.. Судзын!...

Илитæ рынчынæн йæ тæвд сбарста, байхъуыста йæм. Æвæстиатæй йын цалдæр уколы скодта. Рафыста йын хостæ. Суанг кæркуасæнтæм фæцис йæ уæлхъус. Лæппуйы уавæр куы фæхуыздæр, уæд мадæн «хæрзæхсæв» зæгъта.

…Цæуы Илитæ иунæгæй. Хъæу у сабыр, æдзæм. Мæй рухс кæны дунетæ æмæ йæ фæндаг. Стъалытæ сæ цæстытæ фæныкъул-фæныкъул кæнынц. Чызджы хъуыдытæ сты лæппуйыл: «Æрыгонæй ахæм æвирхъау низы дзæмбытæм бахау… Нæ, исты хуызы йæ фервæзын кæнын хъæуы. Фæлæ куыдæй? Ахæм низы ныхмæ нырма дохтырты бон куы ницы у… Афтæмæй йын цы диссаджы хъуыдыдзаст цæстытæ ис. Æвгъау… Тынг æвгъау сты уыдон бацъындæн… Цымæ йæм афтæ æдзынæгæй та цæмæн ныккаст?.. Цæмæй йæ бафæрсынмæ хъавыд? Цы йæ зæгъын фæндыд?..»

Илитæ рох нæ уагъта Хасаны. Уый-иу æм фæлмæн бахудт йæ мидбылты, арф-иу ныуулæфыд, дзургæ та-иу ницы кодта.

Куы фæхуртæ кодта, уæд Хасанæн дзæвгар фенцондæр. Ноджы ма лæдзджыты ‘нцæйтты уынгмæ куы рахызт, сæууон уæлдæфæй йæ риуы дзаг куы сулæфыд, уæд йæ цæсгомыл цины уылæнтæ апырх сты, æмæ йæ мады цинæн дæр кæрон нал уыди… Чи-иу ыл амбæлдис, уыдонæн æхсызгонæй дзырдта:

– Мæ иунæджы мын Илитæ раст мæрдтæй цыма раздæхта…

Хасан йæ мад Госæмаимæ кæм цард, уым сæ тæккæ рæзты гуылфгæнгæ згъордта Æрæфы дон. Хасан-иу йемæ гитарæ ахаста æмæ-иу, доны уылæнтæн хъырнгæйæ, зарыд:

*Æвæдза, цæй амондджын стут, цæй…*
*Денджызмæ йæ фæндаг кæмæн у, гъей!..*

Иухатт æй афтæмæй баййæфта Илитæ. Фæхъуыста йæм. Уалынмæ Хасаны хуыфын ссыд. Гитарæ йæ къухтæй æрхауд. Риуыл дыууæ къухæй ныххæцыд æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныххуыфыд. Стæй ауыдта Илитæйы. Йæ лæдзджыты æнцæйтты роггомау фестад.

– Илитæ, кæцæй фæдæ ?...

Ноджы ма йын цыдæртæ зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæ зæрдæ æнахуыр дзæхст-дзæхст скодта.

Хасаны иуæй уырныдта, иннæмæй нæ, Илитæимæ се ‘хсæн æцæгæй кæй фæзынд цавæрдæр уæлион тых æмæ сæ бонæй-бонмæ хæстæгдæр, кæрæдзийæн зынаргъæй-зынаргъдæр кæй кæны. Уарзты тых ма уæд?..

Æмæ уæд… Гъемæ, тæригъæд кодта Илитæйæн, дзырдта-иу йæхицæн:

– Цæмæн фенамонд уа мæн азарæй ахæм чызг?..

Адæймаджы бон бирæ хъуыддæгтæ бакæнын у, фæлæ зæрдæйы фæнд аивын, уарзты тых æрмынæг кæнын та… Зæрдæйы фæнд арвы нæрдау у. Нæй йын бауромæн. Æндон рæхыстæ дæр базгъæлæнтæ кæндзæн.

…Хъæуыл апырх чындзхасты хабар. Госæмайы кæртæй райхъуыст уæнгтæроггæнæг, зæрдæ цардбæллонгæнæг фæндыры цагъд.

Хиуæттæ, сыхбæстæ, хъæубæстæ сæм дзаг хуынтимæ цæуынц æмæ цæуынц. Суанг æнафонтæм нæ банцад фæсивæды зард, фæндыры цагъд. Зæрдиаг арфæтæ кодтой дыууæ цардæнхъæлцауæн.

Госæмайы зæрдæмæ ныккасти хуры цæст. Ныхы 'нцъылттæ райхæлдысты, цæсгом фæрухсдæр. Йæ лæппуйы цинæй, йæ дохтыр чындзы уындæй ферыгондæр. Хъæлдзæг дардта Хасан дæр йæхи.

Фæззыгон къæвдатæ та сарæх сты, æмæ та лæппу æрсад. Фæлæ йæхи уæддæр Илитæ æмæ Госæмайы раз хъæлдзæгæй дардта. Сæ ныхæстæ, сæ зæрдæхсайгæ фæрстытæ-иу сын хъазыны 'рдæмаздæхта.

Хасан æй бамбæрста: абон йæ фæстаг æхсæв у… Илитæ, катайгæнгæ, хостæ æвзары, афтæмæй йæ цæссыгтæ згъорынц. Йæ хъустæ Хасаны ныхæстæ тыхамæлттæй ахсынц:

– Ныххатыр мын кæн, Илитæ…

Фæззыгон арв кæуы, адæм æнкъардæй цæуынц Госæмайы кæртмæ. Илитæ æмæ Госæмайы кæуынæй зæрдæтæ хæлынц.

Илитæ нæ ацыд йæ цæгатмæ. Госæмайæн загъта:

– Амæйразмæ ме ‘фсин уыдтæ, ныр та ма мын мад дæр уыдзынæ.

…Иуизæр сæ дуармæ æрлæууыди рог хæдтулгæ. Йæ рудзынгæй сæм каст Хасаны ‘мгар лæппулæг. Фæрсы сæ:

– Бахатыр кæнут… Хасан ам нæ цæры?

Мад æмæ чындз кæрæдзимæ фæрсæгау кæсынц.

– Фæрæдыдтæн, мыййаг?.. – ногæй та афарста уазæг. Фæлæ мады сау дарæсы æмæ йын йæ рустыл цæссыгтæ куы ауыдта, уæд фæкуыддæрау. Стæй йæ къухтæй йæ цæсгом амбæрзта æмæ скуыдта.

– Хасан!.. Хасан!..

Уазæг æрæджиау æрсабыр, бацамыдта йæхи. Ризгæ хъæлæсæй райдыдта дзурын:

– Хасанимæ иумæ службæ кодтам. Бирæ йæ уарзтам. Нодджы зынаргъдæр та мæнæн сси… Мæ ирвæзынгæнæг басгуыхт…

Цæвиттон, нæ нау иуцасдæр сакъадахы былгæрон лæууыд. Æз уыдтæн æхсæвгæс. Фæлæ мигъы адзæгъæл дæн. Æхсæвы уазал уæнгты хызт. Мит фæлдзæгъдæн хаста. Иузаман ихджын доны ныххаудтæн. Мæ бон раленк кæнын нал уыд. Фæлæ дын мæ уæлхъус февзæрди Хасан. Раласта мæ сурмæ, йæ уæлæ хъарм дзаумайæ цыдæриддæр уыд, уыдоны мæ стыхта. Раккой мæ кодта, æмæ мæ цалдæр километры фæхаста. Æрыхъал дæн госпитæлы. Мæхимæ куы 'рцыдтæн, уæд мын загътой, Хасан дæр, дам, рынчындонмæ бахауд. Йæ рæуджытæй…

Госæма æмæ Илитæ цавддуртау лæууыдысты. Нырма ныр бамбæрстой, Хасан йæ низы ахæсты куыдæй бахаудис, уый…

Госæма æмæ та Илитæ кæрæдзимæ бакастысты, мидæмæ нæм саккаг кæн, зæгъгæ, йæм æрхатыдысты. Æмæ хæдтулгæйы дуар куы байгом, уæд хорзау нал фесты: уазæгæн йæ къæхтæ уæрджытæй дæлæмæ йæхи нæ уыдысты…

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **14 январы 30 азы** сæххæст, аив-литературон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф»-ы фыццаг номыр рухс куы федта, ууыл.

► **28-æм январы** нæ Республикæйы национ наукон чиныгдоны Ирыстоны интеллигенци кадджын уавæры сбæрæг кодтой Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат Ходы Хазбийы фырт Камалы 80 азы юбилей.

Уыцы бон ма уыд УФ-йы Журналистты цæдисы цæгатирыстойнаг хайады дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырд. Фæстæмæ Цæдисы сæргълæууæгæй равзæрстой Хъуысаты Тимуры.

► **28-æм январы** Ирон театр уыд Туаты Дауыты пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Пæсæйы фæндон»-ы премьерæ. Режиссер – Цæриаты Валери, нывгæнæг – Уалыты Ларисæ. Комеди фыццаг хатт сценæйы фæзынд 1944 азы. Мысырханы ролы дзы уæд хъазыд Хъæрджынты Варварæ. Пьесæ театрдзаутæн ахæм уарзон разынд, æмæ 30 азы бæрц репертуарæй нæ фæцух.

Ног спектаклы Пæсæйы ролы ахъазыд курдиатджын æрыгон артисткæ Дзытиаты Алинæ, Мысырханы фæлгонц сарæзтой Тыджыты Анжелæ æмæ Хамыхъоты Фатимæ.

► **3-æм февралы** Ирыстонмæ стахт зындгонд уырыссаг фыссæг, æхсæнадон архайæг Захар Прилепин. Уый фембæлд сфæлдыстадон куысты минæвæрттимæ, байгом кодта æппæт дунейыл дæр зындгонд фыссæг Гæздæнты Гайтойы мемориалон фæйнæг йæ фыдæлты хæдзары къулыл Дзæуджыхъæуы. Республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеславимæ фембæлды рæстæг Захар куыд загъта, афтæмæй Ирыстоны йæ зæрды ис саразын Гайтойы номыл сæрмагонд фестиваль.

* * *

*Шеф-редактор* Н.С. ДЖУСОЕВА
*Переводчик* А.В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А.К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М.Т. БАГАЕВ
*Специалист по информационным ресурсам* А.А. ГАБИСОВ

---

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

---

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

---

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;*
*редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

---

Подписано к печати 15.02.2021 г. Формат издания 60x90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз. Заказ № ____. Цена свободная. Выход из печати 26 февраля 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



***ИКЪАТЫ Владимир***

## ИУ ИРЫСТОН ИС ЗÆХХЫЛ

*Æз нæ дихтæ кæнын Иры, –*
*Иу Ирыстон уыд сæрæй.*
*Цал нæмыджы уа æфсирыл, –*
*Уал æфсиры зæгъæн нæй.*

*Ир дæр иу æфсир у, иу бын, –*
*Хуссар уа æви Цæгат.*
*Ирæн – иу цин æмæ иу зын.*
*Ирæн – иу къонайы арт.*

*Ирæн Хуримæ ис барæн, –*
*Хурау дардыл пырх – йæ хъарм!*
*Хуссар уа æви Цæгатæн –*
*Иу уд, иу зæрдæйы фарн...*

*Гуфтайы хид. ГАССИТЫ Михал*




Индекс 73247
12+